**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BILIM MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

**SOCIALLIQ PA’NLER KAFEDRASI**

Tariyx-huqıq fakultetinin’ 4-kurs studenti Gayıpbaev Nurlannın’ pitkeriw qa’nigelik jumısı

# Ja’miyettin’ turaqlı rawajlanıwının’ qa’driyatlıq tiykarları

Ilimiy basshı ____________________________ f.i.d.A.K.Berdimuratova

qolı

Kafedra baslıg’ı ____________________________ f.i.d.A.K.Berdimuratova

qolı

**No’kis -2014**

# JOBASI:

Kirisiw…………………………………………………………………

I Bap. Ja’miyettin’ rawajlanıwının’ civilizaciyalıq strategiyası

§ 1. Civilizaciyalıq rawajlanıwdın’ qa’driyatlıq determinaciyası

§2. Civilizaciyalıq rawajlanıwdın’ zamanago’y strategiyasının’ aksiologiyalıq tiykarları

II bap. Ja’miyettin’ turaqlı rawajlanıwın izertlewdin’ filosofiyalıq tiykarları

§1. Ja’miyettin’ turaqlı rawajlanıw koncepsiyasın refleksivlik-qa’driyatlıq analizlew o’zgesheligi

§ 2. 2. Ekologiyalıq etika ha’m turaqlı rawajlanıw

§3. Turaqlı rawajlanıw civilizaciyalıq imperativ sıpatında

§ 4. Turaqlı rawajlanıwdın’ regionallıq strategiyası

Juwmaqlaw

Paydalanılg’an a’debiyatlar dizimi

Qosımshalar

# Kirisiw

U'shinshi mın' jıllıqtın' basında adamzat qa'wipli ha'm quramalı jag'daydı basınan keshirmekte: ta'biyattı nabıt etiw dawam etpekte, adamlar du'nyasında ten'sizlik teren'lespekte, tutınıwshlıqtın' masshtabları ken'eymekte, «aksiologiyalıq soqırlıq» progressiv bag'darda rawajlanbaqta, adam ha'm texnika arasındag'ı qarsılıq keskinlespekte. Xabar ja'miyetinin' qa'liplesiwi menen baylanıslı qa'wiplerdin' jan'a klası payda bolmaqta. Texnogenlik civilizaciya adamzatqa ekzistensiallıq «shaqırıw» taslamaqta.

Usınday jag'daylarda du'nya ushın u'lken qa'wipti civilizaciyanın' socioma'deniy kodının' ıdırawı, «ishki civilizasiyalıq» jabayıshılıqtın' qayta tikleniwi beredi. Ha'zirgi zaman ushın baslı ma'sele retinde adamzattın' civilizaciyalıq rawajlanıwının' «bag'darın» qanshelli da'rejede o'zgertiw mu'mkinshiligi ha'm o'zi ushın turaqlı qa'wipsiz keleshekti ta'miyinlew alıp qaratıladı. Bu'gin bizler ushın texnogenlik civilizaciya idealları menen bag'darlanatug'ın qa'legen planetalıq ha'reketlerdin' u'lken risk penen suwg'arılıwı ha'm katasrofag'a alıp keliw mu'mkinshiligi anıq bolmaqta. Berilgen jag'dayg'a baylanıslı civilizaciyanın' jan'a qa'driyatların u'yreniw adam ha'm adamzat ushın ta'g'dirlik a'hmiyetke iye. Ja'miyetlik rawajlanıwdın' aksiologiyalıq tiykarların izertlew ha'zirgi basqıshta du'nyalıq civilizaciyalardın' almasıwına baylanıslı aktuallıqqa iye bolmaqta. Civilizaciya tariyxın izertlew, du'nyalıq civilizaciyalardın' almasıwı en' aldı menen adamnın' ruwxıy du'nyası, jan'a qa'driyatları ha'm jan'a mu'mkinshilikeri menen anıqlanadı[1]. Zamanago'y industriallıq civilizaciya qu'dretli texnoilimdi ha'm globallasıw fenomenin payda etip, du'nya ja'ma'a'tin xabarlıq ha'm telekommunikasiyalıq texnologiyaları menen qurallandırıp, adamnın' planetalıq iskerliginin' ruwxıy-qa'driyatlıq bekkem tiykarların ele do'retpedi.

Pitkeriw qa'nigelik jumısımızdın' izertlew temasının' **aktuallıg'ı** zamanago'y civilizaciyanın' krizisinin' qa'driyatlıq-paradigmalıq xarakterin ta'n

[1] Қараңыз: Яковец Ю.В. Глобализация и взаимодействие цивилизаций. М., 2001, с.318; Каримов И. Юксак маънавият енгилмас куч. Т., 2008.

alıw ha’m tu’siniw menen baylanıslı. Civilizaciya adamlar ta’repinen «quyıladı», ha’m olar eger jan’a ko’z qaraslardan, maqset ha’m qa’driyatlardan (zamanago’y industriallıq-tutınıwshı ja’miyettin’ qa’liplesken konturlarınan basqa) kelip shıqpasa, onda hesh qashan en’ jaqsı civilizaciyanı do’rete almaydı. Qa’driyatlar sisteması keleshek civilizaciyasının’ obrazın anıqlaydı, ja’miyetlik organizmnin’ sosiogenetikalıq kodın do’retedi, adamlardın’ turmısının’ sapasın determinasiyalaydı. Bul jerde ha’zirgi waqıtta civilizaciyalıq rawajlanıw du’nyanın’ ha’r qıylı regionlarında ha’m bir pu’tin du’nya ja’ma’a’tinde islep shıg’ılg’an qa’driyatlıq ustanovkalar menen qalay o’z-ara qatnasta boladı degen soraw kelip shıg’adı? Sol sebepli qa’driyatlıq problematikanı «rawajlanıw» kategoriyası menen baylanısta filosofiyalıq refleksiyalaw za’ru’rligi haqqında soraw qoyıladı. Civilizaciyalıq rawajlanıwdı qa’driyatlıq determinasiyalaw probleması qa’legen da’wirdegi filosofiyalıq analizdin’ tiykarlıq ma’nisin anıqlaydı. Usıg’an baylanıslı berilgen izertlew temasın tan’lawımız civilizaciyalıq rwajlanıwdın’ jan’a qa’driyatlıq paradigmasın u’yreniwdin’ obektiv za’ru’rligi menen anıqlanadı. Sebebi haqıyqıy adamıylıq bolmıs civilizaciyadag’ı o’mirdi an’latadı, sol tiykarda sosiumdag’ı civilizaciyalıqtın’ tiyisli (kerekli) da’rejesin qollaw adam ha’m adamzattı qutqarıw menen barabarlıqtı beredi.

**Pitkeriw qa’nigelik jumısımızdın’ izertleniliw da’rejesi.**

Civilizaciyalıq problematika ko’plegen jıllar dawamında sociallıq filosofiyanın’ dıqqat orayında tur. Onın’ izertleniliwinde ulıwma ilimiy jaqtan ta’n alıng’an a’hmiyetli na’tiyjelerge erisildi.

Birinshiden, civilizaciyanı ma’deniyattan bo’leklew qa’teshilikke alıp keliwi haqqında kelisimge erisildi. Bizge belgili, on tog’ızınshı a’sirdin’ nemes oyshılları o’z ishine texnika, texnologiya ha’m materiallıq faktorlardı qamtıytug’ın «civilizaciya» tu’sinigi ha’m ja’miyettin’ joqarg’ı intellektuallıq, ko’rkem, morallıq sapaların, qa’driyatların, ideallarin an’latıwshı «ma’deniyat» tu’sinikleri arasına anıq shegara qoyg’an. Civilizaciya tu’sinigin materiallıq qa’driyatlar, texnikalıq-texnologiyalıq novasiyalar ha’m «komfortqa» erisiw tarawı menen sheklewge urınıwlar qarsı rezonanstı keltirip shıg’armaqta. Egerde civilizaciyanı

ma’deniyattın’ o’zinin’ effektiv-intsrumentallıq formalarında sa’wleleniwi sıpatında alıp qarasaq, onda olardı bir birine qarsı qoyıw ma’nisin joyıtadı. Ko’pshilik izertlewshiler ta’repinen civilizaciya sosioma’deniy pu’tinlik ha’m ma’deniy identifikasiyanın’ ken’ da’rejesi sıpatında tu’siniledi. Olar civilizaciyalıq rawajlanıwdın’ qa’driyatlıq tiykarlarına (adamlar iskerliginin’ shektegi normativlik tiykarların – ideallıq qa’driyatlardı, ulıwma a’hmiyetli ideyalar, sosioma’deniy u’lgiler h.b.- tu’sinedi ) dıqqat awdarıwdı talap etedi.

Ekinshiden, izertlewshiler civilizaciyanı ken’ ko’lemlilik, ko’p faktorlı, sistemalıq faktor sıpatında alıp qaraydı: birde onın’ elementi civilizaciyalıq pu’tinlik penen qatnassız tu’sindiriliwi mu’mkin emes. Civilizaciyanı ta’biyiy ortalıqtın’ o’zgeshelikleri, adamnın’ bilimlerinin’ ha’m ko’nlikpelerinin’ erisilgen da’rejesi, o’ndiristin’ texnologiyalıq usılı ha’m sociallıq-siyasiy ha’m ekonomikalıq qatnasıqlardın’, ja’ma’a’ttin’ etnikalıq ha’m milliy sostavı, ma’deniy-tariyxıy ha’m diniy-a’dep-ikramlılıq qa’driyatlardın’ o’zgesheligi, ruwxıy o’ndiristin’ rawajlanıw xarakteri ha’m da’rejesi menen sıpatlanadı. Civilizaciyag’a qanday da bir «joqarı birlikti» do’retiw mu’mkinshiligin beretug’ın qu’diretli integrativlik uqıplılıq ha’m universalizm tendensiyası ta’n[2].

U’shinshiden, globallıq civilizaciyanın’ qa’liplesip atırg’anlıg’ı haqqında ma’sele boyınsha pikirlerde belgili bir birlikkke erisilgen. «Globallıq civilizaciya» termini adamzattın’ ma’deniy birigiwin ha’m du’nyanın’ xalıqları ta’repinen ulıwma maqsetlerdi, qa’driyatlardı, ta’rtipti, da’stu’rlerdi, texnologiyalar ha’m institutlardı qabıl alıwdı an’latadı[3].

To’rtinshiden, zamanago’y civilizaciyanın’ krizisi ulıwma ta’n alıng’an faktti beredi, ha’m onın’ tamırları qa’driyatlar tarawında jatır. Ko’plegen izertlewshilerdin’ pikirinshe, materiallıq qa’driyatlar tarawına ja’miyettin’ bet burıwı baqlanbaqta[4]. Konkurensiyada aman qalıw talabına baylanıslı adamzat ma’deniyatlarının’ ko’p a’sirlik rawajlanıwı toplag’an ar-namıs, abıroy, minnetke

---

[2] Қараңыз: Толстых В.И. Цивилизация и модернизация в контексте глобализации //Философия, наука, цивилизация. М., 1999. с.23-45
[3] Melko M. The Nature of Civilization. Boston. 1996. P.9
[4] Қараңыз: Анатомия кризисов. М., 1999. С.182

sadıqlıq, juwapkershilik, shıdamlılıq, altruizm, sulıwlıqtı tu'siniw sıyaqlı qa'driyatlar ekinshi plang'a shıqpaqta.

Bunday zamanago'y civilizaciyalıq krizisten shıg'ıw texnogenlik civilizaciyanın' en' aldı menen adamnın' ta'biyatqa qatnasına tiyisli bolg'an bazislik qa'driyatlarının' bir qatarın transformasiyalawdı talap etedi. A.Sorokin, V.Stepin, A.Pechchei, E.Kochetov h.b. ilimpazlar jan'a etikanı, civilizaciyalıq rawajlanıwdın' jan'a filosofiyasın qa'liplestiriw za'ru'rligi haqqında ma'seleni ko'termekte[5]. Civilizaciya haqqındag'ı ilimnin' qolg'a kirgizgen jetiskenliklerine qaramastan zamanago'y civilizaciyalıq rawajlanıwdın' bir qatar aktual ma'seleleri filosofiyalıq analizdin' dıqqatınan shette qalmaqta. Olardın' qatarına, en' aldı menen, civilizaciyalıq rawajlanıwdın' jan'a tipinin' ha'm onın' qa'driyatlıq tiykarlarının' qa'liplesiwi kiredi. Usıg'an tiykarlang'an halda **pitkeriw qa'nigelik jumısımızdın' maqsetin** zamanago'y civilizaciyalıq rawajlanıwdın'bir pu'tin filosofiyalıq-teoriyalıq konsepsiyasın u'yreniw, onı izertlewdin' sistemalıq-aksiologiyalıq metodologiyalıq usılın analizlew beredi. Bunday metodologiya ja'miyettin' rawajlanıwının' strategiyalıq programmasının' tiykarı xızmetin atqaradı. **Qoyılg'an maqset to'mendegi wazıypalardı sheshiwdi talap etedi:**

- ja'miyettin' civilizaciyalıq strategiyasın analizlew, onın' qa'driyatlıq determinasiyasın anıqlawdı;

- ja'miyettin' civilizaciyalıq rawajlanıw basqıshların u'yreniw, klassifikasiyalaw, ilimiy a'debiyatlarda berilgen konsepsiyalar tiykarında onın' mazmunına avtorlıq tu'sindirme beriwdi;

- ja'miyettin' civilizaciyalıq rawajlanıwının' zamanago'y strategiyasının' aksiologiyalıq tiykarların sistemag'a tu'siriwdi, onın' rawajlanıw tendensiyaların analizlewdi;

---

[5] Қараңыз: Сорокин П.А. Главные тенденции нашего времени. М., 1997; Степин В. Саморазвивающиеся системы и постнеклассическая рационалност //Вопросы философии. 2003. №8; Печчеи А. Человеческие качества. М., 1980; Кочетов Э. Г. Глобалистика. М., 2001.

- ekologiyalıq etikanın’ qa’driyatları retinde Jer planetasının’ etikasın, ekologiyalıq juwapkershilik etikasın, qıynalıw etikasın, «ha’reket etpew» etikasın alıp qarawdı;

- turaqlı rawajlanıwdı civilizaciyalıq imperativ sıpatında filosofiyalıq jaqtan da’lillewdi, onın’ o’lshemlerin anıqlawdı;

- O’zbekistan Respublikasındag’ı globallasıw jag’dayındag’ı civilizaciyalıq identivlikti milliy ha’m regionallıq turaqlı rawajlanıw strategiyasın iske asırıw arqalı filosofiyalıq da’lillewdi.

**Pitkeriw qa’nigelik jumısımızdın’ ilimiy jan’alıg’ı.** Bul pitkeriw qa’nigelik jumısta ko’terilgen ma’seleni ha’zirgi zaman ilimi ha’m praktikası talaplarınan kelip shıg’ıp sistemalı usılda jan’asha tu’rde ko’rip shıg’ıwg’a tiykarlanıw, «ja’miyettin’ civilizaciyalıq rawajlanıwı», «civilizaciyalıq rawajlanıwdın’ aksiologiyalıq determinasiyası», «turaqlı rawajlanıw», «civilizaciyalıq imperativ» tu’siniklerin teoriyalıq-metodologiyalıq jaqtan izertlew, O’zbekstan Respublikasında bul problemanın’ ha’r ta’repleme praktikalıq realizasiyalanıw aspektlerine baha beriw, o’zgesheliklerin, tiykarg’ı belgilerin analiz jasaw menen anıqlanadı.

**Pitkeriw qa’nigelik jumısımızdın’ metodologiyalıq bazasın** filosofiya, sosiologiya ilimleri boyınsha o’zimizdin’ ha’m sırt el alımlarının’ klassikalıq miynetleri, monografiyaları quradı. Bug’an qosımsha O’zbekstan Respublikasının’ huqıqıy normativlik hu’jjetleri, Prezident I.Karimovtın’ miynetleri, Qarakalpaqstan Respublikasında o’tkerilgen sosiologiyalıq izertlewlerdin’ na’tiyjeleri ken’nen paydalanıldı.

**Pitkeriw qa’nigelik jumısımızdın na’tiyjeleri teoriyalıq ha’m praktikalıq a’hmiyetke iye bolıp**, onın’ teoriyalıq a’xmiyeti bul problema izertlenilgen ilimiy a’debiyatlarg’a ken’nen analiz beriliw, olardı sistemag’a salıw, ja’miyettin’ turaqlı rawajlanıwı ha’m onın’ o’lshemlerin, qa’driyatlıq tiykarların anıqlaw processinde ko’rinse, praktikalıq a’hmiyeti social-gumanitar pa’nlerdi oqıtıw iskerliginde, O’zbekstan Respublikasının’ ishki ha’m sırtqı siyasatının’

aktual ma’selelerin tu’sindiriwge qaratılg’an u’git-na’siyatlaw jumısların ju’giziwde ken’nen paydalanıw menen anıqlanadı.

**Pitkeriw qa’nigelik jumısımızdın’ strukturası** kirisiw, altı paragraftı qamtıwshı eki bap, paydalanılg’an a’debiyatlardın’ diziminen ha’m qosımshalardan turadı.

**I Bap. Ja'miyettin' rawajlanıwının' civilizaciyalıq strategiyası**

§ 1. Civilizaciyalıq rawajlanıwdın' qa'driyatlıq determinasiyası

Rawajlanıw strategiyası uzaq mu'ddetlik maqsetlerge erisiwdi ha'm ja'miyetlik idealg'a jaqınlawdı ta'miyinleytug'ın oyımızdın' iskerliginin' ulıwma sızılmasın beredi. Civilizaciyalıq strategiya adamzattın' perspektivaların, ideallarin, qa'driyatların anıqlawı ha'm de ha'reketke baslama bolıwı tiyis.

Bul berilgen sorawdın' mazmunın ashpastan burın, bizler tiykarg'ı tu'siniklerge anıqlama berip o'teyik. Tiykarg'ı «civilizaciya» kategoriyasınan baslayıq. Ha'zirgi ilimde civilizaciya tu'sinigi, a'dette, iri adamzat birliklerinin' ha'm sosioma'deniy supersistemalardın' du'ziliw ha'm rawajlanıw nızamlarına ha'm ma'deniy-tariyxıy prinsiplerine sıpatlama bergende isletiledi[6]. Civilizaciya tu'sinigi ken' ha'm tar ma'niste analizlenedi. Ol ken' «teklik» ma'niste jabayıshılıqtın' ornına kelgen adamzattın' rawajlanıwının' joqarıraq basqıshın an'latadı. Tar «tu'rlik» ma'niste tariyxıy waqıttın' u'lken aralıg'ında o'zinin' o'zgesheligin ha'm bir pu'tinligin saqlap qalatug'ın adamlardın' ha'm ellerdin' qanday da bir turaqlı sosioma'deniy birligin beredi[7]. Ma'deniyat sociallıq fenomen sıpatında adamzattın' ja'mlengen ruwxıy ta'jriybesin an'latadı, ol adamzattın' barlıq o'mir su'rgen da'wiri barısında toplanadı, mudamı aktuallasıp baradı, ku'ndelikli turmısımızda ha'r qıylı usıllar menen iske asırıladı, adamnın' ko'p aspektli iskerliginde onın' ha'r tu'rli jemisleri arqalı tolıqtırılıp otırıladı[8]. Ma'deniyattay civilizaciya da ruwxıy tikarlarg'a iye, ha'm usı bag'darda tariyxıy-filosofiyalıq a'debiyatlarda ken' tarqalg'an civilizaciya ha'm ma'deniyattı qarsı qoyıw, bizin' pikirimizshe, teoriyalıq jaqtan durıs bolmasa kerek. Bul jerde bizler V.J.Kellenin' «ma'deniyatsız civilizaciyanın' o'mir su'riwi mu'mkin emes, sebebi ol bunday jagdayda o'zinin' subektin – civilizaciyanın' jag'dayların qayta o'ndiriw ha'm onı o'ndire alıw uqıplılıg'ına iye adamdı joyıtadı.. Civilizaciya sosioma'deniy sho'lkem bolıp, usı bag'darda ol ma'denityaqa biyg'a'rez sociallıq

---

[6] Қараңыз: Сравнителное изучение цивилизаций. М., 1998. С.18.
[7] Қараңыз: Толстых В.И. Цивилизация и модернизация в контексте глобализации //Философия, наука, цивилизация. М., С.270-271.
[8] Қараңыз:Акопян К.З. Пределы глобализации (култура в контексте глобализационных процессов).//Пределы глобализации. Материалы постоянно действующего междисциплинарного семинара Клуба ученых «Глобалный мир». М., 2002. С.47.

baylanıslar sistemasın sa'wlelendiretug'ın formasiyadan parıqlanadı»[9] degen pikirine qosılamız.

Bizin' temamız ushın «ma'deniyat», «civilizaciya» tu'siniklerinin' birligin ayrıqsha ko'rsetiwimiz orınlı bolsa kerek: bul eki tu'siniktin' belgili bir da'rejede o'z-ara baylanısı zamanago'y du'nyanın' qa'wipsiz, ten' salmaqlı, turaqlı rawajlanıwın anıqlaydı. Zamanago'y industriallıq civilizaciya, o'ndiris, ilim, texnika tarawındag'ı erisken jetiskenliklerine qaramastan, du'nya civilizaciyasın o'zin nabıt etiwge alıp keletug'ın ekzistensiallıq ha'm sosioma'deniy qarsılıqlardı payda etti. Bul problemanın' sheshiliwin bizler ma'deniyat ha'm civilizaciyanın' tıg'ız o'z-ara ta'sirinde, bir birin gu'zetiwinde ko'remiz. Bul jerde ma'deniyat iskerliktin' ruwxıy baslamaların islep shıg'adı ha'm qayta tikleydi, al civilizaciya ruwxtı na'rselik ko'riniske keltiretug'ın mexanizmlerdi, ma'deniyattın' qa'driyatlıq-mazmunlıq kodın ken'eytiw usılların do'retedi. Tek g'ana usınday formada ma'deniyat ha'm civilizaciya bir birine kirse ha'm bir birin o'z-ara anıqlasa adamzattın' ha'm Jer planetasındag'ı tirishilikti aman saqlap qalıwımız mu'mkin.

Civilizaciyalıq rawajlanıwdın' tiplerine keletug'ın bolsaq, onın' teren' mexanizmin qa'driyatlardın' almasıwı, mudamı qollap-quwatlanılatug'ın ha'm jan'arıp otıratug'ın qa'driyatlarg'a tiykarlanıw beredi. Civilizaciya ulıwma qa'driyatlıq sananın' ko'riniwin an'latadı. Qa'driyatlıq determinasiya ko'z qarasınan da'stu'riy (kosmogenlik) ha'm industriallıq (texnogenlik) civilizaciyalar bo'lip ko'rsetiledi. «Da'stu'riy» dep atalatug'ın civilizaciyalarg'a bolmıstın' ta'biyiy sha'rtlerinen, jag'daylarınan g'a'rezlilik da'rejesinin' joqarı bolıwı ta'n. Bunday civilizaciyalardın' qa'driyatlıq prinsipin ka'ramatlı (sakrallıq) da'stu'rlerge sadıqlıq, turmıstın' biosociallıq jag'dayların saqlap qalıw an'latadı. Berilgen qa'driyatlıq determinasiyanın' tipin basshılıqqa alg'an halda da'stu'riy civilizaciyalardı a'dil tu'rde kosmogenlik dep ataydı. Bul jerde kosmos, du'nyalıq ta'rtip o'mirdin' ha'm iskerliktin' mazmunın o'zinin' en' tiykarg'ı eki

[9] Келле В.Ж. Соотношение формационного и цивилизационного подходов к анализу исторического процесса //Цивилизации. Вып.2., М., 1999. С.32, 29

baslamasında – ta’biyat patshalıg’ında u’stem su’rip turg’an nızamlar jıynagı sıpatında ha’m adamzat ja’miyetine aldınnan belgilep berilgen ta’rtip sıpatında - bag’darlaydı[10]. Bunday qa’driyatlıq orientasiya sociallıq institutlardın’ turaqlı rawajlanıwına ta’sirin tiygizedi, biraq sol waqıttın’ o’zinde innovasiyalıq processler ushın da, insannın’ erkin rawajlanıwı ushın da tosıqlıqtı da beredi. Bug’an mısal retinde shıg’ıs ja’miyetlerin keltiredi[11].

Batıs ja’miyetleri, son’g’ı orta a’sirler da’wirinen baslap, jan’a aksiologiyalıq ustanovkag’a – «innovasiyalar prinspine» bag’darlanadı. Bul jerde ilimiy-texnikalıq progress ja’miyetlik rawajlanıwdın’ jetekshi determinantına aylanadı. Sol sebepli batıstın’ ja’miyetlerinin’ evolyusiyası na’tiyjesinde payda bolg’an civilizaciyanı, a’dette, texnogenlik dep ataydı. Rawajlanıwdın’ da’stu’riy tipinin’ qa’driyatlar sistemasında jetekshi orında ta’biyattı tiri organizm sıpatında ha’m adamdı ta’biyattın’ bir bo’legi sıpatında tu’siniw turadı. Berilgen civilizaciyada adam «islemew, ha’reket etpew» prinsipin basshılıqqa aladı, o’mir aldında bas iyiw sezimine tiykarlang’an minimal ha’reket etiw idealına bag’darlanadı. Texnogenlik civilizaciyanın’ qa’driyatlar sisteması adamnın’ ma’nisin ha’m onın’ du’nyadag’a ornın basqasha tu’siniwdi alg’a su’redi. En’ aldı menen ol adamdı isker maqluqat sıpatında tu’sindiredi, ol ta’biyatqa qarsı turadı, ha’m onın’ maqsetin ta’biyattı o’zgertiw quraydı. Texnogenlik civilizaciyag’a ha’kimiyattı ha’m ku’shti de o’zgeshe tu’sinidriw ta’n. Ha’kimiyat bul jerde tek g’ana adamnın’ u’stinen adamnın’ ha’kimiyatı sıpatında alıp qaralmaydı, al ol en’ aldı menen obektler u’stinen ha’kimiyattı an’latadı, obektler retinde ku’shlerdin’ ta’siri bag’darlang’an ta’biyiy ha’m sociallıq obektler alıp qaraladı. Texnogenlik civilizaciyanın’ a’hmiyetli belgisin jan’a texnologiyalardı tabıw ha’m qollanıw beredi, bul jerde tek ekonomikalıq o’siwdi ta’miyinleytug’ın o’ndirislik texnologiyalar emes, al sociallıq basqarıw ha’m sociallıq kommunikasiyalar texnologiyaları da dıqqatqa alınadı. Antroposentrizm prinsipi, industrializm idealı, ilimiy rasionallıq, adamnın’ du’nyag’a aktiv-iskerlik qatnasının’ idealı, Erkin insan

[10]Қараңыз: Дилигенский Г.Г. Конец истории или смена цивилизаций? //Цыилизации. Вып.2. М., 1993. С.49
[11] Қараңыз: Василев Л.С. История Востока. В 2-х т. М., 1994.

idealı, adamnın' huqıqları h.b. qa'driyatlar texnogenlik civilizaciyanın' ma'deniy-genetikalıq kodın (sol tiykarda qayta tiklenetug'ın ha'm rawajlanatug'ın) beredi[12].

Texnogenlik civilizaciyanın' rawajlanıwı kapitalistlik formasiyanın' qa'liplesiwi menen tıg'ız baylanıslı. Kapitalizm adamdı kapitaldı toplaw funksiyasına bag'ındıratug'ın o'ndiris qatnasıqların payda etedi. Sol waqıttın' o'zinde texnogenlik civilizaciyalar insannın' do'retiwshilik potensialın mobilizasiyalawdı, onın' Erkin rawajlanıwın talap etedi. Industriallıq ja'miyettin' bul teren'degi qarama-qarsılıg'ı civilizaciyalıq transformasiya procesinde sheshiledi. Insannın' erkinligi, sociallıq a'dillik, ma'deniyattın' ha'm ekonomikanın' birge rawajlanıwı - zamanago'y batıs ja'miyetlerinin' bul ha'm basqa da belgileri formasiyalıq emes, al civilizaciyalıq rawajlanıwdın' na'tiyjesin beredi. G.Diligenskiydin' pikirinshe, «civilizaciyalardın' rawajlanıwı formasiyalardın' almasıwına salıstırg'anda qu'diretlirek, a'hmiyetlirek ha'm uzaq ha'reket etetug'ın processti berdi»[13]. Qa'liplesiw regionları boyınsha texnogenlik civilizaciyalardı jiyi-jiyi «Batıs» dep ataydı. Olardı da'stu'riy «SHıg'ısqa» qarsı qoyadı. Biraq bu'gingi ku'ni civilizaciyalıq rawajlanıwdın' texnogenlik tipii planetanın' barlıq regionlarında iske aspaqta.

Zamanago'y civilizaciyalıq processtin' dinamikası eki lokallıq– batıs ha'm shıg'ıs – civilizaciyalarının' o'z-ara ta'siri menen anıqlanadı, olar birdey da'rejede du'nya civilizaciyasının' rawajlanıwının' da'stu'riy ha'm texnogenlik basqıshların beredi. Biraq ol keleshektegi du'nyalıq ta'rtiptin' eki aldında kiyatırg'an civilizaciyalardın' «en' jaqsı» ta'replerinin' ha'm jetiskenliklerinin' mexanikalıq birigiwin bermeydi. Civilizaciyalıq rawajlanıwdın' dialektikası sociallıq evolyusiyanın' burıng'ı basqıshlarınan sapalı parıqlanatug'ın jan'a sosioma'deniy pu'tinliktin' payda bolıwın an'latadı. Joqarıda keltirilgen civilizaciyalıq modellerdin' birewi de o'zinshe jan'a globallıq civilizaciyanın' ruwxının' anıqlawshı sterjni bola almaydı. Olardın' ha'r biri turaqlı civilizaciyalıq rawajlanıw ushın qolaysız bolg'an ma'deniyattın' elementlerine iye. Ol batıs civilizaciyasına

[12] Қараңыз: Философия, наука, цивилизация. М., 1999. С.339-340.
[13] Дилигенский Г.Г. Конец истории или смена цивилизаций? //Цивилизации. Вып.2. М., 1993. С.53.

ta'n bolg'an, ta'biyatqa qatnasta adam teginin' egoizmin, shıg'ıstın' ma'deniyatındag'ı insanlıq baslamanı basıp taslawdı an'latadı.

Kosmogenlik ha'm texnogenlik civilizaciyalarg'a qatnasta civilizaciyalıq rawajlanıwdın' jan'a, tariyxıy u'shinshi tipi «lokallıqtan joqarı bolg'an qa'driyatlar» tiykarında qa'liplesedi[14]. Bul qa'driyatlar adamzat ta'repinen islep shıg'ılg'an, lokallıq civilizaciyalardın' jabıqlıg'ın ha'm bo'lekleniwin saplastıratug'ın ruwxıy bilimlerdin' u'lken kompleksi menen du'zetiledi. Basqasha aytqanda, civilizaciyalıq rawajlanıwdın' u'shinshi basqıshının' determinantın du'nya ma'deniyatı ta'repinen toplang'an ha'm belgilengen ruwxıylıq beredi[15]. Usı bag'darda onı ma'deniyatlıq dep atasaqta boladı. Ruwxıy baslama adam ha'm onın' ma'deniyatı menen baylanıslı barlıq mazmunda qamrap aladı, ol ma'deniyat tarawın o'zgeshe energiya menen anıqlaydı, bul energiya og'an o'zine civilizaciyanın' barlıq materiallıq ku'shlerin bag'ındırıw uqıplılıg'ın beredi. Materiallıq progress adamzatqa ta'biyat ku'shlerinen u'stemlik etiwdi berip, sol waqıttın' o'zinde texnogenlik civilizaciyanın' ken'eyiwi aldında qorg'awsız qaldıradı. Tek aldınnan adam ma'deniyatında berilgen ruwxıy energiyag'a baylanıslı adamzat sosioxabarlıq ha'm texnikalıq ku'shlerdin' qısımına qarsı tura aladı. «Qa'legen civilizaciyanın' tiykarg'ı prinsipin qa'driyatlıq o'lshemler tiykarında sociallıq o'mirlik iskerlikti qollap-quwatlaw beredi»[16] - degen E.Kallonın' pikiri berilgen mazmunnın' durıslıg'ın da'lilleydi. Tek g'ana qa'driyatlıq-mazmunlıq prinsipler civilizaciyanın' «yadrosın», teren' strukturasın beredi. Ruwxıy kod ha'm sosietallıq ta'rtip arasında tıg'ız o'z-ara baylanıs o'mir su'redi. Mısalı, du'nya civilizaciyalarının' qa'liplesiwinin' da'slepki sha'rtin «ko'sherlik waqıtta» ruwxıy tarawdı radikal ta'rizde transformasiyalaw bergen. Texnogenlik civilizaciyanın' tutınıwshılıq ruwxı sociallıq-ekologiyalıq krizisti keltirip shıg'arg'an degen pikirde bizlerde gu'mandı tuwg'ızbasa kerek. Bu'gin ekologiyalıq shaqırıwg'a juwap retinde adamzat jan'a bag'darda ha'reket etiwdi

[14] Бузгалин А.В. «Постиндустриалное общество» - тупиковая ветв социалного развития?//Вопросы философии. 2002. №5.
[15] Каримов И.А.
[16] Калло Э. Културное наследие как основа цивилизации//Сравнителное изучение цивилизаций. М., 1998. С.83

baslawı, ta'biyat penen dialogtin' jan'a jolların, civilizaciyanın' jan'a qa'driyatların izlewi kerek bolıp atır.

A.Toynbi «SHaqırıq - ha'm – Juwap» jag'dayında civilizaciyanın' ha'reket etiw maydanın o'zgertiwdi an'latatug'ın a'hmiyetli nızamlılıqtı ashqan. Bul orın awıstırıw ha'rekettin' bir maydanınan basqasına «energiyanın' o'tkeriliwi» menen sıpatlanadı[17]. Eger adamlar haqıyqıy adamlıq baslamanı an'latatug'ın ruwxıy «energiyanı» iske asıra almasa, ha'm jan'a civilizaciyanı qura almasa, onda olardı texnikalasıwdın', niformatizasiyanın', globallasıwdın' katastrofalıq aqıbetlerinen hesh na'rse qutqara almaydı.

Endi du'nyalıq ha'm lokallıq civilizaciyalar ma'selesine analiz berip o'teyik. «Du'nyalıq civilizaciya» ha'm «lokallıq civilizaciya» kategoriyalarının' o'z-ara qatnasın dialektikalıq filosofiya: ulıwmalıq, o'zgeshelik ha'm jekelik terminlerinde tu'sindiriw orınlı bolsa kerek dep oylaymız. Dialektika boyınsha jekelik ulıwmalıq o'z-ara ta'sir etisiw sistemasınan tısqarıda payda bola almaydı da ha'm o'mir su're almaydı da, al ulıwmalıq bolsa jekelikte, jeke na'rseler ha'm qubılıslardın' massasının' dialektikalıq o'z-ara ta'sir etisiwi arqalı o'mir su'redi. Ulıwmalıq ha'm jekeliktin' birligi o'zgeshelik kategoriyasında belgilenedi, ol belgili bir ulıwmalıq ha'm na'rselerdin' real baylanısınan shıg'arıp taslanbag'an jekelik sıpatında alıp qaraladı. Eger «du'nyalıq civilizaciya» tu'sinigi bir pu'tinlik sıpatında adamzattın' evolyusiyasındag'ı belgili bir basqıshtı sıpatlaytug'ın bolsa, onda «lokallıq civilizaciyalar» sosioma'deniy du'zimnin', tariyxıy ta'g'dirdin', geoekonomikalıq, geosiyasiy ma'plerdin', jiyi-jiyi ken'isliklik (geografiyalıq) jaqınlıqtın' ulıwmalıg'ı menen birlesken tuwısqan etnoslardın' (ma'mlketlerdin') jıynag'ının' turmıslıq sikllerinin' o'zgesheliklerin sa'wlelendiredi[18].

P.Sorokinnin', A.Toynbidin', Yu.Yakovestin' izertlewlerine tiykarlang'an halda du'nyalıq ha'm lokal civilizaciyalardın' o'z-ara baylanıs dialektikasının' xarakterli belgileri retinde to'mendegilerdi bo'lip ko'rsetsek boladı:

---

[17] Тойнби А.Дж. Постижение истории. М.,1991. С. 241
[18] Яковец Ю.В. Глобализация и взаимодействие цивилизаций. М., 1999. С.4.

Birinshiden, du’nyalıq civilizaciyalardın’ dinamikası lokallıqlardın’ quramının’ ha’m mazmunının’ o’zeriwi arqalı iske asırıladı.

Ekinshiden, aldında baratırg’an lokallıq civilizaciyalardın’, keyingi basqıshqa o’tiwdi ta’miyinleytug’ın tariyxıy processtin’ epioraylarının’ almasıwı u’zliksiz iske asırıladı. Jan’a erag’a shekem olarg’a Jer orta ten’izi, Dvurechya, Indostan, Qıtay civilizaciyaları kirgen. Bizin’ eramızdın’ birinshi mın’ jıllıg’ında epioray Shıg’ısqa ha’m arab qayta tikleniw oraylarına o’tti. Ekinshi mın’ jıllıq o’zinin’ u’stemligine Arqa ha’m Tu’slik Amerikanı, Afrikanı, Avstraliyanı, Hindistandı, musılman civilizaciyası ellerin bag’ındırg’an batıs evropalı civilizaciyaarının’ u’stemliginin’ ken’eyiwi bayrag’ı astında o’tti. Biraq ekinshi mın’ jıllıqtın’ son’ında do’retiwshilik liderliktin’ orayı, P.Sorokinnin’ ha’m A.Toynbidin’ pikirleri boyınsha, qaytadan Shıg’ısqa qaray ornın awıstırdı[19].

U’shinshiden, du’nyalıq ha’m lokallıq civilizaciyalardın’ turmıslıq siklleri o’z-ara u’zliksiz baylanısqan ha’m o’z-ara aralasqan. Keyingi du’nyalıq civilizaciyag’a o’tiw lider lokallıq civilizaciyanın’ ekspansiyası menen xarakterlenedi Sol waqıttın’ o’zinde du’nyalıq sikldin’ keyinshgi fazasında liderlikke umtılıwshı civilizaciyanın’ aktivlesiwi baqlanadı[20].

Bu’gingi ku’ni adamzat o’zinin’ tariyxın’da burılıs da’wirin basınan keshirmekte. Ol neolitlik revolyusiyasınan xabar revolyusiyasına shekemgi civilizaciyalıq rawajlanıw basqıshın o’z ishine qamtıwshı materiallıq civilizaciya fenomeninin’ payda bolıwına uqsas. Bul jerde ga’p jan’a «tariyxıy supersikldin’» qa’liplesiwi xaqqında barmaqta.Onın’ barısında ruwxıy-ekologiyalıq qa’driyatlarg’a ha’m turaqlı rawajlanıw prinsiplerine tiykarlang’an jan’a globallıq civilizaciya payda boladı[21]. Bunday jan’a tiptegi civilizaciyalıq rawajlanıwdı belgilew ushın ilimpazlar «ekologiyalıq-gumanistlik civilizaciya» degen termindi kirgizgen. Bug’an qosımsha, qa’liplesip atırg’an du’nyalıq civilizaciyanın’ jan’a

[19] Қараңыз: Сорокин П. Главные тенденции нашего развития. М., 1997; Тойнби А. Цивилизация перед судом истории. СПб. 1996.
[20] Яковец Ю.В. Циклы. Кризисы. Прогнозы. М., 1999.
[21] Яковец Ю.В. Циклы. Кризисы. Прогнозы. М., 1999.

sapasın sa’wlelendiretug’ın «ekologiyalıq civilizaciya»[22], «gumanistlik civilizaciya»[23], «noosferalıq civilizaciya»[24], «postekonomikalıq civilizaciya»[25] degen terminlerde isletiledi.

Ekologiyalıq-gumanistlik civilizaciyanın’ mazmunına qısqasha sıpatlama bereyik. Materiallıq civilizaciya dep bizler sociallıq ta’rtipti saqlaw ushın materiallıq ku’sh tiykarg’ı a’hmiyetke iye bolg’an, al qa’driyatlar sistemasında so’zsiz adamnın’ ekonomikalıq ma’pleri u’stinlikke iye bolg’an ja’miyetlik du’zimge aytamız. Bul jerde bolmıstın’ maqsetin du’nyanı materiallıq qayta o’zgertiw beredi; aqshanın’ ha’kimiyatı materiallıq baylıqtın’ ha’m seziwlik la’zzetleniwdin’ ko’beyiwine xızmet etedi. Materiallıq civilizaciya haqqında so’z etkenimizde, bizler iskerliktin’ en’ a’hmiyetli tu’ri retinde miynet alıp qaralatug’ın sociallıq sistemanı, yag’nıy «miynet etiw procesinen alatug’ın la’zzetleniwden basqa qanday da bir baylıqlardı alıwg’a tolıq yamasa dara bag’darlang’an qa’legen aqılıy yamasa fizikalıq urınıwlardı» [26] tu’sinemiz, bul jerde ta’biyatqa ktilitarlıq-tutınıwshılıq qatnas orın alg’an. Jan’a ekologiyalıq-gumanistlik civilizaciyanın’ qa’liplesiwinin’ a’hmiyetli jag’dayın materiallıq civilizaciyanın’ joqarıda ko’rsetilgen belgilerin saplastırıw, en’ aldı menen adam miynetinin’ do’retiwshilik iskerlikke o’zgeriwin anıqlaytug’ın, onın’ xarakterindegi radikal o’zgerislerdi iske asırıw beredi. Materiallıq o’ndiristin’ sheginen shıg’ıw adamnın’ do’retiwshilik potensialın’ rawajlandırıwshı iskerliktin’ tu’ri sıpatındag’ı ruwxıy o’ndiristin’ u’stinlikke iye rawajlanıwı menen baylanıslı boladı. Ja’miyette ruwxıy qa’driyatlardın’, sonın’ ishinde do’retiwshiliktin’ ken’ tarqalıwının’ birden bir sha’rtin materiallıq jaqsı jasawdın’ da’rejesinin’ ko’teriliwi beredi. Bul jerde adam ruwxıy na’rseler menen shug’ıllanbastan burın awqat jewi, ishiwi, kiyiniwi, jayg’a iyelik etiwi kerekligin zamanago’y praktika tastıyıqlap atırg’an aksioma sıpatında basshılıqqa alıwımız tiyis.

---

[22] Гирусов Э.В. «автотрофност как новая парадигма социалного развития» //Реалии ноосферного развития. М., 2003;
[23] Степин В.С.Эпоха перемен и сценарии будущего. М., 1996, Яковец Ю.В. Взаимодействие цивилизаций Востока и Запада: осевая проблема XXI века. М., 2001
[24] Урсул А.Д. Пут в ноосферу. Концепция выживания и устойчивого развития цивилизации. М.,1993.
[25] Иноземцев В.Л. Расколотая цивилизация. М., 1999.
[26] Marshall A. Principles of Economics. Vol.I. L.,1961. P.65

Jan’a civilizaciyanın’ alg’ı sha’rtleri xabar ja’miyetlerinin’ ramkasında qa’liplesedi, ol jerde adamlardın’ tiykarg’ı materiallıq talapların qanaatlandırıw problemaları sheshilgen boladı. Bizler adam iskerliginin’ motivasiyalıq strukturasının’ o’zgergenligin dıqqatqa almaqtamız. Materiallıq talaplardı qanaatlandırıw bag’darında birinshi plang’a ekonomikalıq emes xarakterdegi problemalar shıg’adı: insannın’ o’zin rawajlandırıwı ha’m jetilistiriwi, qorshag’an ortalıqtı saqlaw ha’m qa’dirlew h.b.

Ekologiyalıq-gumanistlik civilizaciya qa’driyatlıq prioritetlerdin (u’stinliklerdin’) jan’a sistemasına iye ja’miyetti an’latadı. Texnikanın’ ha’m materiallıq baylıqlardın’ kulti u’stem su’retug’ın texnogenlik (tutınıwshılıq) ja’miyetinen onın’ parqı sonda, ol joqarg’ı qa’driyatlar ha’m prioritetler retinde Adam ha’m Ta’biyattı alıp qaraydı, bul jerde jan’a gumanizm, yag’nıy ekologiyalıq imperativ penen kelisimge keletug’ın gumanizm bekkemlenedi. Adam iskerliginin’ qa’driyatlıq orientirlerinin’ bunday o’zgeriwinde bizler ekosidti payda etetug’ın, ta’biyatqa varvarlıq (tonawshılıq) qatnastı saplastırıw mu’mkinshiligine iye bolamız. Ekologiyalıq-gumanistlik civilizaciyanı belgili ma’niste postekonomikalıq ja’miyet dep alıp qarasaq ta boladı, sebebi keleshekte ekonomikanın’ u’stinligi saplastırıladı ha’m turmıslıq iskerliktin’ tiykarg’ı maksetin adamlıq sapalardı ha’m do’retiwshilik uqıplılıqlardı rawajlandırıw beredi. Ol ruwxıy ja’miyet bolıp, onda ha’r bir adam ta’repinen o’zinin’ ruwxıy-do’retiwshilik potensialın ashıw ushın jag’daylar do’relgen boladı, ol jerde adamnın’ o’ndiriliwi civilizaciyalıq rawajlanıwdın’ maqsetin beredi, ol adam ha’m ta’biyat arasındag’ı garmoniyag’a erisiwge bag’darlang’an ekologiyalıq ja’miyetti an’latadı.

Ekologiyalıq-gumanistlik civilizaciya, bizlerdin’ pikirimizshe, ta’biyattı ha’m ma’deniy ko’p tu’rliliktin’ pu’tinligin saqlawdın’ ideallıq formasın an’latadı. Ol Gegeldin’ «absolyutlik ruwxınday» ma’deniyattın’ barlıq pozitivlik u’lgilerin (adam iskerliginin’ usılı sıpatında) saqlaydı. F.Stepunnın’ pikirinshe, «jeke de, tariyxıy da o’mirdin’ barlıq danalıg’ın o’tmishti keleshek penen buzbaw, al

o’zin’nin’ erten’gi ku’nin’di keshegi ku’n menen qurıw»[27] beredi. Toynbi boyınsha, civilizaciya o’zin identifikasiyalawdın’ shegine erisken joqarg’ı ma’deniyattı an’latadı[28]. E.Kallonın’ aytıwı boyınsha da «tek g’ana ruwxıy prinsipler qa’legen civilizaciyanın’ tiykarın sa’wlelendiredi, ruwxıy jetiskenliklerdi o’zlestiriw arqalı g’ana sivilizaiyalardın’ ken’islikte ha’m waqıtta tarqalıwı iske asadı»[29]. Ruwxıy ja’miyettin’ qa’liplesiwi menen civilizaciya o’zine qaytadı ha’m onın’ tiykarı adekvat formada, Gegeldin’ tili menen aytatug’ın bolsaq, «o’zi ushın bolmıs» sıpatında sa’wlelendiriledi.

Bizler ekologiyalıq-gumanistlik civilizaciyanı ulıwma adamzatlıq ideal sıpatında alıp qaraymız, usı berilgen bag’darda ol du’nyalıq civilizaciyalıq rawajlanıwdın’ bag’darı, o’lshemi sıpatında ko’zge taslanadı. Ja’miyetlik rawajlanıwdın’ ha’zirgi basqıshında civilizaciyalıq strategiyanın’ maqsestin turaqlı rawajlanıw menen birge globallıq xabar ja’miyetin qurıw beredi.

## § 2. Civilizaciyalıq rawajlanıwdın’ zamanago’y strategiyasının’ aksiologiyalıq tiykarları

Qa’legen civilizaciyalıq strategiyanın’ tiykarında qa’driyatlardın’ filosofiyalıq teoriyası jatadı. Tek g’ana aksiologiya ha’reketlerdin’ ma’nisin tu’sindire aladı ha’m rawajlanıwdın’ perspektivaların ko’rsetedi. Qa’driyatlardın’ klassikalıq teoriyasının’ tiykarın salıwshılardın’ biri bolg’an G.Rikkert «bizler hesh qashan o’zimizdin’ o’mirimizdin’ mazmunı haqqında soramay tura almaymız, bul mazmun tek g’ana a’hmiyetke iye bolg’an qa’driyatlar tiykarında ashılıwı mu’mkin»[30] - dep jazadı. Jan’a civilizaciyalıq strategiya tariyxtın’ ma’nisin adamnın’ garmoniyalıq rawajlanıwında, ja’miyetlik qatnasıqlardın’ jetilisiwinde ko’redi. «Materiallıq civilizaciya jag’dayında adamnın’ o’mir su’riwinin’ mazmunın ne quraydı?» - degen soraw payda boladı. Bizlerdin’ pikirimizshe, bul ma’nis tiykarınan tutınıwshılıq xarakterge iye boladı, ha’m ol «du’nyanı jewde»

---

[27] Степун Ф.А. Бывшее и несбывшееся. Лондон, 1990. С.187
[28] Тойнби А. Цивилизация перед судом истории. СПб., 1996. С.133
[29] Калло Э. Културное наследие как основа цивилизации//Сравнителное изучение цивилизаций. М., 1998 С.84
[30] Риккерт Г. О понятии философии //Логос, кн.1. М., 1910. С.162.

ko'rinedi. Ne haqqında ga'ptin' ketip atırg'anlıg'ın tu'siniwimiz ushın, «ta'biyattı boysındırıw» dep atalatug'ın texnokratlıq imperativti yamasa «O'mirden barlıq na'rseni al» degen shaqırıqtı yadqa tu'sireyik. Usıdan bizlerdin' baylıq ushın gu'resimiz kelip shıg'adı. Aqshag'a ha'mme na'rseni satıp ala alamız. Bizler aqshag'a qa'legen qa'driyattı aylandıramız[31]. Egerde zamanago'y adam pullıq «qudayg'a» bas iyetug'ın bolsa, onda onın' adamlıq kelbetin joyıtıw qa'wpi kelip shıg'adı. Usıg'an baylanıslı, qa'driyatlardın' jan'a sistemasın do'retiw teren' ekzistensiallıq ma'niske iye: aksiologiya ruwxıy jaqtan ta'wir bolıwdın' ha'm madeniy rekonstruksiyanın' bazisin an'latadı.

Aksiologiya belgili qa'driyatlıq ierarxiyanı qa'liplestiredi, qa'driyatlıq ierarxiya sisteması praktikalıq prinsipler sistemasın qa'liplestiredi; olar o'z gezeginde turmıs sapasın anıqlaydı. Bunnan bizin' ma'deniyatımızdı ha'm bizin' civilizaciyamızdı reformalastırıwımız ushın, bizler rawajlanıwdın' jan'a qa'driyatlıq strategiyasın islep shıg'ıwımız kerek boladı. Bul strategiyanın' teoriyalıq derekleri retinde bizler metamotivasiya teoriyasın, jan'a gumanizm konsepsiyasın ha'm konstruktivlik aksiologiyanı alıp qaraymız.

Metamotivasiya teoriyası insannın' minez-qulqın psixologiyalıq determinasiyalaw aylanısına birinshi ret joqarı qa'driyatlardı (A.Masloudın' anıqlaması boyınsha «metamotivasiyalar». Bul teoriya joqarg'ı qa'driyatlar retinde shınlıq, jaqsılıq, sulıwlıq, a'dillik h.b ekenligin da'lilleydi) ha'm joqarg'ı adamlıq talaplardı kirgizdi. Olar oylap tabılmaydı, al biologiyalıq tu'r sıpatında adam ushın ta'biyiy ha'm immanentlikke iye bolıp sanaladı. Metamotivasiya teoriyası adamnın' joqarı ta'rtiptegi ta'biyatqa iye ekenligine tiykarlanadı, ol instinktlikke iye boladı. Bul berilgen joqarı ta'biyat o'z ishine tu'sinilgen miynetke, juwapkershilikke, do'retiwshilikke, a'dillikke, paydag'a bolg'an talaptı qamtıydı[32]. A.Masloudın' aytıwı boyınsha, «bolmıslıq» (joqarg'ı) qa'driyatlar normal adam ushın onın' organizminin' bo'leklerindey, mısalı, su'yek ha'm arteriyalarınday bolıp tabıladı. Bolmıslıq qa'driyatlardın' tiykarın olardın' egoizm ha'm altruizm,

---

[31] Сорокин П. Человек. Цивилизация. Общество. М., 1992. С. .503.
[32] Қараңыз: Маслоу А. Новые рубежи человеческой природы. М., 1999. С. 230.

dene ha'm ruwx sıyaqlı da'stu'riy dixotomiyalardı basıp o'tiwinde, jen'iwinde ko'riwimizge boladı. Bizler o'zlerimizdin' individuallıq identivliligimizdi izlew ushın o'zimizge qanshelli teren'irek kirsek, sonshelli barlıq adamlıq tegke kirgen bolamız.

Tag'ı da bir joqarı ruwxıylıq (bolmıslıq) qa'driyatlardın' o'zgesheligin olardın' ierarxiyanı payda etpewi beredi: olardın' ha'r bir a'xmiyetke iye ha'm qa'legeni basqaları arqalı anıqlanıwı mu'mkin. Joqarı bolmıslıq qa'driyatlardı oyatıw ha'm iske asırıw zamanago'y xabar ja'miyetinin' garmoniyalıq ruwxıy rawajlanıw jolına o'tiwinin' en' baslı jag'dayın beredi. Usıg'an baylanıslı A.Maslou bılay dep jazadı: «o'zin'nin' o'mirin' ushın jeke juwapkershiliktin' ha'm ekilemshi (tuwındı) tan'lawlardı basqaratug'ın qa'driyatlardın' rasionallıq naborının' artıwına baylanıslı adamlar aktiv tu'rde o'zleri jasap atırg'an o'mirdi o'zgertip baslag'an bolar edi. Psixologiyalıq den sawlıqqa ha'reket usıg'an baylanıslı ruwxıy du'nyag'a ha'm sociallıq garmoniyag'a ha'reketti an'latadı»[33]. Ha'm kerisinshe, juwapkershilikke iye emes ha'm o'zinde jabıqlıqqa iye adamlar adamzat tariyxındag'ı basqa waqıtqa salıstırg'anda bu'gin u'lken qa'wipti ilimiy-texnikalıq revolyusiyanın' adamnın' qolına bergen qu'diretine baylanıslı beredi.

Ja'miyetlik rawajlanıwdın' bu'gingi basqıshı turmıs tezliginin' burın bolmag'an da'rejede tempinin' o'siwi ha'm innovaciyalardın' payda bolıwı menen sıpatlanadı. Masloudın' pikirinshe, «bul jag'day bizin' adamg'a bolg'an qatnasımızdı, onın' du'nya menen baylanıslı qatnasıqların o'zgertiwi tiyis. Qopal aytatug'ın bolsaqa, adamnın' basqa tipinin' payda bolıwı talap etiledi. Jigirma jıl burıng'a salıstırg'anda men Geraklit, Uaytxed, Bergson ta'repinen alg'a su'rilgen du'nya bul statikalıq na'rse emes, al ol ag'ıs, ha'reket degen pikirlerine juwapkershilik penen qatnas jasaw kerekligin sezip atırman. Eger bul ko'z qaras durıs bolsa, onda bizler basqasha tiptegi adamg'a, u'zliksiz o'zgerip atırg'an du'nyada jasaw uqıplılıg'ına iye adamg'a mu'ta'j bolamız»[34]. Onın' aytıwınsha, usınday adamlardı ta'rbiyalay alatug'ın ja'miyet aman qaladı, al onı kelistire

[33] Маслоу А. Новые рубежи человеческой природы. М., 1999. С.191.
[34] Сонда. С.61.

almag'anları nabıt boladı. «Jaqsı adamdı do'retiw u'lken ken' qamrawshılıq problemasın beredi. Adamlar jaqsıraq bolıwı tiyis, bolmasa bizlerdin' Jer betinen sıpırılıp taslanıwımız mu'mkin, yamasa aman qalsaq ta, biologiyalıq tu'r sıpatında qa'weterlikte ha'm keskinlikte jasawımız mu'mkin»[35]. Jaqsı adam dep Maslou bolmıslıq (qudaylıq) qa'driyatlarg'a umtılıwshı, o'zi ushın ha'm o'zinin' evolyusiyası ushın juwapker adamdı aytadı; ha'm kerisinshe, jaman adam dep ol tutınıwshılıq ustanovkalarının' tutqınında bolg'an, «bolıwg'a emes», al «iyelik etiwge» umtılıwshı adamdı tu'sinedi. Usıg'an sa'ykes ruwxıy ja'miyet tutınıwshı ja'miyetten bolmıslıq qa'driyatlar ushın gu'resi ha'm olardın' iske asırılıwın mu'mkin qılıwı menen parıqlanadı.

A.Maslou adamnın' ta'biyatın tu'sindirgende yamasa adamnın' materiallıq talapların qanaatlandırıwg'a, yamasa qa'driyatlardın' ideallıq du'nyasın du'ziwge u'lken pa't beretug'ınday shekten shıg'ıp ketiwden awlaq boldı. «Metamotivasiya teoriyası» ko'z qarasınan adamnın' bazalıq talapların qanaatlandırıw ha'm onın' joqarg'ı (ruwxıy) ta'biyatın rawajlandırıw bir birin talap etetug'ın processlerdi an'latadı. A.Maslou joqarg'ı talaplardın' yag'nıy ne na'rsenin' ruwxıy yamasa filosofiyalıq o'mir dea atalatug'ınlıg'ının' instiktlik xarakteri haqqında aytadı. Onın' pikirinshe, bizin' «joqarg'ı ta'biyatımız» bizin' «teren'degi ta'biyatımızdı» an'latadı[36]. Biraq qarsılıqlıq jag'day sonda, usı «teren'degi ta'biyat» du'nyanın' ilimiy kartinasınan shıg'arılıp taslandı. «Ruwxıy du'nya dep atalatug'ın turmısımız tu'rlerdin' biologiyalıq ta'biyatında jaylasqan, ol qanday da bir «joqarg'ı» haywanlıq, onın' jag'dayı retinde «to'mendegi» haywanlıqtın' den sawlıg'ı alıp qaraladı, yag'nıy bul eki sho'lkem ierarxiyalıq integrasiyalang'an». Biraq berilgen joqarg'ı «haywanlıq» ha'lsiz ha'm a'piwayı tu'rde joq bolıp ketedi, ku'shlirek ma'deniy faktorlar menen basıp taslanadı, ol aktuallıqqa tek g'ana adamnın' ta'biyatına beyimlesken ha'm usıg'an baylanıslı onın' o'siwine ta'sirin tiygizetug'ın ma'deniyatta iye bolıwı mu'mkin»[37]. A.Masloudın' filosofiyalıq pozisiyası ushın ma'deniyat ha'm ta'biyattın', ja'miyet ha'm insannın', ta'rtip

---

[35] Сонда. С.27.
[36] Маслоу А. Новые рубежи человеческой природы. М., 1999. С. 310.
[37] Сонда. С. 312.

ha'm erkinliktin' sinergiyasın ta'miyinlewge umtılıw xarakterli. Onın' aytıwı boyınsha, bizler dixotomiyalıq tu'rde pikirlewdi toqtatıwımız tiyis, onın' ornına integrativlik oylawdı baslawımız kerek. Integrativlik oylawdın' baslı na'tiyjesin sinergiya talabı, yag'nıy qarama-qarsılıqlardın' talapların birlikke o'zgertiw beredi.

Bul jerde soraw payda boladı: integrativlik oylawdın' subekti kim boladı ha'm kim sinergiya prinsipin iske asıradı? O'zinin' keyingi «Novıe rubeji chelovecheskoy prirodı» («Adam ta'biyatının' jan'a shegaraları») degen miynetinde A.Maslou ko'terin'kilik penen adamnın' jan'a obrazın - qarsılıqlardı jen'iwge erise alatug'ın adamdı su'wretleydi.

Materiallıq talaplardı qanaatlandırıw menen ruwxıy qa'driyatlardı tan'law arasında tikkeley baylanıstın' joqlıg'ı da'lillengen. Ol usı bag'darda bılay degen: «Ullı jumbaqtı menin' ushın nege baylıq bir adamnın' rawajlanıwı ushın mu'mkinshilik beredi, al basqa adamdı qatan' «materialistlik» da'rjede belgileydi degen mazmun beredi»[38]. Bizlerdin' pikirimizshe, barlıq na'rse adamnın' psixologiyalıq den sawlıg'ınan, onın' do'retiwshilik potensialınan g'a'rezli boladı. Tek do'retiwshi insan g'ana bolmıslıq qa'driyatlardı tan'laydı, o'zin tolıq rawajlandırıw motivasiyasına iye boladı. Adamnın' o'mirinde ruwxıylıq huqıqın qayta tiklew, joqarg'ı qa'driyatlardın' ontologiyalıq statusın tastıyıqlawımız za'ru'r boladı.

Jan'a gumanizm konsepsiyası. Zamanago'y civilizaciyalıq rawajlanıwdın' strategiyası go'ne gumanistlik idealdı qayta tu'siniw ha'm jan'asın qa'liplestiriw menen baylanıslı. Da'stu'riy gumanizmnin' fundamentallıq belgilerinin' biri retinde adamnın' individuallıg'ının' erkinligin ha'm qımbatlılıg'ın moyınlaw beredi. Bul jerde bizler V.Lektorskiydin' «sıpatlama sonshelli a'hmiyetlilikke iye bolıp, onnan bas tartıw gumanizmnen bas tartıwdı an'latadı»[39] degen pikirin durıs dep ta'n alamız. Biraq usıg'an qaramastan, erkinlik ideyası du'nyanı qadag'alaw ha'm onın' u'stinen u'stemlik etiw sıpatında antroposentrizm ruwxında ko'pshilik jag'dayda tu'sindirilip kelindi. Jan'a gumanizm ko'z qarasınan erkinlik adamnan

---

[38] Маслоу А. Новые рубежи человеческой природы. М., 1999. С. 313.
[39] Лекторский В.А. Гуманизм как идеал и как реалност//Идеал, утопия и критическая рефлексия. М., 1996. С.109.

tısqarıdag'ı mazmun menen: ta'biyiy processler, basqa adam, qa'driyatlar yaki ma'deniyat, sosallıq processler, ha'tteki o'zimnin' psixikamının' ayqın bolmag'an processleri menen ten' huqıqlı-partnerlıq qatnasıqlardı qa'liplestiriw sıpatında alıp qaraladı.

Gumanizmnin' jan'a perspektivaların qabıl etiw, en' aldı menen, «ekologiyalıq shaqırıq», adamzattın' aman qalıw problemaları menen anıqlanadı. Usı ma'niste gumanizmdi ekologiyalıq jaqtan da'lillengen gumanizm sıpatında alıp qarawg'a boladı.

Sonıda aytıp o'tiwimiz tiyis, materiallıq civilizaciyanın' buzg'ınshı xarakteri utopiyalıq gumanizmge barıp taqaladı. «Adamzatqa tek g'ana barlıq na'rselerdin' o'lshemi yamasa ta'biyat u'stinen so'zsiz ruwxıy ha'kimiyatqa iyelik etiwshi sıpatında dıqqat awdarıw ruwxıylıqtı o'zine adekvat bolmag'an da'rejege ha'm ta'biyattı tutınıwdın' obekti statusına tu'siredi»[40]. Utopiyalıq gumanizm sistemasında qorshag'an ortalıq iyelik, boysındırıw obekti, qanday da bir sırtqı ku'sh sıpatında alıp qaraladı, ha'm adamnın' wazıypasın sırtqı g'a'rezlilikten qutqarıw beredi. Bizlerdin' pikirimizshe, gumanizm perspektivaları adamnın' ta'biyatlıq bolmısta tamır taslawın, dialogtin' adam ekzistensiyasının' negizlik strukturası sıpatındag'ı a'hmiyetin moyınlawda ko'rinedi. Jan'a civilizaciyanın' ruwxına I.Prigojin ta'repinen usınılg'an «ta'biyat penen jan'a dialog» ideyasına[41] tiykarlang'an ekologiyalıq jaqtan da'lillengen gumanizm sa'ykes keledi. Biraq ta'biyat penen dialogti iske asırmastan burın adamlar bir biri menen dialog ju'rgizip u'yreniwi, intersubektivlik kommunikasiya ma'deniyatın rawajlandırıwı tiyis. Birak ol o'zgeshe tektegi adamzattın' bir pu'tinlik sıpatındag'ı aman qalıwın o'z ishine qamtıwshı, u'zliksiz keleshekke qaratılg'an universal dialog bolıwı tiyis. Bul dialog tariyxtın' ma'nisin birgelikte a'piwayı ashıwdı an'latıp qoymay, al jan'a sociallıq reallıqtın' birge do'retiwshi processin beredi[42]. Bizlerdin' pikirimizshe, usınday dialog jan'a gumanizmnin' yadrosın ha'm adamzattın' joqarg'ı danalıg'ının' sinonimin an'latadı.

[40] Local Knowledge, Ancients Wisdom. – East-West Center, 1991. P.3
[41] Қараңыз: Пригожин И.Р., Стенгерс И. Время, хаос, квант. М., 1994.
[42] Қараңыз: Шевченко В.Н. Смысл истории сегодня и проблемы создания мира как новой социалной реалности //История и общество: проблемы развития человека. М., 1988. С.37.

Konstruktivlik aksiologiya. Klassikalıq aksiologiya ko'z qarasınan qa'driyatlar «subekt ha'm obekttin' basqa ta'repinde jaylasqan o'z aldına jasaytug'ın patshalıqtı»[43] do'retedi. Bul jag'daydı qollap-quwatlaw qıyın. Qa'driyatlar du'nyası haqıyqattan da empirikalıq bolmıs du'nyasınan ko'teriledi, biraq ol tek g'ana bizin' bahalar, umtılıwlar ha'm bolıw kerek tarawımızda jasaydı. Qa'driyatlarda biliw aktinin' ha'm a'hmiyetli bolg'an na'rsenin' bahasının' ko'p tu'rliligi saqlanadı. Bul jag'day qa'driyatlardın' tariyxıylıqqa iye bolıwın ha'm biliw progressi menen evolyusiyalanatug'ınlıg'ın an'latadı.

Konstruktivlik aksiologiya ideallıq qa'driyatlardın' jetekshi rolin moyınlaydı. N.Rozovtın' pikirinshe, «basqa qa'driyatlıq moduslarg'a (na'rselerge, psixikalıq, sosioma'deniy) ha'm sa'ykes keliwshi sananın' ha'm minez-qulıqtın' aktlerine qatnasta ideallıq qa'driyatlar absolyutlik ta'rtiplestiriwshi a'hmiyetke iye boladı». Biraq bul a'hmiyetlilik ha'r saparı alg'ı sha'rtlerdin' ramkası menen sheklengen lokallıq xarakterge iye boladı. Alg'ı sha'rtler rolinde ha'r qıylı faktorlar alıp qaralıwı mu'mkin. Mısalı ta'biyat penen o'z-ara ta'sir etisiw usılı, qa'liplesken sociallıq struktura, ekonomikalıq qatnasıqlar, ma'deniy da'stu'rler h.b»[44].
Biraq ma'n'gi ha'm o'zgermeytug'ın qa'driyatlardı tastıyıqlawshı klassikalıq aksiologiyadan onın' ayırmashılıg'ı, konstruktivlik aksiologiya qa'driyatlardı u'zliksiz jan'alap turıwdı moyınlaydı.

N.Rozov konstruktivlik aksiologiyanın' to'mendegi prinsiplerin bo'lip ko'rsetedi:
1. Ekilik prinsipi. Jan'a qa'driyatlardı qurıw «ken'eyiw gorizontının'» sa'ykes shegarasında bar mu'mkinshiliklerdi ha'm tendensiyalardı anıqlawdı an'latadı.
2. Reyim etip (ayap) korreksiyalaw prinsipi. Og'an sa'ykes jan'a ha'm da'stu'riy qa'driyatlardı qarama qarsı qoyıwg'a bolmaydı, kerisinshe, ma'deniy da'stu'rdin' qorg'alatug'ın arxetipine jan'a, aktuallıq a'hmiyetli ideyalardı «sin'diriw» kerek.
3. Tireklerdin' (tayanısh) ko'p tu'rliligi prinsipi. Bul prinsip qa'driyatlardın' birden bir dereginin' o'mir su'riwin biykarlaydı. Qa'driyatlarg'a ku'shti o'z-ara

---

[43] Риккерт Г. О понятии философии //Логос. Кн.1. М., 1910. С.33
[44] Розов Н.С. Философия гуманитарного образования. М., 1993. С.91.

tireklerdin’ organikalıq baylanısları beredi. Olar adamnın’ o’mir su’riwinin’ tiykarg’ı tarawlarına kiredi.

4. Qa’driyatlıq sistemalardın’ negizgi prinsipi sheshimlerdi qabıl etkende qa’driyatlardın’ o’z-ara u’ylesiw qag’ıydaların ta’rtiplestiredi. Ku’shlerdi bunday balansqa keltiriw ha’m o’z-ara sheklew sociallıq sistemalardın’ rawajlanıwının’ za’ru’rli sha’rtin beredi. Zamanago’y civilizaciyalıq transformasiyanın’ analizine aksiologiyalıq usıldın’ ulıwma strategiyasın berilgen prinsipler sıpatlaydı[45].

Konstruktivlik aksiologiya qa’driyatlarg’a ken’islikti bir qatar dialektikalıq qarama-qarsılıqlar (obektivlik-subektivlik, ideallıq-empirikalıq, rasionallıq-irrasionallıq h.b.) arqalı beredi. Wazıypa - bul «o’lshew polyuslarına» bag’darlanıp obektivlik pozisiyanı rasionallıq tan’lawda. Mısalı, ekologiyalıq katastrofanın’ qa’wpi aldında barlıq adamzat civilizaciyasının’ ta’g’diri ha’m ha’r bir jeke adam ushın sheshiwshi tan’lawdı aksiologiyalıq subektivizmdi jen’ip o’tiw (saplastırıw) beredi.

Konstruktivlik-aksiologiyalıq usıldın’ artıqmashılıg’ı onın’ birinshi, jetekshi plang’a ta’biyat ha’m adamzattın’ koevolyusiyasın alg’a su’riwinde ko’rinedi, ol ta’biyattın’ qa’driyat ekenligin an’latadı. Ol ten’ huqıqlı partnerlardın’ qatnası, jobalastırılmag’an dialogtegi sa’wbetlesiwshilerdin’ qatnası retinde tu’sindiriledi[46]. Ha’zirgi jag’dayda dialog strategiyası civilizaciyalıq rawajlanıwdın’ o’zeklik strategiyasına aylanbaqta.

# II bap. Ja’miyettin’ turaqlı rawajlanıwın izertlewdin’ filosofiyalıq tiykarları

## §1. Ja’miyettin’ turaqlı rawajlanıw konsepsiyasın refleksivlik-qa’driyatlıq analizlew o’zgesheligi

Turaqlı rawajlanıw konsepsiyası BMSHnin’ Rio-de-Janeyrodag’ı 1992 jılg’ı konferensiyasında alg’a su’rildi. Ol o’z ishine to’mendegi tiykarg’ı jag’daylardı qamtıydı: dıqqat orayında salamat ha’m ta’biyat penen garmoniyada tolıq jasaw huqıqına iye adamlar turadı; qorshag’an ortalıqtı qorg’aw rawajlanıwdın’ ajıralmas komponentine aylanıwı tiyis ha’m onnan bo’leklengen halda alıp qaralıw

---

[45] Сонда. С.92-99

[46] Қараңыз: Лекторский В.А. Деятелностный подход: смерт или возрождение? //Вопросы философии. 2001.№2. С.62

mu'mkinshiligine iye bolmawı kerek; qorshag'an ortalıqtı rawajlandırıwg'a ha'm saqlawg'a bolg'an talaptı qanaatlandırıw tek ha'zir jasap atırg'an a'wladqa g'ana emes, al keleshek a'wladına da tarqalıwı tiyis; eller arasındag'ı turmıs da'rejesindegi u'zilisti (ayırmashılıqtı) azaytıw, ka'mbag'allıqtı saplastırıw du'nya ja'ma'a'tinin' a'hmiyetli ma'selelerinin' sanına tiyisli; turaqlı rawajlanıwg'a erisiw ushın ma'mleketler bunday rawajlanıwg'a sa'ykes kelmeytug'ın o'ndiris ha'm tutınıwdın' modellerin saplastırıwı yamasa azaytıwı tiyis[47]. Riodan keyin bir neshe jıllar o'tti, ha'm bizler bu'gin qayg'ılı waqıyanı ta'n alıwımız tiyis: bu'gingi ku'nge kelip bul berilgen maqsetlerdin' birde birewine erisilmedi, bug'an qosımsha qorshag'an ortalıqtın' awhalı da tez pa't penen to'menlemekte, ka'mbag'allıq o'spekte, bay ha'm jarlı ellerdin' arasındag'ı ayırmashılıq ku'sheymekte. Adamzat bu'gin materiallıq baylıqlardı tutınıwdın' ko'beyiwinen bas tarta almaytug'ınlıg'ının' gu'wası bolıp otırmız. Bunday jag'day, a'sirese, en' aldı menen «altın milliard» dep atalatug'ın ellerge tiyisli. Jigirma birinshi a'sirde xalıqtın' sanının' rawajlanıp atırg'an ellerinde olardın' sanının' qısqarıwına u'mitleniw de qıyın. Bul ellerdin' xalqının' sanı bunnan bılay da o'sse kerek, bizlerdin' pikirimizshe, Jer xalqının' 85% quraytug'ın shıg'ar. O'ndiristin' o'siw stereotipi ha'kimiyatlıq ha'm is bilermen ortalıqlar ta'repinen qollap-quwatlanbaqta. Mısalı, BMSH ekspertlerinin' boljawı boyınsha, Jer planetasının' xalqının' sanı 2050-jılg'a kelip tag'ı da shama menen u'shten birge ko'beyedi ha'm 8-9 mlrd. adamg'a jetedi. Onnan da ko'pke globallıq jalpı o'nim de o'sedi. Tek 2020 jılg'a kelip, ol 77%, sonın' ishinde rawajlang'an ellerde 61%, al basqalarında 140% o'sedi. Adamzattın' dawam etip atırg'an o'siwi munisipallıq shıg'ındılardın' jan'a tawların payda etedi: olardın' globallıq ko'lemi 2020-jılg'a kelip 1,8 ma'rtebege ko'beyedi ha'm jılına 2 mlrd tonnanı asıp o'tedi[48].

BMSH Riodag'ı konferensiyanın' ha'm Yoxannesburgtegi Du'nyalıq Sammittin' shaqırıg'ı boyınsha civilizaciyalıq rawajlanıw bag'darlarının' o'zgeriwinin' ornına, du'nya haqıyqatında go'nergen sızılma, yag'nıy

[47] Қараңыз: Коптюг В.А. Конференция ООН по окружающей среде и развитию. (Рио-де-Жанейро, 1992 г.). Информационный обзор. Новосибирск, 1992. С.24
[48] See: OECD Environmental Outlook. Paris, 2001. P. 59, 91, 146, 151, 237.

civilizaciyalıq rawajlanıwdın' texnogenlik jolı boyınsha rawajlanıwın dawam etpekte. Bug'an qosımsha sonıda aytıp o'tiwimiz tiyis, keyingi jıllar ishinde texnokratlardın' (olardı Batısta texnokratiyalıq optimistler dep te ataydı) topılısları ku'sheydi. Ha'zirgi waqıtta «Rim klubına» islengen en' keyingi bayanatlardın' biri bolg'an «Faktor chetıre: udvoenie produksii pri ispolzovanii polovinı resursov»[49] u'lken qızıg'ıwshılıqqa iye. Bul bayanattın' avtorlarının' bergen bahası boyınsha, zamanago'y texnologiyalar ortasha resurslardan paydalanıw effektivligin 4 retke ko'teriw mu'mkinshiligin beredi. Texnogenlik rawajlanıwdın' bul basqıshın, miynetti paydalanıwdın' effektivligin ko'teriwden resurslardan paydalanıw effektivligin ko'teriwge o'tiwdin' iske asıp atırg'an waqtın, avtorlar «effektivlilik revolyusiyası» dep ataydı. Biraq bul revolyusiya ha'zirgi zaman globallıq problemaların sheshe alarmeken? 1972-jıldag'ı Stokgolm konferensiyasınan baslap o'ndiriske resurslardan paydalanıw effektivligin ko'teretug'ın, qorshag'an ortalıqqa ta'sirdi pa'seytetug'ın u'zliksiz jan'a texnologiyalar engizilmekte. 1973-jıldan baslap ha'zirgi waqıtqa shekem energiyanı tejewshi texnologiyalardı engiziw na'tiyjesinde du'nyada barlıq jan'a energiyanı tejewshi jan'a dereklerden energiyanın' alınıwına salıstırg'anda ko'p energiya u'nemlendi[50]. Biraq ekologiyalıq problema sheshilgeni joq, al ol keskinlesip barmaqta. Bizlerdin' pikirimizshe, «effektivlilik revolyusiyası» arzan ha'm qol jetetug'ın tovarlardın' o'ndiriliwin o'siredi, sol sebepli toyıp bolmaytug'ın tutınıw «effektivlilik revolyusiyasın» basıp ketiwi mu'mkin. Bizler «jaqsıraqtı qa'lep edik, barlıq waqıttag'ıday boldı» degen standart jag'daydı alamız. «Effektivlilik revolyusiyası» u'stem su'rip turg'an texnogenlik rawajlanıwdın' formalarına prinispial hesh qanday jan'anı kirgizbedi. Shınında, ol «tutınıwshı ja'miyettin'» ideologiyasın alg'a su'redi. Usı ma'niste ol turaqlı rawajlanıw ideyasına qarsı turadı. Biraq en' baslısı, «effektivlilik revolyusiyası» ilimiy-texnikalıq progresstin' mu'mkinshiliklerine sheksiz isenimge tiykarlang'an ha'm usında bizler onın' civilizaciyalıq sheklengenligin ko're alamız.

---

[49] Weizsaecker E.U., Lovins A.B. Lovins L.H. Factor Four. Doubling Wealth – Having Resource Use. A report to the Club of Rome. London. 1997.

[50] Клименко В.В., Клименко А.В., Андрейченко Т.Н., Довгалюк В.В., Микешина О.В., Терешин А.Г. Знергия. Природа. Климат. М., 1997.

Bizler texnologiyanın' civilizaciyanın' generatorı sıpatındag'ı rolin moyınlaymız, biraq «texnologiyalıq optimizmnin'» pozisiyasın qollap-quwatlay almaymız. 1972-jıldag'ı Stokgolmdag'ı kofrensiyadan baslap du'nya ja'ma'a'ti xa'zirgi zaman gloabllıq problemalrın texnikalıq-texnologiyalıq modernizasiya jolları arqalı sheshiwge urınıp atır. Yoxanesburgtegi 2002-jılg'ı du'nya ju'zlik sammitinde Jer plantasındag'ı sociallıq-ekologiyalıq jag'day keyingi on jıl ishinde keskinleskenligi ta'n alındı. Rioda qabıl etilgen turaqlı rawajlanıw konsespiyasının' iske aspawının' baslı sebebin, bizler, globallıq ekologiyalıq jag'daydın' analizine bir ta'repleme texnoekonomikalıq usıldın' u'stem su'riwinde ko'remiz.

Bul qabıl etilgen birde bir hu'jjette xa'zirgi zaman ekologiyalıq jag'dayı adamzat civilizaciyasının' rawajlanıwının' qa'liplesken vektorının' ruwxıy-a'dep ikramlılıq krizisinin' na'tiyjesi ekenligi moyınlanbaydı. Sol sebepli de ko'plegen ma'mleketler turaqlı rawajlanıw modelin «ekonomikalıq o'siw + ta'biyattı qorg'aw» degen a'piwayı formulag'a alıp keldi. Usının' menen bir qatarda turaqlı rawajlanıwdı ideologiyalastırıw iske asırıldı. «Turaqlı rawajlanıw ideologiyası» astında, haqıyqatında, materiallıq tutınıwdı ken'eytiwge bag'dar alıng'an, al turaqlı rawajlanıw ideyası bolsa onı ulıwma jaqsılıq ma'pinde sheklewdi an'latadı. Turaqlı rawajlanıw konsepsiyasın massalıq ma'deniyatqa aylandırıw a'piwayılastırılıp atır – ol turaqlı rawajlanıw ideyasın joq qılıw menen juwap qaytarıwdı basshılıqqa almaqta. Turaqlı rawajlanıw ideyasın qutqarıwımız ushın onı ideologiyalıq qabırshaqtan azat etiwimiz tiyis, og'an ja'miyettin' ruwxıy evolyusiyası talapların an'latatug'ın haqıyqıy mazmunın qaytarıwımız tiyis. A.A.Gorelovtın' pikirinshe, «ruwxıy evolsyusiya beyishke shaqıradı. Biraq jaqsı tilekler menen suwg'arılg'an almastırıw dozaqqa aparadı… Almastırıwdan ıqtıyarlı tu'rde qurbanlıqqa qaytıw iske aspasa krizis dawam ete beredi»[51]. Turaqlı rawajlanıwdın' texnikalıq-ekonomikalıq tu'sindirmesinin' ornına jan'a civilizaciyalıq shaqırıqqa beriletug'ın adekvatlıq juwaptı an'latatug'ın mazmun, atap aytatug'ın bolsaq, ruwxıy ekologiyası dep tu'siniletug'ın joqarı ma'deniyat keliwi tiyis. Joqarı ma'deniyattın'

---

[51] Горелов А.А. Эволюция културы и экология. М.,2002. С.184

rawajlanıwı qurbanlıq arqalı iske asırıladı. Biraq adamzat qurbanlıqqa biosferanı qutqarıw ushın o’zin sheklewdi alıp keliwge uqıplı ma? – degen soraw u’lken problemanı keltirip shıg’aradı.

N.Moiseevtin’ pikiri boyınsha texnoekonomikalıq ha’m ideologiyalıq qutıdag’a turaqlı rawajlanıw konsepsiyası «adamzattın’ qorqınıshlı aljasıwın» beredi. Biraq bul faktten turaqlı rawajlanıw ideyasınan bas tartıw juwmag’ı kelip shıqpaydı. Bul ideya demokratiya idealınday a’hmiyetli ha’m a’detke aylang’an mazmundı beredi.

Anaw yaki mınaw tu’siniktin’ mazmunının’ tariyxıy o’zgeriwi – ulıwma alg’anda normal na’rseni an’latadı. O’mir o’zinin’ du’zetiwlerin qa’driyatlardı ha’m prioritetlerdi tan’law ma’selesine kirgizedi. Bul faktti biykarlap bolmaydı. A.Novikovtın’ aytıwı boyınsha, «adamzat bolmısının’ «empirikalıq ko’sheri do’gereginde» idealdın’ mudamı aylanısta bolıwı optimal aralıqtı u’zliksiz saqlaw menen onın’ qa’driyatlıq statusın saqlaydı ha’m idolg’a da, utopiyag’a da aylanıwg’a mu’mkinshilik bermeydi»[52]. A. Novikovtın’ bul pikiri tolıg’ı menen turaqlı rawjalanıw ideyasına da tiyisli. Turaqlı rawajlanıw konsepsiyasın o’mir su’rip atıg’an waqtına sa’ykes refleksivlik-kritikalıq jaqtan tu’siniw onı teoriyalıq ha’m praktikalıq jaqtan qollap-quwatlawdın’ a’hmiyetli sha’rtin beredi. A.B.Veberdin’ pikirinshe, «turaqlı rawajlanıw o’zine bir pu’tin ustanovkanın’ qanday da bir sociallıq nızamları menen ulıwma sha’rtlilik ha’m anıqlang’anlıg’ın qamramaytug’ın «ashıq» konsepsiyasın an’latadı. Ol aldınnan belgilenbegen son’g’ı punkt, radikal sociallıq o’zgeriwdin’ joybarı emes, al o’mir menen tolıqtırılg’an, ja’miyetlik rawajlanıw processinde rawajlanatug’ın ha’m o’zgerip otıratug’ın «regulyativlik» ideya bolıp tabıladı»[53]. Demokratiya tu’sinigi evolyusiyasının’ analogiyası boyınsha to’mendegi shamalawdı aytıwımızg’a boladı: turaqlı rawajlanıw konsepsiyasının’ qa’driyatlıq statusı ja’miytte eger ol dogma sıpatında emes, al du’nyanın’ garmoniyası ja’miyetlik rawajlanıwdın’

---

[52] Новиков А.А. О парадоксах идеала//Идеал, утопия и критическая рефлексия. М.,1996. С.155
[53] Вебер А. Устойчивое развитие как социалная проблема . М., 1999. С.49

maqsetleri ha’m qa’driyatları haqqında ko’z qaraslardın’ rawajlanıwshı sisteması sıpatında qabıl etilgeninde g’ana bekkemlenedi (tastıyıqlanadı).

Bizlerdin’ pikirimizshe, turaqlı rawajlanıwdın’ barlıq anıqsızlıg’ı ha’m burmalanıwları turaqlı rawajlanıw konsepsiyasın Batısta ha’zir u’stem su’rip turg’an qa’driyatlardın’ liberallıq sisteması menen tu’sindiriwlerdin’ dawam etiwi menen baylanıslı. Ol juwapkershilikke, a’dillikke ha’m birge islesiwge bag’darlang’an jan’a paradigmag’a tiykarlanıwı tiyis. Bul jerde erkinlik tu’sinigi jeke juwapkershilikti moyınlaw menen baylanıslı, o’z gezeginde, jeke juwapkershilik ideyası adamlar ta’repinen o’zlerin du’nyadag’ı waqıyalardı qadag’alaytug’ın erkin do’retiwshiler sıpatında qabıl alıw menen baylanıslı. Eger batıstag’ı (liberallıq) ja’miyet bir ta’repleme erkinlikke bag’darlanatug’ın bolsa, onda turaqlı rawajlanıw erkinlik mu’mkinshiligin birge islesiw ha’m juwapkershilik za’ru’rligi menen sa’ykeslendiriwi tiyis. Bizin’ erkinligimiz du’nyanın’ bolmısı ushın juwapkershilikten bo’leklenbegen.

Rawajlanıwdın’ ruwxıy paradigmasına keletug’ın bolsaq, ruwxıylıq quramalı, biraq anıq qubılıstı an’latadı, onın’ ma’nisin bir so’z benen – «o’zin transtendenciyalaw», bir formula menen – «alg’a ha’m joqarı» degen mazmun arqalı sa’wlelendiriwge boladı[54]. Haqıyqattan da «Ruwx» so’zinde qu’diretli dinamika, do’retiwshilik inta seziledi. Adamnın’ ullılıg’ı ha’m ku’shi – ruwxta, waqıttın’ og’ına iyelik etiwde, ma’n’gilikke umtılıwında ko’rinedi. Ruwqıylıq sananın’ sonday modusı bolıp, onda bizler o’zlerimizdin’ qorshag’an ta’biyiy ha’m sociallıq ortalıq penen, barlıq kosmos, a’lem menen baylanısımızdı sezemiz. Usıdan ekologiyalıq jaqtan tu’siniw o’zinin’ mazmunı boyınsha ruwxıylıqqa iye boladı. Bunday ruwxıylıqqa tiykarlanbay ekologiyalıq problemalardın’ sheshimin, turaqlı rawajlanıw konsepsiyasının’ ulıwma planetalıq masshtabta iske asıwın ko’z aldımızg’a keltiriwdin’ o’zi qıyın.

Ekologiyalıq krizistin’ sebebi adam teginin’ ta’biyatqa qatnastag’ı egoizminde, onın’ resurslarına jırtqıshlıq qatnasta ko’rinedi. Biraq bunday ta’biyiy qorshag’an ortalıqqa qatnastın’ mu’mkin bolıwı adam ja’miyetinin’ ishinde

---

[54] Қараңыз: Кандинский В.О. О духовности в искусстве. Л., 1990. С.11

jırtqıshlıqtın' a'dep-ikramsızlıq prinsipinin' u'stem su'riwi menen baylanıslı. Ekologiyalıq krizis tek adamzat ja'miyetinin' a'dep-ikramlılıg'ının' pa'seyiwinin' tiykarın ashıp berdi. «Qorshag'an ortalıqtın' globallıq krizisinin' tamırlarına jetiwge umtılg'an sayın, bizlerdin' aldımızda ruwxıy krizis dep atawga bolatug'ın ishkinin' krizisnin' sırtqı ko'riniwinin' g'ana turıwına isenemen»[55] - dep E.Gor jazadı. Usıg'an baylanıslı, adamzat kesellengen ta'biyattı emlew mu'mkinshiligine iye bolıwı ushın birinshi gezekte ruwxıy jaqtan o'zin emlewi tiyis. Ekologiyalıq problemanı ja'miyettin' a'dep-ikramlılıq jaqtan salamat bolıwınan biyg'a'rez sheshiw mu'mkin dep oylaytug'ın adamlardın' ha'mmesi qa'telesdi.

Adamzattın' turaqlı rawajlanıwı turmıstın' materiallıq ha'm ruwxıy baslamalarının' dinamikalıq ten' salmaqlıg'ın talap etedi[56]. Bu'gin bizler o'zlerimizdin' turmısımızda materiallıq faktorının' anıq u'stinligin ko'remiz, ol texnikanın' ekspansiyasında o'z sa'wlesin tapqan. Usıg'an baylanıslı joqarda aytılg'an ten' salmaqlıqtı qayta tiklewimiz ushın ja'miyettin' ruwxıy ku'shlerin ha'reketke keltiriwimiz tiyis. Turaqlı rawajlanıw siyasatı tolıq fiaskog'a ushıraydı, eger ol turaqlılıqtı ha'm o'mirdi qutqarıwdı materiallıqtan tısqarıda – ruwxtın' bir pu'tin ustanovkalarının' birine alıp keliwshi jollarda ko'riwge umtılmasa. Solay etip, turaqlı rawajlanıwdın' ma'nisi substansionallıq uzaq dawam etiwshilikte ko'rinedi, ha'm ol ruwxıy evolyusiya menen sa'keys keledi, eger onı «Jan'a, jan'a do'retpelerge alg'a ha'reket» dep tu'sinetug'ın bolsaq[57].

Ha'zir bizin' ja'miyetimiz ruwxıylıqtın' rolin tu'sine aladı ma, turaqlı rawajlanıw ushın ruwxıy energiyanı mobilizasiyalay aladı ma? - degen soraw aktuallıqqa iye. 1990-jıllardın' ta'jriybesi bizin' elimizdin' tan'lag'an jolı tutınıwshılıqqa tiykarlang'an ja'miyettin' ramkasında onın' mentalitetine juwap bermeytug'ınlıg'ın ko'rsetti. O'zbekistannın' haqıyqıy perspektivası turaqlı rawajlanıw modelin tan'lawda, ol jerde baslı prioritetler sıpatında ruwxıylıq, adam ha'm ta'biyat alıp qaraladı. Birinshi gezekte, ol en' baslı baylıqtın' adamnın' ishinde ekenligin, en' baslı qa'driyattın' ruwxıy kapital ekenliginde ko'rinedi.

---

[55] Гор Эл. Земля на чаше весов. Экология и человечксий дух. М., 1993.С.17
[56] Қараңыз: Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш давр талаби. Т., 1997; Каримов И. Юксак маънавият енгилмас куч. Т., 2008.
[57] Бергсон Н.А. Творческая эволюция. М., 1998. С.215

Bunday tu’siniwden ha’zirgi ja’miyettin’ turaqlı rawajlanıwının’ jetkilikli jag’daylarının’ dizimi kelip shıg’adı: 1) ruwxıy kapitaldın’ o’siwi sociallıq to’lemlerdin’ o’siminen ozıwı tiyis; 2) ma’mlekettin’ sociallıq to’lemlerinin’ o’siwi jalpı milliy o’nimnin’ o’siwinen ozıwı tiyis; 3) jalpı milliy o’nimnin’ o’siwi energetikanın’ o’siwinen ozıwı tiyis; 4) energetikanın’ o’siwi paydalı qazılmalardın’ alınıw tempinin’ ko’beyiwinen ozıwı tiyis[58]. Bir so’z benen aytqanda adamzattın’ turaqlı rawajlanıwının’ baslı ha’m anıqlawshı ko’rsetkishin adamlardın’ o’mir su’riw uqıplılıg’ı beredi. O’z gezeginde xalıqtın’ o’mirge turaqlılıg’ı adamnın’ ha’m ja’miyettin’ ruwxıy-a’dep-ikramlılıq halatınan g’a’rezli.

Turaqlı rawajlanıw konsepsiyası qa’liplesken ku’ninen baslap aksiologiyalıq sha’rtlerdi jeterli da’rejede tu’sindirmegeni ushın anıqsızlıqqa iye. Bir ta’repten onı ekonomistler «o’siw shekleri» tu’sinigin qollang’anlıg’ı, al ekologler bolsa ekonomikalıq o’siw za’ru’rligin moyınlag’anı ushın kritikalaydı.

Bizlerdin’ pikirimizshe, turaqlı rawajlanıw konsepsiyasının’ ha’lsizligi onda turaqlı rawajlanıw problemasın texnikalıq problema sıpatında tu’sindiriw, yag’nıy berilgen maqsetlerdi iske asırıw ushın sa’ykes usıllardı tan’law problemması sıpatında alıp qarag’anında ko’rinedi. «Brundtlandtın’ esabında da», «XXI - a’sir ushın ku’n ta’rtibi» degen hu’jjette de turaqlı rawajlanıwdı ekonomikalıq o’siw ha’m ekologiyalıq salamatlılıqtın’ o’z-ara sa’ykes keliwinin’ sonday usılı dep tu’sindiredi, onda, bir ta’repten, adamlardın’ (ha’zirgi ha’m keleshek a’wladlar ushın) talapların qanaatlandırıw ushın uzaqqa mo’lsherlengen potensial saqlanadı, ekinshi ta’repten, ekologiyalıq sheklewler ta’n alınadı. Bizlerdin’ pikirimizshe, turaqlı rawajlanıwdın’ talabı ekosistemalardın’ turaqlılıg’ı ha’m ekonomikalıq o’siwdin’ arasındag’ı kompromissti tabıwg’a umtılıwg’a salıstırg’anda u’lkenirek mazmundı qamtısa kerek. Ol adamlardın’ qa’driyatlarındag’ı ja’miyetlik maqsetlerdegi revolyusiyanı an’latadı. Bul revolyusiyanın’ baslı mazmunın tutınıwshı prioritetlerdi ruwxıy-ekologiyalıq qa’driyatlarg’a almastırıw beredi.

---

[58] Қараңыз: Бушуев В.В., Голубев В.С. индексы социално-природного развития России и стран мира //Общественные науки и современност. 2001. С.162.

Ha’zir u’stem su’rip turg’an qa’driyatlar sisteması tutınıwdın’ u’zliksiz spiral ta’rizli o’siwin qollap-quwatlaydı: tutınıwdı sheklew ekonomikalıq o’siwge unamsız ta’sirin tiygiziwi mu’mkin degen mazmundı alg’a su’redi. Turaqlı rawajlanıw bazardı sheklewdi talap etedi. Bazar sisteması barlıq paydalar aqshalıq bahalarda sa’wlelenetug’ınlıg’ın ko’rsetedi. Bunday utilitarlıq-monetaristlik bazar kapitalizmnin’ ideologiyasına qarsı turaqlı rawajlanıw filosofiyası sociallıq a’dillikke ha’m gumanistlik birge islesiwge dıqqatın qaratadı. Haqıyqattanda, bizler bul jerde eki kontradiktorlıq qa’driyatlıq paradigmalar menen is alıp baramız – olardın’ birewi u’stem su’rip turg’an ha’m ekinshisi – jan’a, tuwılıp atırg’an paradigmanı beredi. Olardın’ arasındag’ı ayırmashılıqtı to’mendegi sızılmada ko’rsek boladı:

Eki qa’driyatlıq paradigmalar

| Jan’a | U’stem su’riwshi |
|---|---|
| 1. Ta’biyattın’ o’zinshe bahalıg’ı, qa’driyatlıg’ı<br>A) ta’biyat aldında bas iyiw<br>B) adam ha’m ta’biyattın’ o’z-ara baylanısı<br>V) qorshag’an ortalıqtı qorg’aw ekonomikalıq o’siwge salıstırg’anda a’hmiyetlirek | 1. Ta’biyatqa utilitarlıq (paydaku’nemlik) qatnas<br>A) ta’biyattı o’ndiristin’ faktorı sıpatında qollanıw<br>B) adamnın’ ta’biyat u’stinen hu’kimdarlıg’ı<br>V) ekonomikalıq o’siw qorshag’an ortalıqtı qorg’awg’a salıstırg’anda a’hmiyetlirek |
| 2. Riskten(qa’wipten) qashıwga umtılıw<br>A) ilim ha’m texnologiya ha’mme waqıtta jaqsılıq emes<br>B) yadrolıq energetikanın’ bunnan bılay rawajlanıwınan bas tartıw<br>V) ta’biyattı ha’m adamdı qorg’aw maqsetinde ma’mleketlik ta’rtiplesiw | 2. Qa’wipti baylıqtı maksimallastırıw ushın qabıllaw<br>A) joqarg’ı jaqsılıq sıpatında ilim ha’m texnologiyanı absolyutlestiriw<br>B)yadrolıq energetikanı tezletiw<br>V) qa’wip ushın individuallıq juwapkershilik, ta’rtiplespew, bazar |
| 3. O’siw shekleri | 3. O’siw sheklerin biykarlaw |

| | |
|---|---|
| A) resurslardın' sheklengenligi<br>B) demografiyalıq qa'wip<br>V) resurslardı u'nemlew | A) resurslar praktikalıq jaqtan sheklenbegen<br>B) xalıqtın' o'siwi probleması o'z-o'zinen sheshiledi<br>V) o'ndiriske ha'm tutınıwg'a ku'shti beriw |
| 4. Jan'a ja'miyet<br>A) ashıqlıq ha'm qatnasıw<br>B) ja'miyetlik baylıqqa tiykarlanıw<br>V) birge islesiw<br>G) turmıstın' a'piwayıraq stili<br>D) is (jumıs) penen qanaatlanıw | 4. O'mir su'rip turg'an ja'miyetke – awa<br>A) ierarxiya ha'm effektivlilik<br>B) bazarg'a tiykarlanıw<br>V) konkurensiya<br>G) jan'a baylıqlardın' izinen quwıw<br>D) jumıs – ekonomikalıq talaplardı qanaatlandırıw usılı |
| 5. Jan'a siyasat<br>A) ma'sla'ha't ha'm qatnas<br>B) aldınnan boljaw ha'm jobalastırıw<br>V) tuwrı ha'reketlerdin' demokratiyası<br>G) jan'a partiyalıq struktura – ekologiyalıq ko'sher boylap | 5. Go'ne siyasat<br>A) ha'mmesin ekspertler sheshedi<br>B) bazarlıq qadag'alaw<br>V) tuwrı ha'reketlerge qarsı - a'dettegi praktikanı paydalanıw<br>G) shep-on' partiyalıq struktura - o'ndiris usıllarına menshiklik haqqında aytıslar (tartıslar) |

Siyasatshılar ha'm ekonomistler arasında turaqlı rawajlanıwdın' tiykarg'ı ideyasın ta'biyattı qorg'aw talabı an'latadı degen pikir bar. Bul pikirge bizler qosıla almaymız. Batıs ellerdin' ta'jriybesi ta'biyattı pataslaw menen gu'resiw adamzattın' aman qalıwı ushın jetkiliksiz ekenligin ko'rsetpekte. Ol tek g'ana ken'islik ha'm waqıtta «patas» o'ndirislerdin' aqıbetin keyinge sozadı. Ta'biyattı pataslaw – adamzattın' ta'biyattı tutınıwshılıq strategiyasının' aqıbeti. Sebep – tu'tin shıg'arıwshı trubalarda emes, al adamnın' o'znin' ta'biyatında, onın' qa'driyatlarının' tutınıwshılıq bag'darlanıwında. Usıg'an baylanıslı bul

problemanın’ sheshiliwinin’ tek taza texnikalıq usıllarının’ o’mir su’riwi mu’mkin emes. Texnikalıq progresstin’ o’zi ta’biyat ha’m ja’miyettin’ koevolyusiyasının’ talaplarına sa’ykes aqılıy ta’rtiplestiriliwi tiyis, yag’nıy olardın’ o’z-ara adaptasiyası, birge kelisip rawajlanıwı maqsetinde retlestiriliwi tiyis. Bunday pozisiya «ta’biyatqa qaytıw» degen shaqırıq penen hesh qanday ulıwmalıqqa iye emes. Ol jan’a texnologiyalardı do’retiwge ha’m engiziwge salıstırg’anda a’hmiyetlirek ma’seleni adamnın’ sanasın, onın’ qa’driyatlar sistemasın, onın’ ta’biyatqa qatnasın o’zgertiw an’alatatug’ınlıg’ın beredi.

Ha’zirgi zaman «turaqlılıq problematikasının’» tiykarı industriallıq revolyusiya payda etken turmıs obrazının’ materiallıq komfort ko’z qarasınan qolaylılıg’ında ko’rinedi, biraq ol qa’driyatlardın’ globallıq shkalasına sa’ykes kelmeydi. Tutınıwshılıq turmıs obrazının’ standartları boyınsha jasap atırg’an altı milliard adamnın’ qorshag’an ortalıqqa basımı qu’diretli bolıp, onı jer planetasındag’ı birde bir ekosistema ko’tere almaydı. Turaqlı rawajlanıwdın’ qa’driyatlar siteması ekologiyalıq talaplardı esapqa alg’an halda tutınıwshılıqtın’ erkinligin sheklewdi xoshametleydi. Sonın’ menen birge planetanın’ xalqının’ u’lken bo’leginin’ tiykarg’ı talapların qanaatlandırıw za’ru’rligi haqqında ideya tastıyıqlanadı (bay azshılıqtın’ qopal qa’lewlerin qanaatlandırıwdı sheklew esabınan). Bul jerde turaqlılıq tu’sinigin turmıs sapasına, tutınıwg’a ha’m o’ndiriske tarqatıw usınıs etiledi.

Turaqlı o’ndiris dep energiyanın’ qayta tiklenetug’ın ha’m ekologiyalıq qa’wipsiz dereklerin (quyash, samal), resurslardı tejewshi effektiv usıllardı, shıg’ınsız texnologiyalardı h.b. qollanıwg’a tiykarlang’an o’ndiris processlerine o’tiw dıqqatqa alınadı. Bul jan’a talaplar sanaat o’nimine qoyıladı: az materiallıq ha’m energiyalıq sarıplanıwshılıq, ekologiyalıq qa’wipsizlik, ekspluatasiyalawdag’ı sapalılıq, uzaq waqıt paydalanıw mu’mkinshiligi. Bul ekonomika sanlı emes, al turmıstın’ sapalı ko’rsetkishlerine bag’darlanadı.

Turaqlı tutınıwdın’ ma’nisi joqarı tutınıwshılıq fenomenine qarsı qoylıwda ashıladı. Tutınıwshı ja’miyet tutınıwdın’ maksimilistiriliwine, «ko’p da’rejede iyelik etiwge» bag’darlanadı. Turaqlı tutınıwdın’ tiykarında «jetkilikli» prinsipi

jatadı. «Jetkiliklik» o’lshemine sa’ykes tutınıwdı rasionallastırıw qa’driyatlıq orientasiyada, turmıs stilinde sa’ykes o’zgerislerdi talap etedi. Tutınıw usılların almastırıw talabı birinshi gezekte sanaatı rawajlang’an, bay ellerge tiyisli. Turaqlı turmıs sapası dep berilgen jag’dayda sonday turmıslıq baylıqlar alıp karaladı, birinshiden olar minimallıq bazalıq talaplardı qaplaydı, ekinshiden, turmıs sapasın jaqsılaytug’ın da’rejede olardan u’stin keledi (artıqsha san turaqlı bolmaydı, olar son’ında pa’seyiwge alıp keledi), u’shinshiden, salamat turmıs ta’rizi, jumısqa jaylasıw mu’mkinshiligi, ta’limnin’ ha’m medisinalıq xızmettin’ qol jeterlik da’rejede bolıwı, qolaylı qorshag’an ortalıq, jeke qa’wipsizlik, ja’miyetlik islerge qatnasıw, insannın’ o’zin realizasiyalawı sıyaqlı elementlerdi o’z ishine qamtıydı[59]. Bul jerde turmıs obrazın o’zgertiw jolı menen turmıs sapasının’ joqarıraq standartın ta’miyinlew mu’mkinshiligin beretug’ın gu’lleniwdin’ jan’a konsepsiyaları, jerdin’ sheklengen resurslarınan kem da’rejede g’a’rezli bolatug’ın ekonomikalıq o’siwdin’ jan’a modelleri haqqında ga’p ketpekte. Turaqlı rawajlanıw konsepsiyası birinshi orıng’a turmıs sapasın shıg’aradı. Sapalı turmıs ushın birinshi gezekte bazislik talaplardın’ qanaatlandırılıwına kepilliktin’ beriliwi talap etiledi. Praktikanın’ ko’rsetkenindey, bul talaplardı qanaatlandırıp bolg’annan keyin turmıs sapası turmıstın’ materiallıq standart da’rejesinen az, al ruwxıy faktorlardan ko’p g’a’rezli boladı. Usıg’an baylanıslı tutınıwshılıq qa’driyatlar ruwxıy do’retiwshiliktegi talapqa salıstırg’anda keyingi plang’a shıg’adı.

Turaqlı adamlıq rawajlanıw adamnın’ aqılg’a sa’ykes talapların qa’liplestirgen jag’day da g’ana mu’mkin boladı. Materiallıq ha’m ruwxıy talaplardın’ balanslı bolıwı ekologiyalıq imperativ penen sa’ykeslikte bolg’anda g’ana talaplar sisteması aqılg’a say dep esaplasaq boladı. Adamnın’ talapların optimallastırıw ja’miyetlik rawajlanıwdın’ bag’darın (vektorın) adamnın’ tiykarlıq ku’shlerin, do’retiwshilik potensialın ken’eytiwge maqsetleniwdi talap etedi. Tek adamnın’ uqıplıqların rawajlandırıw menen g’ana onın’ talapların ruwxıy jaqtan ko’teriw baylanıslı boladı.

---

[59] Қараңыз: Вебер А. Устойчивое развитие как социалная проблема . М., 1999. с.32-33

Turaqlı rawajlanıwdın' gumanistlik strategiyası barlıq adamlardın' ta'biyiy talapların tolıq qanaatlandırıw za'ru'rligi ha'm statuslıq-aqsu'yeklik tutınıwshılıqtı sheklewdi moyınlawg'a tiykarlang'an. Materiallıq qa'driyatlarg'a bir ta'replemeli asa ketken da'rejede qızıg'ıwshılıq olardı «bir o'lshemli maqluqatlarg'a» aylandıradı, olar qorshag'an ortalıqtın' «shıqırıg'ına» adekvat ta'rizde juwap qaytarıw uqıplılıg'ına iye bolmaydı, turmıslıq mu'mkinshiliklerdin' ko'p tu'rliligin tu'sine almaydı. Turaqlı rawajlanıwdın' tiykarg'ı ma'selesin ta'biyattın' ruwxıy qa'driyatın qalay tiklewge boladı, adamlardın' aqılg'a say turmıs ta'rizin qalay tastıyıqlawg'a boladı degen soraw beredi. Bul ma'sseleni iske asırıw adamnın' ruwxıy talapların ruwxıy ko'termelewsiz mu'mkin emes.

Adamnın' talapları piramidasının' shın'ın ruwxıy ko'teriliwge – en' aldı menen erkin do'retiwshilikke bolg'an talap beredi. Turaqlı rawajlanıw tutınıw fazasınan o'zin aqırına shekem sarıplaw, beriw fazasına o'tiwdi, adam na'rselerdin', zatlardın' qulı bolg'an tutınıw ja'miyetinen adamlardın' erkin o'zin sheklewine tiykarlang'an ruwxıy ja'miyetine o'tiwdi an'latadı. Adamlardın' talaplarının' ruwxıy ko'teriliwine qaray adam iskerliginin' energiya sarıplawı, aqırında qorshag'an ortalıqtın' entropiyası pa'seyedi.

Adamnın' talapların ko'termelew ushın sheshiwshi a'hmiyetke barlıq zamanago'y ja'ma'a'tler ushın birdey qa'driyatlar sisteması institutlastırıw haqqındag'ı ma'sele iye boladı. Turaqlı ja'ma'a'tlerdin' qa'driyatlıq u'lgisin tu'siniwde fundamentallıq roldi eydos garmoniyası atqaradı. Bul eydosqa sa'ykes turaqlı rawajlanıwdın' qa'driyatlıq orientirlerin to'mendegishe sıpatlawg'a boladı:

A) adamnın' ta'biyat penen garmoniyası, onın' ushın adamzat o'zinin' ta'biyatqa ekspansiyasın toqtatıwı tiyis.

B) adamnın' ta'biyat penen garmoniyası, onın' ushın individ o'zinin' egoistlik talapların kollektivtin', sosiumnın', ma'mlekettin' ma'pleri menen ten'lestiriwi tiyis.

V) adamnın' o'zi menen garmoniyası, ol o'mirdin' ma'nisine ha'm baxıtqa erisiwdi an'latadı. Ja'miyetti garmoniyalastırıwdın' tiykarg'ı sha'rtin sociallıq a'dillik beredi: ten' o'lshemlilik ha'm kelisimliliq, ten' ullılıq ha'm o'lshem,

ten’dey qatnas ha’m birge islesiw. Turaqlı rawajlanıw strategiyasın iske asırıw resurslardı a’dilsiz bo’listiriwdi qollap-quwatlaytug’ın ha’m xoshametleytug’ın sociallıq institutlardan bas tartıwdı talap etedi. Bu’gin ha’m keleshekte ja’miyet barlıq adamlarg’a o’zinin’ potensialın qollanıw ushın ha’m o’zinin’ uqıplılıqların ken’eytiw ushın, olardı tolıq tu’rde turmıstın’ siyasiy, ekonomikalıq, sociallıq, ekologiyalıq ha’m ma’deniy tarawlarında qollanıw ushın ten’ mu’mkinshiliklerdi beriwi tiyis.

Qa’driyatlar sistemasın eki da’rejege bo’lip qorsetiwimizge boladı. Birinshi da’reje - materiallıq baylıqlar ha’m sociallıq qa’driyatlar. Olar tek barlıq ja’miyetke tarqalg’an waqtında g’ana iske asadı. Eger materiallıq ha’m ja’miyetlik baylıqlar tek g’ana jeke elitarlıq toparlardın’ privilegiyası bolsa, onda olar sociallıq keskinlikti payda etedi, bunday jag’dayda baylıqlardın’ elita ushın da bahası bolmay qaladı.

Qa’driyatlardın’ ierarxiyasının’ joqarg’ı da’rejesi a’dep-ikramlılıq nızam menen belgilenedi. Ol ierarxiyanın’ to’mengi da’rejelerin shekleydi ha’m qadag’alaydı. Usı ma’niste ol joqarg’ı qa’driyat, barlıq zatlardın’ o’lshemi sıpatında alıp qaraladı. Etikalıq sheklewlersiz qa’legen ja’miyetlik aksiya qa’wipli aqıbetlerge iye boladı. Mısalı ushın, ekologiyalıq aksiyalar, eger olar etikanın’ shegarasınan shıg’ıp ketpese g’ana orınlı boladı. Basqasha jag’dayda «maqset usıllardı anıqlaydı» degen prinsip ha’reket etedi. Yag’nıy ta’biyattı qutqarıw ushın adamlardın’ o’mirin qurban etiwge bolatug’ın jag’day kelip shıg’adı. Bul halat iske assa, ta’biyattın’ «joqarg’ı qa’driyatlılıq» ideyası biyma’nilikke aylanadı. Sol sebepli, ekologiyalıq problemalardı sheshkenimizde etikalıq kriteriydin’ u’stinligin ta’miyinleytug’ın mexanizmler ha’reket etiwi tiyis. Etikalıq minez-qulıq a’piwayı aqılıy minez-qulıq bolıp tabıladı. Sebebi etika o’zimizdin’ is-ha’reketlerimizde sergeklikti, barlıq na’rsede o’lshemdi saqlawdı, o’zimizdin’ qa’lewlerimizdi basqa adamlardın’ ma’pleri menen, ta’biyatlıq sheklewler menen kelisimge a’keliwdi talap etedi.

## §2. Ekologiyalıq etika ha’m turaqlı rawajlanıw

Ha’zirgi waqıtta u’stem su’rip turg’an qa’driyatlıq ustanovkalar (ha’kimiyat, baylıq h.b.) adamnın’ talapları ha’m biosferanın’ mu’mkinshilikleri arasındag’ı keskinlikti teren’lestirip jiberedi. «Bizlerdinn’ qa’driyatlar sistemamız, sociallıq sho’lkemimiz, texnologiyalar janar may-energetikalıq resurslardı ekspluatasiyalaw bergen mu’mkinshiliklerge iykemlesiw ushın o’z-ara ta’sir etisken»[60] -dep jazadı R.Norgaard. Ha’zirgi zaman antropooraylıq etika xabar da’wirindegi turaqlı rawajlanıw perspektivalarına salıstırg’anda bul berilgen mu’mkinshiliklerdi analizleydi. Anotropooraylıq etikada turaqlı rawajlanıw strategiyası ko’z qarasınan en’ baslısı jetispeydi: biosferanı adam ha’m ta’biyat koevolyusiyasının’ tiykarg’ı ha’m anıqlaytug’ın partnerı sıpatında tu’siniw joq. Ha’zirgi waqıtta mineral resurslardan paydalanıw ha’r on jılda eki retke ko’beymekte. Adam ta’repinen paydalanılatug’ın resurslardın’ 90% bizin’ planetamızdı pataslap, shıg’ındılarg’a (taslandılarg’a) ketedi. Usıg’an baylanıslı xabar ja’miyetinin’ turaqlı rawajlanıw strategiyasının’ tiykarg’ı ma’selelerinin’ birin o’sip baratırg’an adam populyasiyasının’ tutınıwshılıq talapları ha’m qorshag’an ortalıqtın’ adam aktivliliginin’ shıg’ındıların sortlaw uqıplılıg’ı arasındag’ı dinamikalıq balanstı qollap-quwatlaw beredi.

Turaqlı rawajlanıw ja’miyeti ja’miyettin’ rawajlanıw xarakteri ha’m ta’biyiy ortalıqtın’ halatının’ optimal sa’ykes keliw nızamının’ talapların realizasiyalaw jolındag’ı za’ru’rli basqıshtı an’latadı. Bul nızamnın’ iske asılıw da’rejesi adamlar ta’repinen «avtotroflılıq» qa’siyetine erisiw da’rejesin beredi. Usıg’an baylanıslı adam tag’ı da ta’biyattın’ bo’legine aylanadı. E.Girusovtın’ pikirinshe de «zamanago’y adamnın’ qayg’ısın onın’ ele ta’biyattın’ bo’legi bolmawı beredi ha’m bunda onın’ ilajsızlıg’ı ko’rinedi»[61]. Adamdı qutqarıw ekologiyalıq o’zin ta’miyinlew rejimine o’tiwde o’z sa’wlesin tabadı. Usıg’an baylanıslı adam ta’biyattı buzg’andı toqtatadı ha’m biosferanı saqlaw ha’m qollaw procesine kiredi. Burıng’ı barlıq civilizaciya ta’biyat resursların ekspluatasiyalawg’a

---

[60] Norgaard R. Sustainable development: a coevolutionary point of view//Future,20(6). P.617.

[61] Гирусов Э.В. Автoрофност как новая парадигма социалного развития//Религия ноосферного развития. М., 2003. С.50.

tiykarlang'an. Jan'a civilizaciya quyash energiyasınan paydalanıwg'a ha'm ilimiy-texnikalıq progresstin' jetiskenlikleri tiykarında za'ru'rli na'rselerdin' belgili bo'legin bag'darlang'an tu'rdegi sintezlewge tiykarlanadı. Bunday civilizaciyalıq transformasiyanın' a'hmiyetli alg'ı sha'rtin insannın' a'dep-ikramlılıq-etikalıq ustanovkalar sistemasın qayta qurıw beredi. L.Mitroxin a'dil tu'rde «ilimiy-texnikalıq revolyusiyanı morallıq revolyusiya menen tolıqtırıw talabın»[62] alg'a su'redi. Civilizaciyalıq rawajlanıwdın' ha'zirgi basqıshında ekologiyalıq etikanın' qa'driyatların tastıyıqlaw a'hmiyetke iye. Olarg'a Jerdin' etikası, ekologiyalıq juwapkershilik etikası, qıynalıw etikası, «islemew» (ha'reketsizlik) etikası kiredi.

Jer planetasının' etikası. Ekologiyalıq etikanın' tiykarg'ı ma'selesin adamnın' ta'biyat penen garmoniyalıq qatnasların anıqlaytug'ın ja'miyettin' qa'driyatlıq-normativlik ustanovkalar sistemasın du'ziw beredi. Onın' antropooraylıqtan parqı sonda, ol adamzattın' aman qalıwı ushın onın' a'hmiyetinen biyg'a'rez ta'biyattın' ishki qa'driyatın moyınlaydı. «Ta'biyattın' ishki o'zlik qa'driyatının'» kodlanıwında Xaydeggerdin' ta'biyiy fenomenlerdin' ontologiyalıq sheklenbegenligin bahalawdan kelip shıg'adı[63]. Ekologiyalıq etika adamlardı du'nyag'a seziwlik jaqtan qarawg'a shaqıradı, ta'biyattı obekt emes, al subekt sıpatında bahalawdı talap etedi. Usı ko'z qarastan ta'biyattın' barlıq do'retpeleri o'z huqıqları ha'm o'z ma'plerine iye, sol sebepli olar o'zlerine dıqqattı talap etedi.

Ekologiyalıq etikanın' tiykarın salg'an oyshıl retinde A.Leopold ta'n alınadı. Ta'biyattı qorg'awshılardın' arasında onın' «Jerdin' etikası» («Etika Zemli»)[64] atlı miyneti qa'ramatlı hu'jjet sıpatında basshılıqqa alınadı. Jerdin' Etikası adamnın' o'zin an'lawın o'zgertiw za'ru'rligi haqqında aytadı: ol o'zinin' Jerdegi halatın Jerdin' a'piwayı turg'ını sıpatında tu'siniwi tiyis ha'm biotikalıq ja'ma'a'ttin' basqa ag'zalarının' huqıqların hu'rmetlewge u'yreniwi kerek. Jerdin' etikası adamlarg'a biotikalıq ja'ma'a'ttin' basqa ag'zalarına qatnasta minnetlerin yadına saladı. Bul minnetler olardın' ekonomikalıq xarakterdegi jeke paydasına

---

[62] Митрохин Л.Н. Философия религии: новые перспективы//Вопросы философии. 2003 №8. С.25
[63] Қараңыз: Quoted in "Environmental Ethics". Vol.10. Athens, 1988. P228.
[64] Қараңыз: Callicot M.(ed). Companion to a Sand County Almanac. Madison: The University of Wisconsion Press, 1987

salıstırg'anda joqarı bolıwı sha'rt. Leopoldtin' pikirinshe, tek g'ana biotikalıq birlik «filosofiyalıq ma'nistegi qa'driyatqa» iye. «Biotikalıq ja'ma'a'ttin' bir pu'tinligin, sulıwlıg'ın ha'm turaqlılıg'ın saqlawg'a bag'darlang'an ha'reket durıs boladı ha'm bulardın' barlıg'ı kerisinshe bolsa, onda ol nadurıs boladı»[65]. Jerdin' etikası jolındag'ı tosıqlıqtı zamanago'y adamnın' Jerden u'ziliske tu'siwi beredi. Zamanago'y qalanın' Adamı jasalma, qurılg'an, semiotikalıq du'nyada – texnika ha'm Internet du'nyasında jasaydı. Onın', haqıyqattan da, Jerge qatnası joq, onın' ushın Jer – onın' «taslap ketken» na'rsesi, yamasa qalalar arasındag'ı ken'islik. Awıldın' Adamı ushın Jer da'ra'mattın' deregi. Onın' ushın Jer en' aldı menen ekonomikalıq obekt. Leopoldtın' pikirinshe, ta'biyattı qutqarıw ushın Jerge etikalıq yaki estetikalıq ko'z qarastan qarawg'a, na'zer taslawg'a u'yreniwimiz tiyis. Ol Jerdin' jan'a simvolın, atap aytsaq, «biotikalıq piramidanı» usınıs etedi. O'mir piramidası – joqarı sho'lkemlesken strukturanı beredi; onın' o'mir su'riwi onın' barlıq sostav bo'leklerinin' birge islesiwinen ha'm konkurensiyasınan g'a'rezli. Adamzat tegi bul piramidanın' mın'lag'an qatlamlarının' birin beredi. Biraq miynet qurallarının' oylap tabılıwına baylanıslı adam o'mir piramidasında burın bolmag'an o'zgerislerdi payda etti, ha'm bul o'zgerisler ta'biyiy evolyusiyag'a salıstırg'anda basqa ta'rtipke iye.

Leopoldtin' tiykarg'ı ideyasın to'mendegi so'zler arqalı beriwimizge boladı: «Jer – bul biotikalıq obshina». Jerdin' etikası morallıq qatnasıqlardın' fokusın biotikalıq ja'ma'a'tten bir pu'tin ja'ma'a'tke o'tkeredi. Onın' tiykarg'ı prinsipin biotikalıq birliktin' morallıq a'hmiyeti haqqındag'ı jag'dayı beredi. Jerdin' etikası ko'z qarasınan adamnın' aqılg'a say minez-qulqın ta'biyiy processlerge kirmew (aralaspaw) beredi.

Butros Butros Gali, BMSHinin' burıng'ı sekretari 1992-jılı Jerdin' Sammitinin' jabılıwında bılay dep aytqan: «Rio ruwxı endi civilizaciyalıq minez-qulıqtın' jan'a modelin do'retiwi tiyis. Endi adamlarg'a qon'sıların jaqsı ko'riw jetkiliksiz; ol o'zinin' du'nyasın, o'zinin' jerin jaqsı ko'riwdi u'yreniwi tiyis»[66].

---

[65] Leopold A. A Sand County Almanac. New York. 1968. P. 224-225.
[66] Boutros Boutros Ghalli. Exracts from closing UNCED statement, in an UNCED summary, June 14,1992.

Bizler jiyi-jiyi aytamız: «Jer kimgedur tiyisli» dep. Haqıyqatında jer bizlerge tiyisli emes. Durısıraq boladı: eger bizler «bizler jerge tiyislimiz, onda bizler anamızdın' ishinde jatqanımızday jaylasqanbız, bizler jerdin' do'retpesimiz» - dep aytsaq. Jer – bizin' bolmısımızdın' jayı. Bizler og'an o'zlerimizdin' jasap atırg'anımız benen, bizlerge o'mir ha'm aqıldı bergeni ushın minnetdar bolıwımız tiyis.

Ekologiyalıq juwapkershilik etikası. Bizler haywanlardan a'dep-ikramlılıq maqluqatlar bolg'anımız benen parıqlanamız. Tek g'ana morallıq sanag'a baylanıslı bizler adamlarmız. Basqa barlıq jag'dayda bizler ta'biyat ku'shine boysınamız. Tek adam g'ana tan'law erkinligine iye. Adamzat – planetadag'ı birden bir kollektivlik aqılg'a ha'm jerdegi ha'mme na'rse ushın morallıq juwapkershilikke iye tekti beredi.

Ekologiyalıq juwapkershilik etikasın bizler jan'a mın' jıllıqtın' etikası sıpatında alıp qaraymız. Jerde haywanlardın' millionlag'an tu'rleri jasaydı, biraq tek g'ana adam tegi Jerdin' turaqlı keleshegi ushın morallıq juwapkershilikke iye. Ulıwmalıq juwapkershilik adamzattın' aman qalıwına haqıyqıy joldı an'latadı. Ol jerdegi tınıshlıq, ta'biyiy resurslardan aqılg'a say paydalanıw, keleshek a'wladları ushın qorshag'an ortalıq haqqında tiyisli g'amqorlıqtı ko'rsetiw ushın en' jaqsı tiykardı beredi.

Qıynalıw etikası. Adam Jerdegi barlıq janzatqa teren'degi da'rejede reyimi keliw menen qatnas jasamasa, kosmoslıq garmoniyanı sezbese, ol ta'biyattı «o'zlestiriwdi», o'zine boysındırıwdı dawam ete beredi. SHıg'ıstın' filosofiyası bul qıynalıw principin jaqsı bergen. Olar adamnın' ta'biyatqa qatnasın «etizasiyalawg'a» shaqırg'an. Olardın' pikirinshe, A'lem ruwxıylıqqa iye, ol a'dep-ikramlılıq nızam menen basqarıladı. Bizler ta'biyattı qorg'awdın' dara ma'selelerin sheshiwge ha'reket etemiz, biraq ekologiyalıq problema ele bar: qorshag'an ortalıqtın' halatı jıldan jılg'a keskinlespekte. Usınday halat dawam ete beredi, eger bizler sebep penen emes, al na'tiyje menen gu'resiwdi dawam ete bersek. Ta'biyattı ıdıratıw juwapkershiliksizliktin' na'tiyjesi, qıynalıwdın' ha'm o'mir aldında bas iyiwdin' joq bolıwının' na'tiyjesi. Haqıyqattanda ekologiyalıq apatshılıqtın' deregin adamnın' «meninin'» jawızlıg'ı, a'shko'zligi, o'zin

du'nyag'a qarsı qoyıwı beredi. Usıg'an baylanıslı, ekologiyalıq krizisten shıg'ıw ushın, en' aldı menen, adamnın' egoizmin saplastırıwımız tiyis ha'm sananın' vektorın antroposentrizmnen kosmososentrizmge o'tkeriwimiz kerek. Biraq kosmoslıq ritmge tek g'ana ego joq bolg'an sana, bolmısqa tolıq ashılg'an sana uqıplı. «Men» menen baylanıslı bolg'an ha'mme na'rseni joq etiw jolı menen adam barlıq a'lem menen qatnasta boladı, bolmıstın' birligin tu'sinedi. SHıg'ıstın' filosofiyası boyınsha, qa'legen is-ha'reket bizin' oyımızdın', bizin' sanamızdın' na'tiyjesi. Haqıyqattan da sana o'mir maydanshasındag'ı tukım shashıwshı. Ta'biyattı qorg'awg'a qatnasta ol to'mendegishe mazmung'a iye – na'tiyje ekologiyalıq jaqtan qanaatlandırıwshılıqqa iye boladı eger bizler ekologiyalıq sananın' «tuqımların» shashsaq. Bul tuqımlar erteli kesh o'z na'tiyjesin beredi. Sol sebepli bizler ekologiyalıq sananı du'nyanın' turaqlı rawajlanıwı ha'm ekologiyalıq qa'wipsizlikti ta'miyinlewdin' baslı sha'rtin beredi dep alıp qaraymız.

«Islemew» etikası. Turaqlı rawajlanıw konsepsiyasın da'lillew ko'z qarasınan «islemew» konsepsiyası ayrıqsha qızıg'ıwshılıqtı oyatadı. Bul jag'day daosizm filosofiyasında da jaqsı berilgen. Ol boyınsha, ta'biyiy reallıq bir pu'tinlikke iye, onda barlıq na'rse barlıq na'rsede qatnasadı. Ha'r bir bo'lekte barlıq pu'tinlik birigedi ha'm ha'mme na'rse ha'mme na'rsege o'tedi. Daosizmnin' tiykarg'ı prinsipi - adamnın' ha'm ta'biyattın' birligi prinsipi, du'nyada bolıp atırg'an barlıq na'rseler adamda ko'rinedi, ha'm kerisinshe, adamnın' atınan bolıp atırg'an na'rseler kosmoslıq ken'islikte jan'g'ırıq tu'rinde qaytadı.

En' joqarg'ı adamlıq danalıq bolmıstın' ta'biyiy ta'rtibine aralaspaw (ha'reket etpew) prinsipinde ko'rinedi. Adamnın' wazıypası retinde «aspan», «jer» nızamların ekologiyalıq jaqtan sawatlı ha'm durıs adamnın' ha'm ma'mlekettin' etikalıq jolları nızamlarına o'zgertiw alıp qaraladı.

Solay etip, joqarıda bayan etilgen mazmunnan ja'miyettin' turaqlı rawajlanıwı adamnın' a'dep-ikramlılıq jaqtan jetilisiwi menen sa'ykes keledi. Basqasha aytqanda, du'nyanın' turaqlı rawajlanıwının' deregin a'dep-ikramlılıq jaqtan jetik insan beredi. Turaqlı rawajlanıw prblemasının' a'dep-ikramlılıq jaqtan

sheshiliwinin’ tiykarın onın’ individtin’ jetikligi ma’selesi menen dialektikalıq baylanısı ashıp ko’rsetedi. Bul jerde dialektika nede ha’m adamnın’ a’dep-ikramlılıq jaqtan jetilisiw jolları qanday? Morallıq sananın’ dialektikasına to’mendegishe sıpatlamanı beriwimizge boladı: bir ta’repten, individlerdin’ rawajlanıwı olardın’ sociallıq ortalıg’ı menen anıqlanadı; basqa ta’repten, ja’miyettin’ abadan turmıs keshiriwi ha’m progresi individlerdin’ rawajlanıw xarakteri ha’m da’rejesi menen anıqlanadı.

## §3. Turaqlı rawajlanıw civilizaciyalıq imperativ sıpatında

Turaqlı rawajlanıw ideyası kosmoslıq prinsip bolıp, ol barlıqtın’ qarama-qarsı tendensiyaları ha’m ku’shlerinin’ dinamikalıq ten’ salmaqlıg’ın, balansqa keliwin, garmoniyasın ha’m o’lshemlik anıqlılıg’ın sa’wlelendiredi. Turaqlı rawajlanıw eger ja’miyettin’ ishindegi qatnaslar da, qorshag’an ortalıq penen de qatnas aqıl strategiyası menen sa’ykes garmoniyalastırılsa g’ana mu’mkin boladı.

Garmoniya dep a’lemdegi kontrastlardın’, qarsılıqlardın’ ha’m ten’ salmaqlıqlardın’ ierarxiyalıq sistemasın tu’sinemiz. Turaqlı adamzattın’ rawajlanıwdın’ tiykarın tu’siniwimiz ushın, onın’ garmoniya nızamı u’stem su’retug’ın a’lemlik sinergetikalıq processtin’ bo’legi ekenligin esapqa alıwımız tiyis. Sociallıq sinergetika teoriyasında rawajlanıw ta’rtip ha’m erkinlik arasındag’ı garmoniyanın’ jetikligi da’rejesinin’ o’siwi sıpatında tu’siniledi. Ol absolyutlik turaqlı ierarxiyag’a umtılıw menen anıqlanadı. Usıg’an baylanıslı garmoniya problemasın strukturalıq turaqlılıq probleması sıpatında da tu’siniwge boladı.

Turaqlı rawajlanıw imperativi adam ha’m ja’miyettin’ civilizaciyalıq talabın, al civilizaciya bolsa garmoniyanın’ joqarg’ı jetikligine umtılıwdı an’latadı.

Civilizaciyanın’ tiykarın ulıwmafilosofiyalıq tu’siniw sıpatında bizler A.Uaytxedtin’ civilizaciyalıq ja’miyet minimum altı qa’driyattı basshılıqqa aladı degen tastıyıqlawın qabıl etemiz. Olarg’a shınlıq ha’m sulıwlıq, waqıya ha’m erkinlik, ideal ha’m tınıshlandırıw (kelisiw) kiredi[67].

---

[67] Қараңыз: Уайтхед А.Н. Избранные работы по философии. М., 1990. С.643-702

Shınlıq. Garmoniyanı iske asırıwdın' en' a'piwayı ha'm tuwrı usılın, Uaytxed boyınsha, shınlıq qatnasıg'ı beredi:  basqa barlıq usıllar qıya bolıp, olar qorshag'an ortalıqtın' ha'kimiyatınan g'a'rezli boladı. SHınlıq reallıqtın' ko'riniwine  sa'ykeslikte o'z sa'wleleniwin tabadı.

SHınlıq da'rejesi, tu'rleri ha'm a'hmiyetligi boyınsha o'zgeredi. Seziwlik biliw da'rejesinde sırtqı du'nya adam ushın  qanday da bir berilgenlik sıpatında – sezimler menen ajıralmas birlikte o'mir su'redi. Bul jerde ko'riniw ha'm reallıq arasında kauzallıq qatnas bar. Abstraktlik oylawdın' spesifikasın onın' eriskenlerinin' obektiv mazmunının' tek g'ana mu'mkinshilik modusında o'mir su'riwi beredi. Tillik (simvolikalıq) shınlıqqa keletug'ın bolsaq, ol abstraktlik mu'mkinshilik tu'rine tiyisli boladı. Qa'legen ga'p na'rselerdin' qanday da bir birikpesinin' o'mir su'riwinin' abstraktlik mu'mkinshiligin an'latadı. Ol ga'p penen tastıyıqlanatug'ın strukturanı su'wretleydi. «SHınlıq» degen ne degen sorawg'a bizler qanday da bir ulıwma strukturada eki  obektivlik mazmun birge qatnassa, onda olar shınlıq qatnasıg'ı menen biriktiriledi. Sol sebepli olardın' ha'r biri dara jag'dayda basqasın sa'wlelendiredi ha'm o'z-ara bir birin tu'sindiredi. Simvolikalıq shınlıq reallıqtın' sha'rtli sa'wleleniw ekenligin, onın' a'lemdi dara jag'dayda burmalaytug'ınlıg'ın umıtpawımız tiyis.  Civilizaciyalıq salıstırmalı shınlıqlar menen islesiwdi berip qoymastan, ol salıstırmalı shınlıqtın' absolyutlik jamanlıqtı keltirip shıg'arıw mu'mkinshiligine iye ekenligin de umıtpawımız tiyis. Basqasha aytqanda, shınlıq talabı sulıwlıq o'lshemi menen tolıqtırılıwı tiyis.

Sulıwlıq.  Sulıwlıq tu'sinigi shınlıqqa salıstırg'anda ken' tu'sinik bolıp tabıladı. Sulıwlıq maksimal effektivlilikti do'retiw ushın ta'jriybenin' ha'r qıylı aspektlerinin' bir biri menen ishki kelisimliliginde ko'rinedi. Bul jerde bo'lekler tek bir birin ezip taslamaydı, al  olar bir pu'tinliktin' ku'sheyiwine ta'sirin tiygizedi. Onda qa'legen element  element pu'tinliktin' garmoniyasına ta'sirin tiygizedi ha'm sol waqıttın' o'zinde turaqlı individuallıqtı ko'rsetedi. A.Uaytxedtin' pikiri boyınsha «o'zinin' go'zzallıq sezimine umtılıwında civilizaciya o'zinin' qorshag'an ta'biyiy ortalıg'ına qatnasta o'zinin' sociallıq qatnasıqların ha'm adamlardın' qatnasıqların  sonday qılıp ta'rtiplestiriwi tiyis, olar

qubılıslardag'ı o'zlerinin' ag'zalarının' ta'jriybesinde turaqlı na'rselerdin' ha'kimiyatlıq garmoniyasının' u'stem su'riwin ta'miyinleydi»[68]. Bunday garmoniya ja'miyettin' reallıq turmısında ha'reketsiz bolg'anı menen, qa'lgen adamnın' is-ha'reketleri ushın strategiyalıq orietirdi beredi. Usıg'an baylanıslı ja'miyetlik turmıstı garmoniyalastırıw, atap aytatug'ın bolsaq, sistemalardı texnizasiyalaw ha'm estetizasiyalaw, materiallıq ha'm ruwxıy qa'driyatlar sistemaların o'z-ara kelisimge a'keliwge ayrıqsha dıqqat awdarıladı. Civilizaciya tek g'ana adamlar ulıwma maqsetlerine ha'm ideallarına erisiw ushın birikken jerde rawajlanadı. Bunday birlik ideyalardın' birligi menen g'ana emes, al seziwlerdin' de birligi menen ta'miyinlenedi. Usıg'an baylanıslı ideyalar inanımg'a, emosiyalarg'a ha'm motivlerge aylanadı.

Waqıya (priklyuchenie). A.Uaytxed «Ideyalar waqıyası» («Priklyucheniya idey») atlı kitabında qalay eki-u'sh filosofiyalıq ideyalar o'mirge qushag'ın ashıp, o'mirge kirip civilizaciyanı do'retkenligin aytadı. Ideyalardın' ku'shinin' mısalı retinde ol, dara jag'dayda, platonizmdi keltiredi. Platonnın' ideyalrı din institutları menen birikken halda batıs du'nyasına go'zzal ja'miyetlik idealdı beredi. Keyingisi batıs du'nyasın qayta o'zgertiwdin' inanım ku'shine aylandı. Uaytxed boyınsha «ideya ko'z ashıqlıq, ol o'zi o'zin iske asıradı. Usı aytılg'an mazmunda idealdın' ha'kimiyatı boladı»[69]. Praktika sonı ko'rsetpekte, iske aspaytug'ın ideallar sociallıq o'zgerislerdin' bag'darlamasın beredi. Bunday bag'darlamalardı na'rselerdin' tikkeley berilgenligi ko'z qarasınan kritikalawg'a bolmaydı. Utopizmine qaramastan, bunday ideallar adamlardın' minez-qulqın a'ste-aqırınlap tazalaydı ha'm jetilistiredi. Adamlardın' ju'reklerinin' to'rinen orın alg'an ideallar olardın' materiallıq is-ha'reketlerinde ko'rinedi. Bul jerdegi progress bul is-ha'reketlerdin' ja'miyet turmısın o'zgertiwinde, qudaylıq danalıqtın' ideallarına onı jaqınlatıwında o'z sa'wlesin tabadı. Bug'an qosımsha ullı ideyalardın' du'nyag'a jamanlıq penen qushaqlasıp keletug'ınlıg'ın umıtpawımız tiyis. Olardı ha'dden tıs a'piwayılastırıp jiberiwde de qa'wiptin' bar ekenligin yadta saqlawımız kerek. Qa'legen millet

---

[68] Тойнби А.Дж. Постижение истории. М., 1991. С.688
[69] Уайтхед А.Н. Избранные работы по философии. М., 1990. С.433

o’zinin’ jaramlılıg’ın jan’a idealg’a umtılıw jan’alıqtın’ ruwxın ha’m waqıyalarg’a umtılıwshılıg’ın qollap-quwatlasa g’ana saqlaytug’ınılıg’ın ko’rsetedi. Oydın’ erkinliginen, «ideyalardın’ basınan keshirgenlerinen (waqıyalarınan)» juda bolg’an ja’miyet, so’zsiz, Uaytxed boyınsha, turıp qalıwshılıqqa keledi. Civilizaciya tek g’ana oy atılıp turg’an jerde g’ana, ol berilgennin’, belgilinin’ sheginen shıqqanda g’ana, bolmıstın’ jan’a formaların tastıyıqlag’anda g’ana boladı ha’m o’mir su’redi. Qısqasha aytatug’ın bolsaq, o’zinin’ ken’ ma’nisinde civilizaciya do’retiwshilik erkinligi menen sa’ykes keledi.

Erkinlik. Platon birinshi ret ekrinliktin’ barlıq ko’rinisleri kelip shıg’atug’ın tu’sinikti kirgizedi. Ol qa’legen spontanlıqtın’ deregi sıpatında, en’ son’ında qa’legen o’mirdin’ ha’m qa’legen ha’rekettin’ tiykarı sıpatında a’lemdegi ruwxıy faktorlardın’ a’hmiyeti haqqında aytadı. Ol erkinliktin’ civilizaciyanın’ a’hmiyetli elementi sıpatındag’ı talabın da’lilleydi. Ol ja’miyettin’ erkinliginin’ ruwxın uslap turatug’ın tiykardı beredi. Onın’ miynetleri adamnın’ aqılı ushın erisip bolmaytug’ın ha’m so’z arqalı jetkizip bolmaytug’ın A’lemnin’ ko’p tu’rliligin seziw menen suwg’arılg’an. Dana, yag’nıy sergek ha’m shıdamlı bolıw minneti du’nyanın’ ko’p tu’rliligi ha’m quramalılıg’ın tu’siniwden kelip shıg’adı. Ol bizlerdin’ intellektimizdin’ qu’diretinen u’stin keledi. Danalıq individtin’ berilgen jag’daylarda o’zin sheklewine ha’m o’zin anıqlawına erisiwdi beretug’ınday intellektke ta’sir etiw uqıplılıg’ına iye. Garmoniya erkinliktin’ juwapkershilikli danalıq penen kelisimin an’latadı.

Tınıshlandırıw (kelisim) (umirotvorennost). Adamnın’ erkin iskerligi jawız ha’m ayawsız xarakterge iye bolıwı mu’mkin, eger onın’ jolına a’dep-ikramlılıq tosıqlar qoyılmasa, yaki Uaytxedtin’ aytıwı boyınsha, «tınıshlandırıw» bolmasa. «buzg’ınshı talaptı basatug’ın ha’m civilizaciyanı bezeytug’ın garmoniyalardın’ garmoniyasın belgilew ushın men «tınıshlandırıw» degen termindi tan’layman»[70].

Bul jerde ga’p civilizaciya tu’siniginen qa’legen do’retiwshilikti gu’zetiwshi tınıshsız egoizmdi alıp taslaw haqqında ketpekte. «O’mir ha’m ruwxtın’ ha’reketin» ulıg’laytug’ın poztivlik keshirmelerdi ol an’latadı. Jekelikti

---

[70] Уайтхед А.Н. Избранные работы по философии. М., 1990. С.690.

saplastıratug'ın, teren' metafizikalıq tu'siniw menen anıqlanatug'ın seziwlerdi ulıwmalastırıw bul jerde basshılıqqa alınadı. O'zimizdin' sheklengenligimizdi saplastırıw arqalı bizler Birliktin' garmoniyasına erisemiz. Sol sebepli, tınıshlandırıw ken' ma'nistegi o'zin'di qadag'alaw degendi an'latadı. Ol ku'ndelikli da'rejeden ko'teriliwdi qanday da bir iygilikke ha'm joqarıg'a umtılıwdı an'latadı. Joqarı umtılıwlar ha'm maqsetler jeke ma'plerden ko'terilip tınıshlandırıw garmoniyasın payda etedi, ol jerde bo'lekleniwge, kelispewge orın qalmaydı, kerisinshe a'dillik ha'm jaqsılıq u'stem su'redi. Usıg'an baylanıslı, ja'miyettin' maqset ha'm qa'driyatlarının' ko'terin'kiligi onın' jasaw uqıplılıg'ının' ha'm turaqlı rawajlanıwının' birinshi sha'rtin beredi. U'zliksiz adamnın' rawajlanıwı mu'mkinshiliktin' ha'm ideallıq perspektivanın' modallılıg'ı menen ta'miyinlenedi. Perspektivag'a erisiw turaqlılıqtın' kepilligin beredi. Turaqlı rawajlanıw strategiyası «keleshek konsepsiyasına» bag'darlanadı, og'an sa'ykes keleshek immanentlik halda ha'zirgide o'mir su'redi. «Keleshekti ılaqtırın' ha'm bu'gingi ku'n bosap qaladı ha'm ıdıraydı. Tikkeley o'mir su'riw bu'ginginin' jarıqların keleshek penen toltırıwdı talap etedi»[71]. Da'stu'r o'zinin' ma'jbu'rlew ku'shin joyıtadı – keleshek bu'gingini anıqlaydı. Reallıqtın' dialektikası usınday ko'riniske iye boladı.

Solay etip, turaqlı rawajlanıw strategiyasının' a'hmiyeti, ol a'dil du'nyalıq ta'rtipti modellestriwdin' birinshi konseptuallıq ta'jriybesin an'latadı. Onda Toynbidin' aytıwı boyınsha, barlıq adamzat ta'biyat penen garmoniyada «bir shan'araqtın' ag'zaları sıpatında birge» jasaydı. «XXI-a'sir ushın ku'n ta'rtibi» dep atalatug'ın Rioda qabıl etilgen hu'jjette bılay dep aytılg'an: «Qa'wipsiz, gu'llengen keleshekti o'zimizge ta'miyinlewdin' birden bir usılı – bul qorshag'an ortalıqtın' ha'm ekonomikalıq rawajlanıwdın' problemaların kompleksli ha'm kelisilgen tu'rde sheshiw bolıp tabıladı. Bizler adamlardın' tiykarg'ı mu'ta'jliklerin qanaatlandırıwımız tiyis, barlıq adamlar ushın jasaw da'rejesin ko'teriwimiz kerek ha'm sol waqıttın' o'zinde ekologiyalıq sistemalardı jaqsıraq qorg'awımız ha'm saqlawımız tiyis. Birde ma'mleket bunday keleshekke bir o'zi kele almaydı, biraq

---

[71] Уайтхед А.Н. Избранные работы по философии. М., 1990. С.593.

bizler og'an birgelikte, ku'shlerimizdi biriktirgen halda du'nya ju'zlik birge islesiw ramkasında turaqlı rawajlanıw maqsetinde erise alamız»[72].

Turaqlı rawajlanıw konsepsiyasının' tiykarında adamzattı bir pu'tin globallıq birlik sıpatında tu'siniw jatadı. Usıg'an baylanıslı, turaqlı rawajlanıwdı globallıq civilizaciyalıq kontekstten tısqarıda alıp qaray almaymız. Anıqlaması boyınsha, turaqlı rawajlanıw adamzat ta'repinen do'relgen globallıq civilizaciyanın' anıq emes uzaq (keleshekte- sheksiz) o'mir su'riwin an'latadı. Berilgen kontekstte bizler «turaqlı rawajlanıw» ha'm «globallıq civilizaciya» degen tu'siniklerdin' baylanısına dıqqattı qaratqımız keledi. «Tawsılmaytug'ın uzaq dawam etiwshiligi» menen parıqlang'an halda civilizaciya qa'legen basqa sociallıq reallıqqa salıstırg'anda uzaq saqlanadı. Ken'islik arqalı konkret ja'miyetlerdin' civilizaciyaları o'zinin' sheklerinen shıg'adı ha'm globallıq ja'ma'a'tke kiredi, onnan o'zinin' jeke rawajlanıwı ushın impulslerdi aladı. Du'nya civilizaciyasının' ken' ishki ha'r tu'rliligi ha'm uzaq dawam etken waqıtlıq aralıg'ı globallıq turaqlı rawajlanıw mu'mkinshiligin ta'miyinleydi. O'z gezeginde, turaqlı rawajlanıw konsepsiyası ayrıqsha du'zetiwlerdi zamanago'y civilizaciyalıq transformasiyalar procesine onın' tariyxıy vektorın ha'm ma'nisin o'zgertiw arqalı kirgizedi.

Civilizaciyalıq transformasiyanın' sosiodinamikası tiykarınan globallıq xabar ja'miyetinin' qa'liplesiw procesi menen sa'ykes keledi, biraq xa'zirgi zaman civilizaciyalıq rawajlanıwının' vektorı turaqlı rawajlanıw strategiyası menen anıqlanadı. Bizler transformasiya tu'sinigin obektivlik ta'rizde vektorı berilmegen ha'm anıqlanbag'an sociallıq o'zgerislerdi belgilew ushın paydalanamız. «Transformasiyalıq processler sistemanın' barlıq tiykarg'ı strukturaların ha'm processlerin qamtıydı ha'm sol sebepli «joqarıdan» beriletug'ın reformalardı an'latpaydı, al onın' barısı ha'm na'tiyjesi sheshiwshi da'rejede massalıq sociallıq toparlardın' ha'reketlerinen g'a'rezli boladı. Ol processlerdin' en' keyingi na'tiyjesinin' prinispiallıq bir ma'nili emesligin, berilmegenligin anıqlaydı»[73]. Turaqlı rawajlanıw strategiyası dep o'zin-o'zi rawajlandıratug'ın sistemalar

---

[72] Программа действий. Повестка дня на XXI век и другие документы конференций в Рио-де-Жанейро. Женева.1994. С.1

[73] Лапин Н.И. Проблема социокултурной трансформации//Вопросы философии.2000. №6. С.7.

menen bolg’an iskerliktin’ strategiyasın dıqqatqa alamız. «O’zin-o’zi rawajlandıratug’ın sistemalardı o’zlestiriw, - V.Stepinnin’ pikirinshe, - «sebeplilik» kategoriyasının’ ma’nislerinin’ jan’adan ken’eyiwin an’latadı. Ol mu’mkinshiliktin’ haqıyqıylıqqa aylanıwı haqqındag’ı pikirler menen baylanısadı. Maqsetli sebeplilik, sistemanın’ o’zin regulyasiyalawı ha’m qayta tiklewi sıpatında rawajlanıwdın’ bag’darlanıwı ideyası menen tolıqtırıladı»[74]. Xabar ja’miyetine qollang’an halda ol to’mendegini an’latadı. Globallıq xabar ja’miyeti, qa’legen quramalı o’zin-o’zi rawajlandırıwshı sistema sıpatında, rawajlanıwdın’ bir neshe itimallılıqqa iye ssenariylerine iye, onın’ ishine rawajlanıwdın’ texnogenlik tipin maksimal da’rejede ko’termelew menen baylanıslı bolg’an katastrofalıq ta kiredi. Turaqlı rawajlanıw strategiyası maqset-bag’darlama retinde ha’zirgi zaman ja’miyetin qanday da bir jan’a civilizaciyalıq halatqa alıp keledi ha’m adamzat ushın katastrofalıq rawajlanıwdın’ ssenariylerin biykarlaydı.

Turaqlı rawajlanıw strategiyasının’ a’hmiyetli quramlıq elementlerinin’ birin civilizaciyalar aralıq dialog modeli beredi. Bul dialog, ilimpazlardın’ aytıwı boyınsha, civilizaciyalıq rawajlanıwdın’ jan’a qa’driyatların, jan’a strategiyaların islep shıg’ıw faktorın an’latadı.

Solay etip, turaqlı rawajlanıw talabı civilizaciyalıq orientirlerdin’ almasıwın, ha’zirgi xabar ja’miyetinin’ «rawajlanıw» bag’darının’ o’zgeriwin an’latadı. Ha’m bul o’zgeriwdi bizler jan’a globallıq civilizaciyanın’ qa’liplesiwi (garmoniya ha’m ruwxıylıq prinsiperine tiykarlang’an halda) menen baylanıstıramız. Civilizaciya ha’m ta’rtip bir da’rejedegi, bir ta’rtiptin’ na’rseleri. Usıg’an baylanıslı, turaqlı rawajlanıw talabın du’nyalıq ta’rtipti ha’m jan’a globallıq civilizaciyag’a o’tiwdi garmoniyalastırıw kontekstinde qarawımız tiyis.

### §4. Turaqlı rawajlanıwdın’ regionallıq strategiyası

Regionallıq civilizaciyalıq rawajlanıw strategiyası dep ha’reket ha’m sheshimlerdin’ konseptuallıq da’lillengen jobalar sistemasın tu’sinemiz. Olardın’

---

[74] Степин В.С.Самоорганизующиеся системы и постнеклассическая рационалност//Вопросы философии.2003. №8. С.8.

izbe-iz iske asırılıwı anaw yaki mınaw regiong'a ken' ko'lemlilik ha'm belgilengen maqsetlerge erisiw mu'mkinshiligin beredi.

Strategiyalıq jobalastırıw ja'miyet ushın ulıwma civilizaciyalıq ideal tiykarında maqsetlerdi tan'law procesin an'latadı. Biraq strategiyalıq tan'lawdı islewimiz ushın, keleshek obrazına, yag'nıy civilizaciyalıq idealg'a iyelik etiwimiz tiyis. Bunday ideal retinde ruwxıy civilizaciya yaki turaqlı rawajlanıw menen birliktegi xabar ja'miyeti alıp qaraladı. Bul ja'miyet ilimiy bilimler ha'm joqarı texnologiyalar ja'miyeti; bul ja'miyet o'z waqtının' sociallıq funksiyalar kompleksin iske asırıw mu'mkinshiligine iye bolg'an joqarı mag'lıwmatlı ha'm joqarı ma'deniyatlı qa'nigelerdi tayarlaw ushın jag'daylardı ta'miiyinlewge uqıplı ja'miyet; bul ja'miyet keleshek a'wladları ushın energetikalıq ha'm materiallıq shıg'ınlardı rasionallıq sheklew mu'mkinshiligin tu'sinetug'ın ja'miyet; bul ja'miyet adamnın' qa'wipsizligin ta'miyinleytug'ın ha'm onın' barlıq ag'zalarının' abıroyın saqlaw za'ru'rligin moyınlaytug'ın ja'miyet; bul ekologiyalıq ja'miyet bolıp, onın' milliy ha'm individuallıq baylıqlarnın' o'lshemi retinde qorshag'an ortalıq penen g'armoniyada jasawshı adamnın' ruwxıy qa'driyatları ha'm bilimleri alıp qaraladı.

Bizin' regionımızdın' turaqlı rawajlanıwının' strategiyalıq maqseti retinde adamzattın' bu'gingi ha'm keleshek a'wladları ushın Aral ten'izin saqlap qalıw alıp qaraladı. Biraq bul startegiyalıq wazıypanı sheshiw sociallıq, ekologiyalıq ha'm ekonomikalıq ma'selelerdi sistemalıq sheshiwdi talap etetug'ın iri masshtablı maqsetti iske asırıwdı alg'a su'redi. Bul jerdegi jag'day ekologiyalıq problemanın' tek g'ana texnoekonomikalıq ilajlar ha'm metodlardın' ja'rdeminde sheshiw mu'mkin emesligin ko'rsetedi, onın' ushın jan'a ruwxıy civilizaciya prinsipleri tiykarında ja'miyetlik qatnasıqlardın' barlıq sistemasın qayta o'zgertiw za'ru'rligi kelip shıg'adı. Belgili ma'niste turaqlı rawajlanıw imperativi regiong'a qatnasta regionallıq sosiumnın' civilizaciyalıg'ın o'zgertiwdi an'latadı.

Rawajlanıwdın' regionallıq strategiyasının' a'hmiyetli funksiyasın o'zimizdin' territoriyamızdın' ulıwma planetalıq ha'm ulıwma milliylik rolin tu'siniw beredi. Aral ten'izinin' strategiyalıq a'hmiyeti en' aldı menen onı

kosmosoplanetalıq fenomen, A’lem ken’isligindegi o’zgeshe «rawajlanıw ornı» sıpatında qorg’awdın’ ulıwma civilizaciyalıq ma’nisin tu’siniw menen anıqlanadı.

Bizge belgili respublikamızdın’ ha’zirgi rawajlanıw basqıshında ja’miyetlik turmıstın’ barlıq tarawların qayta o’zlestiriwdin’ bir p6tin bag’darlaması iske asırılmaqta. Bul bag’darda ma’mleketlik, social-ekonomikalıq ha’m ma’deniy qurılıstag’ı izbe-iz ju’rgizilip atırılg’an reformalardın’ na’tiyjeleri aytarlıqtay da’rejede. Haqıyqatında da, bu’gin g’a’rezsizligimizge baylanıslı bizler o’zgeshe tariyxıy jag’daydı basımızdan keshirmektemiz. Bizin’ xalqımız, o’zinin’ aldına jo3arı ha’m ullı maqsetlerdi qoyıp, demokratiyalıq ma’mleketti ha’m puqaralıq ja’miyetti qurıw jolında o’z k6shi ha’m mu’mkinshiliklerine arqa su’yegen halda u’lken tabıslarg’a erispekte.

A’lbette bul processte O’zbekistannın’ bir sostav bo’legi bolg’an Qaraqalpaqstan Respublikasının’ ornı sezilerlik da’rejede.

Respublikamızdın’ rawajlanıwında ekologiyalıq, sanitariyalıq-epidemiologiyalıq jag’day ha’m onı jaqsılaw ma’seleleri de na’zerimizden shette qalmag’an. Sebebi bizin’ elimizde xalıqtın’ den-sawlıg’ın saqlaw ha’m bekkemlew maqsetinde qorshag’an ortalıqtı qorg’aw ma’selelerine ayrıqsha ha’m u’zliksiz dıqqat qaratılmaqta. G’a’rezsizlikke erisken jıllar dawamında xalıqtın’ turmısın jaqsılaw boyınsha sociallıq ilajlardın’ ken’ bag’darlamasına xalıqtın’ miynet etiw, dem alıw, jasaw jag’daylarının’ qolaylı ekologiyalıq ha’m sanitariyalıq tiykarların jaratıwg’a, qorshag’an ortalıqtı qorg’awa ha’m salamatlastırıwg’a qaratılg’an nızamshılıqtı rawajlandırıw kiredi.

Olardın’ tek g’ana ayrımların atap o’teyik: Ta’biyattı qorg’aw haqqında (1992), Ekologiyalıq ekspertiza haqqında (2000), 2006-2010 jıllarg’a mo’lsherlengen O’zbekistan Respublikasında qorshag’an ta’biyiy ortalıqtın’ monitoringi bag’darlamasın tastıyıqlaw haqqındag’ı O’zbekistan Respublikasının’ Ministrler Kabinetinin’ 16.03.2006 j. nomeri 48 qararı, O’zbekistan respublikasının’ Ekologiyalıq qadag’alaw haqqındag’ı nızamının’ joybarı.

G’a’rezsizligimizdin’ birinshi jıllarınan baslap-aq O’zbekistan Respublikası Prezidenti BMSH 48 sessiyasında minberde turıp Aral, Aral boyı problemaların

ken’ t6rde bayan etti. Atap aytatug’ın bolsaq, bul problemanın’ basqarıwdan shıqqanlıg’ın, onın’ qayta tiklenip bolmaytug’ın xarakterge iye ekenligin, o’zinin’ sheshiliwi ushın du’nya ja’ma’a’ti ku’shlerinin’ birigiwin talap etetug’ınlıg’ın ayrıqsha ko’rsetip o’tti.

Aral boyı zonasındag’ı ekologiyalıq katastrofanın’ ha’r qıylı aspektleri G’MA, barlıq du’nya j6zi da’rejesindegi pikirler almasıwının’, seminarlardın’, ilimiy-a’meliy, ilimiy-teoriyalıq konfrensiyalardın’ h.b. obektine aylandı.

A’lbette, bul processte elimiz basshısının’ u’zliksiz dıqqatının’ ku’shli ekenligin aytıp o’tiwimiz tiyis. Respublikamızdın’ Prezidentinin’ shıg’ıp so’ylewlerinde aktuallıqqa iye, sheshiliwdi talap etetug’ın ma’selelerdin’ biri retinde Aral boyında jasawshı xalıqlardın’ jasaw jag’dayın jaqsılaw, en’ aldı menen olardın’ den-sawlıg’ın ha’m genofondın saqlaw, bul jerde sociallıq jag’daydı jaqsılaw boyınsha profilaktikalıq ilajlardı o’tkeriw, bulardı iske asırıw ushın za’ru’rli qurallardı ha’m mu’mkinshiliklerdi tabıwg’a ayrıqsha a’hmiyet berilgen.

Aral ten’izi boyı elleri ha’m xalıq aralıq sho’lkemler ta’repinen regiondag’ı ekologiyalıq ha’m sociallıq-ekonomikalıq jag’daydı qayta tiklewge arnalg’an bir neshe ilajlardın’ o’tkerilgenligin ha’m sonın’ na’tiyjesinde Qaraqalpaqstannın’ klimatlıq jag’daylarının’ belgili da’rejede jaqsılang’anlıg’ın aytıp o’tiwimiz tiyis.

Bug’an qosımsha Qaraqlapaqstan Respublikasında ekonomikanın’ barlıq sektorlarında tu’p-tamırınan o’zgerisler iske asırıldı. Olar qalalardın’, awıllardın’ ko’rinislerinin’ o’zgeriwinde, respublikanın’ o’ndirislik potensialının’ ko’teriliwinde, jan’a ka’rxanalardın’, zamanago’y ka’siplik kolledjlerdin’, akademiyalıq liseylerdin’ ha’m mekteplerdin’, sport komplekslerinin’, medisinalıq mekemelerdin’ iske qosılıwında o’z sa’wleleniwin tappaqta.

Ha’zir Qaraqlapaqstan Respublikası nızamlı tu’rde rawajlang’an sanaatqa iye iri industriallıq regiong’a aylanbaqta. Bug’an da’lil retinde ha’zirgi waqıtta awıl xojalıg’ı o’nimlerin tayarlaw ha’m qayta islew menen bir qatarda ximiya ha’m azıq-awqat sanaatının’, elektroenergetikanın’, tekstil o’ndirisinin’ tez pa’t penen rawajlanıp atırg’anlıg’ın aytsaq boladı.

«Bunı to’mendegi faktlerde ko’riwge boladı: keyingi on jıl ishinde regionallıq jalpı o’nim o’ndirisinin’ o’siw templeri 106-108 procentke o’sti, 2010-jılı bul ko’rsetkish 110 procentti quradı, usı jıldın’ birinshi kvartalında – 114,9 procentti berdi».[75] Respublikanın’ jurtbasshısının’ basshılıg’ında 2006 jılı qurılg’an Qon’ırat sodı zavodı ha’zirgi waqıtta bir jılda 100 mın’ tonna kalsiylengen sodanı beretug’ın o’ndiris quwatı menen islemekte, yag’nıy zavod tolıq quwatlılıq penen islemekte».

Bul ha’m usıg’an usag’an Qaraqalpaqstannın’ social-ekonomikalıq rawajlanıwındag’ı unamlı tendensiyalar xalıqtın’ belgili da’rejede jumıs penen ta’miyinleniw mu’mkinshligin berdi, usıg’an baylanıslı rabochiy ku’shinin’ Qazaqstan, Rossiyag’a h.b.j. ketiwin pa’seyitti. En’ baslısı, bul process adamlarg’a ekologiyalıq dag’darıs jag’dayında da krizislik qubılıslardı saplastırıwg’a boladı degen u’mitti berdi. Bug’an qosımsha Qaraqalpaqstannın’ sociallıq-ekonomikalıq ha’m ma’deniy rawajlanıwındag’ı belgili tabıslarg’a, jetiskenliklerge qaramastan regionnın’ xalıqının’ jumıs penen ta’miyinleniw, onın’ jasaw jag’dayların jaqsılaw ma’selelerinde problemalar joq emes, ekologiyalıq krizistin’ negativlik ta’sirinin’ na’tiyjesinde xalıqtın’ turmıs ta’rizi, da’rejesi elege shekem to’men.

A’lbette Aral ten’izi probleması keshe, bu’gin payda bolg’anı joq, ol o’zinin’ tamırları menen o’tmishke barıp taqaladı. Ol o’zinin’ qa’wipli ekenligin o’tken a’sirdin’ 1960 – jıllarınan ko’rsetip basladı. Jan’a jerlerdi tez pa’t penen o’zlestiriw, onın’ ushın Oraylıq Aziyanın’ barlıq territoriyasında irrigasiyalıq sistemalardın’ qurılıwı, turmıslıq ha’m sanaatlıq bag’darlarda paydalanıw ushın suwg’a bolg’an talaplardın’ o’siwinin’ dawam etiwi, suwdın’ kemeyip ketiw jıllarının’ sistemalı qaytalanıwı ha’zirgi zaman tariyxında en’ iri bolg’an globallıq ekologiyalıq katastrofanının’ birinin’ payda bolıwına jag’day tuwg’ızdı – planetadawı en’ sulıw ten’izlerdin’ birinin’ qurıwına alıp keldi.

Ekolog-ilimpazlardın’ ha’m qorshag’an ortalıqtı qorg’aw boyınsha isenimli organlardın’ esaplawlarına qarag’anda bu’gingi ku’ni Aral ten’izi akvatoriyasının’ maydanı 4 retke, suwdın’ ko’lemi 10 retke qısqardı, sol da’rejede onın’

---

[75] Пути развития Каракалпакстана // Вести Каракалпакстана 2011. 16-июля.

minerallasıwı arttı. Na'tiyjede Aral ten'izi boyı jan'a payda bolg'an qumlıqlar menen qamralmaqta. Bul jag'day tek g'ana Aral boyı xalıqlarına ta'sir etip qoymastan, al barlıq Oraylıq Aziyag'a ha'm du'nyag'a zıyanın tiygizbekte.

Ha'zirgi basqıshqa kelip Aral boyında kelip shıg'ıwı ha'm da'rejesi boyınsha xalıqaralıq, globallıq xarakterge iye bolg'an ekologiyalıq, sociallıq-ekonomikalıq ha'm demografiyalıq problemalardın' quramalı kompleksi payda boldı. Bunday juwmaq 2005 – jılı «Oraylıq Aziyadag'ı adamnın' rawajlanıwı haqqında» atlı BMSH bayanatında o'z sa'wleleniwin taptı. Bul bayanatta Aral ten'izinin' qurıwı tek g'ana regionallıq xarakterge iye bolıp qoymastan, onın' globallıq a'hmiyetke iye ekenligi de so'z etildi.

Qullası, Aral krizisi Oraylıq Aziya regionının' shegarasınan shıg'ıp, ulıwmaplanetalıq xarakterge iye problemag'a aylang'an, onın' sheshiliwi, tag'ıda bir ma'rtebe aytıp o'tsek, ulıwmaplanetalıq ku'shlerdin' birigiwisiz iske aspaydı.

Qaraqalpaqstan Respublikası ekologiyalıq katasrofanın' episentrinde jaylasqan. Bug'an qaramastan, g'a'rezsizlik jılları, aytqanımızday, hu'kimet basshıları ta'repinen xalıqtı, birinshi gezekte hayallardı (olar Qaraqalpaqstan xalqının' 50 procentin quraydı) ha'm balalardı (14 jasqa shekem) (olar Qaraqalpaqstan xalqının' 32 procentin quraydı)) sociallıq qorg'awg'a ayrıqsha dıqqat qaratılmaqta.

Na'tiyjede balalardın' o'liwshiligi 1990-jıllarg'a salıstırg'anda 2,5 retke pa'seydi. Bug'an qaramastan, go'deklerdin' o'liwshiligi respublikadag'ı ortasha ko'rsetkishke salıstırg'anda elege shekem joqarı (O'zbekistanda go'deklerdin' o'liwshilik da'rejesi 1000 balag'a 13,4 ten' bolsa, Qaraqalpaqstanda bul ko'rsetkish – 13,8 quraydı, ol O'zbekistandag'ı orta ko'rsetkishke salıstırg'anda joqarı.)

Basqada keselliklerge baylanıslı awhal da problemalı xarakterge iye. Atmosfera hawasının' Aral ten'izinin' kewip ketken bo'leginen ko'terilgen duz-qumlar menen pataslanıwına baylanıslı dem alıw organları (bronxit, bronxit astması, tuberkulez) keselliklerinin' keskinlesiwi ku'sheymekte.

Ekologiyalıq etiologiyanın’ sebebinde payda bolg’an allergiyalı keselliklerge, ha’tteki onkologiyalıq keselliklerge baylanıslı da problemalar kelip shıqpaqta. Mısalı ushın, Qaraqalpaqstan Respublikasında matkanın’ sheykası, buwın-s6yekler, ha’m jumsaq etler onkologiyasının’ o’siwi anıqlanbaqta.

Qaraqalpaqstan Respublikası den-sawlıqtı saqlaw Ministrliginin’ mag’lıwmatlarına ko’re ayrım kesellikler menen kesellengen awırıwlardın’ sanı keyingi on jıllıqta to’mendegishe ko’riniske iye (bul mag’lıwmatlar 2010-jıldın’ yanvar-dekabr halatına tiyisli):

**Xalıqtın’ qa’wipli o’simteler menen keselleniwi**

| | **2000** | **2001** | **2002** | **2003** | **2004** | **2005** | **2006** | **2007** | **2008** | **2009** | **2010** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Birinshi ma’rtebe diagnozı anıqlang’an halatlar sanı | 987 | 1045 | 1011 | 977 | 1076 | 1001 | 1055 | 1084 | 1096 | 997 | 1105 |
| 1000 adamg’a | 0.6 | 0.6 | 0.6 | 0.6 | 0.7 | 0.6 | 0.6 | 0.6 | 0.6 | 0.6 | 0.6 |
| 100000 adamg’a | 64.5 | 67.8 | 65.1 | 62.8 | 68.7 | 63.7 | 66.8 | 68.2 | 68.3 | 61.4 | 66.9 |
| Emlew-profilaktika mekemelerinde esapta turg’an awırıwlar sanı | 3085 | 3178 | 3257 | 3350 | 3487 | 3675 | 3827 | 3791 | 3949 | 3605 | 3648 |
| 1000 adamg’a | 2.0 | 2.0 | 2.1 | 2.1 | 2.2 | 2.3 | 2.4 | 2.4 | 2.4 | 2.2 | 2.2 |
| 100000 adamg’a | 201.5 | 206.3 | 209.8 | 214.8 | 222.7 | 233.9 | 242.6 | 238.6 | 245.9 | 222.0 | 221.0 |

**Xalıqtın' aktiv tuberkulez keselligi menen keselleniwi**
**(birinshi ma'rtebe diagnoz qoyılg'anda anıqlang'an kesellikler sanı)**

| Jıllar | Ha'r 100000 adamg'a |
|---|---|
| 2000 | 127.4 |
| 2001 | 149.5 |
| 2002 | 183.7 |
| 2003 | 154.2 |
| 2004 | 122.5 |
| 2005 | 137.6 |
| 2006 | 120.9 |
| 2007 | 135.9 |
| 2008 | 119.1 |
| 2009 | 118.1 |
| 2010 | 120.7 |

**Xalıqtın' ayrım juqpalı kesellikler menen keselleniwi**

| | 2000 | 2001 | 2002 | 2003 | 2004 | 2005 | 2006 | 2007 | 2008 | 2009 | 2010 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Kesselleniw halatları sanı** | | | | | | | | | | | |
| o'tkir ishek keselliklери | 2492 | 2648 | 2616 | 1717 | 2322 | 2194 | 3017 | 2004 | 3081 | 2953 | 1814 |
| **Sonnan:** | | | | | | | | | | | |
| Bakterial dizenteriya | 331 | 307 | 403 | 245 | 261 | 290 | 330 | 182 | 254 | 212 | 314 |
| Juqpalı salmonollez keselligi | 31 | 21 | 31 | 16 | 35 | 30 | 60 | 43 | 56 | 19 | 63 |
| Ishterleme i paratifler A, V, S | | 4 | 2 | 1 | | | | | | | |
| Viruslı gepatit (gepatit V nı qosqan halda) | 1293 | 1010 | 803 | 696 | 1629 | 1467 | 1813 | 1926 | 2870 | 1225 | 1005 |
| Gripp i joqarı dem alıw jollarının' juqpalı kesellikleri | 314 | 207 | 208 | 181 | 150 | 100 | 81 | 102 | 52 | 109 | 52 |
| Terleme | | | | | | | | 55 | 56 | 41 | 29 |
| Qızamıq | 1 | 1 | | | 1 | 12 | 8 | 17 | | | |

Qaraqalpaqstan Respublikası xalqının' turmısındag'ı ha'm iskerligindegi Aral krizisi ha'm onın' aqıbetlerinin' bul ko'rsetilgen ha'm basqada reallıg'ı tiykarında konkret sosiologiyalıq izertlewler o'tkerildi, onın' maqseti retinde adamlardın' belgili bir toparının' ekologiyalıq ha'm sanitariyalıq-epidemiologiyalıq qadawalawg'a baylanıslı bolıp atırg'an processlerge, olardı jaqsılaw ilajlarına qatnasın anıqlaw alıp qaraldı.

Bizler ta’repimizden du’zilgen sorawnama to’rt bo’limnen turadı: ta’biyat ha’m ja’miyet arasındag’ı ten’ salmaqlıqtın’ buzılıw sebepleri ha’m problemaları, bul processti saplastırıwda ekologiyalıq ha’m sanitariyalıq-epidemiologiyalıq qadag’alawdın’ ornı ha’m roli- ekologiya, sanitariyalıq-epidemiologiyalıq xızmet ha’m keselleniwshilik~ keleshek ha’m pasport.

Qaraqalpaqstan Respublikasının’ qala ha’m rayonlarının’ ju’z turg’ınınan to’medegishe masshtabta soraw alındı: SHımbay rayonı - 20, Xojeli – 42, No’kis – 38.

Sorawnamada ta’biyattı qorg’aw ha’m sanitariyalıq-epidemiologiyalıq xızmet bag’darı boyınsha da ekspertler qatnastı. qatnasqanlardın’ 51 qala, al ro awıl turg’ınları, olardın’ 20 procenti joqarı mag’lıwmatqa, 6 procenti tamamlanbag’an joqarı, 31 procenti orta, 14 procenti tamamlanbag’an orta, 24 procenti orta arnawlı, 5 procenti baslang’ısh mag’lıwmatqa iye. Sorawg’a tartılg’anlardın’ arasında jumıs islewshiler 54 procentti, al jumıssızlar 46 procentti quraydı.

Bul jerde ta’biyat ha’m ja’miyet arasındag’ı ten’ salmaqlılıqtın’ buzılıw sebebin barlıq respondentlerdin’ adam qolının’ isi ekenligin moyınlaytug’ınlıg’ın aytıp o’tiwimiz za’ru’r.

Bug’an qosımsha olar a’meliyatqa, bilimdarlıq da’rejesine, insanlıq ma’deniyatına baylanıslı bul processti ta’biyiy ha’m ja’miyetlik turmıstın’ ha’r qıylı, biraq o’z-ara baylanıslı qubılısları menen baylanıstıradı.

Respondentlerdin’ 44 procenti ta’biyat ha’m ja’miyet arasındag’ı ten’ salmaqlıqtın’ buzılıwın ja’miyettin’ tez pa’t penen rawajlandırıwı menen baylanıstırsa, 12 procenti gu’zdin’ erte keliwi menen, 34 procenti eginlerdin’ tolıq pisip jetilispewi menen, 10 procenti keselliklerdin’ ku’sheyiwi menen tu’sindiredi. Qaraqlapaqstan Respublikasının’ klimatlıq jag’daylarına baylanıslı sorawg’a respondentlerdin’ 29 procenti jazdın’ ıssı, qıstın’ suwıq bolatug’ınlıg’ın, al 34 procenti hawa-rayı jag’daylarında burıng’ıday turaqlılıqtın’ joq ekenligin, bug’an qosımsha qısı-jazı jıl dawamında shan’-tozan’nın’ ko’teriletug’ınlıg’ın, duzlı samaldın’ estug’ınlıg’ın aytadı. Respondentlerdin’ 17 procenti hawa-rayının’ «kelbetsiz is-ha’reketi» jıldan jılg’a ku’sheyip atırg’anlıg’ın aytsa, 11 procenti

ayrım jag'dayları qıstın' da suwıq bolatug'ınlıg'ın, al 9 procenti ba'ha'rdin' ba'ha'rdey, jazdın' jazday bolatug'ınlıg'ın ko'rsetip o'tken.

A'lbette, Aral ten'izinin' rolin, ayrım izertlewshilerdin' aytqanınday, tek g'ana «dushshı suwdın' puwlandırg'ıshı» shegarası menen sheklew orınsız bolsa kerek. Bug'an qosımsha ol ta'biyat kompleksinin' ajıralmas bo'legin, Orta Aziya ha'm Kazaxstan sho'listanlıq regionının' quramalı ekosistemasının' regulyatorın da an'latadı. Onın' u'lken territoriyanı qadag'alawı onı qurawshı ha'r qıylı ta'rtiptegi elementlerdin' birligin, p6tinligin ta'miyinlegen. Usıg'an baylanıslı Aral boyı o'zgeshe klimatlıq jag'daylarg'a iye bolg'an. Sol waqıtta bul o'zgeshelikler a'welden ıssıg'a biyimlesken awıl xojalıq o'simliklerin egiwge, o'siriwge, olardın' belgili mu'ddette pisip jetilisiwine jag'day tuwg'ızg'an.

Qızılqum ha'm Qaraqum sıyaqlı onın' a'tirapında jaylasqan sho'listanlıqlar bolsa, hesh qashan «jansız» bolmag'an, olar «janlı» bolıp, na'tiyjeli jaylawlıqqa iye bolıwı menen parıqlang'an.

Haqıyqatında da Aral ten'izinin' qurıp qalıwı bul jerdegi territoriyanın' klmatlıq jag'daylarının' o'zgeriwine alıp keldi. Onı regionnın' klimatının' keskin kontinentallıq xarakterge iye bolıwının' ku'sheyiwinde ko'riwimizge boladı. Suwıq emes ku'nler qısqarmaqta. A'dettegige salıstırg'anda jazdın' ıssıraq, al qıstın' suu'ıg'ıraq keliwi eki-u'sh gradustan to'men bolmag'an da'rejede parıqtı bermekte. Erte ba'ha'rde de, ba'ha'r aldındag'ı basqıshta da azang'ı ha'm keshki ayazlardın' bolıwı ku'ndelikli qubılısqa aylanbaqta, ba'ha'rdin' o'zi de uzaqqa sozılg'an xarakterge iye bolmaqta. Bul jag'day xalıqtın' awıl xojalıg'ındag'ı egetug'ın egislerinin' tiykarg'ı tu'rlerinin' – paxta, salı h.b. o'z waqtında pisip jetilisiwine qolaysızlıqlar tuwdırmaqta. A'sirese ko'rsetilgen jag'day Qaraqalpaqstannın' arqa rayonlarına ta'n. Usınday qolaysız klimat jag'daylarına baylanıslı keyingi jılları ko'plegen palız eginleri de jemis bermey qoydı. Qaraqlapaqstan Respublikasının' ekonomikasına da ha'm sociallıq turmısına da suwsızlıq jılları da (2000-2002 jj.) o'zinin' unamsız ta'sirin tiygizdi.

«Adamlardın' bolmısının' sociallıq-ekonomikalıq ha'm ekologiyalıq jag'daylarının' anaw yaki mınaw da'rejede to'menlewi ko'plegen adamlardı qonıs

basqan jerlerden ko’ship ketiwge ma’jbu’rledi. Mısalı, 1990-2002 jılları turaq jayların 273,1 mın’ adam, yag’nıy xalıqtın’ 20 procenti o’zgertti, sonın’ ishinde 84,3 mın’ adam respublikadan shıg’ıp ketti»[76].

SHınında da, keyingi jılları, joqarıda aytıp o’tkenimizdey, suw menen baylanıslı problemanın’ qolg’a alınıwına baylanıslı bul process belgili da’rejede pa’seydi, ha’tteki toqtatıldı da. Biraq sırtqı ortalıqtın’ ekstremal jag’dayları to’men sociallıq da’reje ha’m awqatlanıw menen birlikte Aral boyı xalqı ushın aman qalıwdın’ ayrıqsha jag’dayların payda etti. Bunın’ gu’wası retinde tek g’ana anemiya, tuberkulez, o’n’esh raki keselliklerinin’ jiyileniwin, balalar ha’m analar o’liwshiliginin’ ken’ tarqalıwın alıp qaramastan, depressiyalardın’, nevrozlrdın’, psixikalıq keselliklerdin’ o’siwin de alıp qarawımızg’a boladı.

N.Glazovskiydin’ aytqanınday, Aral katastrofasının’ globallıq mazmunının’ baslı ta’repin adamzat ushın adamlardın’ o’mirin saqlap qalıwdı qa’weterli aldın alıw beredi.[77]

Sol sebepli, respondentlerdin’ ko’pshiliginin’ Aral krizisi ha’m onın’ aqıbetleri haqqında tolıq mag’lıwmatqa iye bolmawına qaramastan, olar o’zlerinin’ ta’jiriybesinen shıqqan halda, belgili da’rejede ta’biyat ha’m ja’miyettin’ o’z-ara baylanısı ma’selesinde tu’sinikke iye ekenligin ko’rsetti. A’lbette, olardın’ pikirlerinde sheshiliwdi talap etetug’ın sociallıq problemalardı tu’siniw elemmentleri olardı salıstırıw yamasa biykarlaw, konkret jag’daylardı a’shkaralaw jolı menen analizlew o’z sa’wleleniwin tapqan.

Bul bag’darda g’alaba xabar quralların arnawlı jumıslardın’ alıp barılıwı talap etiledi. G’alaba xabar quralların ın’ respublikamızda ku’shli huqıqıy bazag’a (olardın’ sanı l0) iye bolıwına qaramastan, olarg’a elege shekem operativlilik, puqaralarg’a kerekli xabardı jetkerip beriw jetispeydi.

SHınında da, bul processte g’alaba xabar quralların a qatnasta ha’kimiyatlar ha’m olardın’ strukturaları ta’repinen ko’rsetiletug’ın basımnın’ da bar ekenligin biykarlawg’a bolmaydı. Biraq O’zbekistan Respublikasının’ Prezidenti I.Karimov

---

[76] Аширбеков У. Экологические и социално-экономические аспекты Южного Приараля // Вести Каракалпакстана. 28 мая. 2002

[77] Глазовский Н.Ф. Аралский кризис. М., 1991. с.7

2010-jıldın’ 12- noyabrinde o’tkerilgen Oliy Majlistin’ Nızamshılıq palatası ha’m Senatının’ qospa ma’jilisindegi «Elimizde demokratiyalıq ja’miyetti qa’liplestiriw ha’m reformalardı bunnan bılay da teren’lestiriw haqqındag’ı konsepsiyası» atlı bayanatında ha’kimiyat ta’repinen G’XQ redaksiyalarına qatnastag’ı usınday basımların saplastırıwg’a ayrıqsha dıqqattı qaratadı. Sebebi onısız xabar tarawında puqaralardın’ huqıq ha’m erkinliklerin ta’miyinlewge erisiwdin’ o’zi mu’mkin emes.

Artıqsha bolsa da aytıp o’tiwimiz tiyis, zamanago’y ilim ha’m texnikanın’ jetiskenlikleri menen qurallang’an adam o’zinin’ iskerliginde qorshag’an ta’biyatlıq ortalıqtın’ mu’mkinshilikleri menen sanaspay qoydı. Bug’an qosımsha adamnın’ qorshag’an ortalıqtı o’zlestiriwge bag’darlang’an ha’reketleri onın’ o’mir su’riwine qa’wip tuwdırmaqta. Bul process planetag’a antropogenlik ta’sirdin’ na’tiyjesi sıpatında, ha’zirgi waqıtta geologiyalıq processler menen bir qatar turıwshı qa’weterli process sıpatında sorawg’a tartılg’an respondentler ta’repinen olardın’ jasaw bolmısınan kelip shıqqan halda konkretlestirilgen: olardın’ 5 procenti regiondag’ı hawa-rayı jag’daylarının’ o’zgeriw sebeplerin oysızlıq penen baylanıstırsa, al 41 procenti waqtında iske asırılg’an basqarıwdın’ totalitarlıq rejiminin’ ha’m komandalıq-administrativlik metodtın’ prinsiplerinin’ aqıbetleri («tek g’ana plan, qa’legen jol menen plandı iske asırıw») menen, 32 procenti qadag’alawdın’ joq bolıwı menen baylanıstıradı, al 22 procenti basqa pikirge iye.

«Eger ta’biyat penen ja’miyettin’ ten’ salmaqlılıg’ına bag’darlang’an qadag’alaw o’z waqtında a’melge asırılg’anda, bu’gingi awhal bolmas edi demekshisiz g’oy!»- degen sorawg’a respondentlerdin’ 33 % tap solay oylayman dep juwap berse, 27 % g’a’rezsizlik bolg’alı g’oy bul ma’selege shıntlap kirisip atırg’anımız degen, 14 % ta’biyatqa dıqqat ele de jetkiliksiz k**o’**rsetip **o’**tken, 8 % ha’zir g’oy ta’biyatqa dıqqattın’ ku’sheygeni degen, olardı4 18 % ta’biyattı qorg’awda, qadag’alawda qatan’lıq kerekligin aytqan.

Bizge belgili bolg’anınday, ha’zir bizin’ iskerligimizde ku’shli ma’mleketten ku’shli puqaralıq ja’miyetke o’tiw basqa faktorlar menen birgelikte ha’r qıylı

ma’mleketlik emes, kommersiyalıq emes ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ iskerligi menen tıg’ız baylanıslı.

Statistikalıq mag’lıwmatlarg’a qarag’anda Qaraqalpaqstan Respublikasında olardın’ ulıwma sanı 2010 jıldın’ aqırında 876 edi. Olardın’ belgili bir bo’legi qorshag’an ortalıq, ekologiya ma’seleleri menen shug’ıllanadı. 2007 jıl boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası a’dillik ministrliginin’ mag’lıwmatlarına ko’re qorshag’an ortalıqtı qorg’aw ma’seleleri menen shug’ıllang’an bes ma’mleketlik emes sho’lkemler bolg’an[78]. Ja’miyetlik ekologiyalıq basqarıwdın’ juwmaqları ma’mleketlik baqlawg’a salıstırg’anda usınıslıq xarakterge iye bolsa da, onın’ iskerligi ja’ma’a’tshiliktin’ ta’biyattı qorg’aw is ilajlarında massalıq qatnasın ta’miyinlewge qaratılg’an. Sol sebepli puqaralardın’ qorshag’an ortalıqtı qorg’awı boyınsha konstitusiyalıq huqıqların ha’m m6mkinshiliklerin reallıqta iske asırıwdı ku’sheytiwge ta’sirin tiygizedi. Bul adamlardın’ o’zlerinen g’a’rezsiz bolg’an sociallıq qatnasıqların o’zlerinin’ jeke qatnasıqlarına aylandırıw processin an’latadı.

Sol sebepli bul na’rseni adamlardın’ tu’singeninen yaki t6sinbegenliginen biyg’a’rez, respondentlerdi4 35 % bunday sho’lkemlerdin’ do’retiliwin qollap quwatlaydı, 33 % ga’p istin’ qolg’a alıng’anınan go’re na’tiyjesinde dese, 19 % olardın’ iskerliginde leksiya, u’git-na’sihattan basqa ko’zge ko’ringendey ornıqlı jumıs bolıp atır dey almayman degen juwmaqqa kelgen, 13% basqa pikirge iye.

«Ekologiya menen shug’ıllanatug’ın ko’p g’ana ma’mleketlik emes sho’lkemlerdin’ iskerligi tuwralı pikirin’iz» degen basqa sorawg’a respondentlerdin’ 29% olar ta’repinen tez-tezden qorshag’an ortalıqtın’ gigienasının’ o’lshemleri tuwralı leksiyalar oqıladı, u’git-na’sihat ju’rgiziletug’ınlıg’ın aytsa, 13% olardın’ basqa da ilajlardı sho’lkemlestiretug’ınlıg’ın ko’rsetip o’tken, 30% olardın’ qorshag’an orta ha’m insan, a’sirese ana ha’m bala salamatlıg’ın qorg’awda ko’p ku’sh salatug’ınlıg’ın moyınlag’an, 28% bolsa olardın’ iskerliginde ga’ptin’ ko’p, al istin’ az ekenligin aytqan.

---

78 Утегенов О.Д. Жамоат экологик назоратни ҳуқуқий тартибга солиш. Автореферат . Т., 2010.

Bizge ma'lim bolg'anınday, 2008-jılı 2-avgustta Prezidentimiz Islam Karimov usınısı tiykarında ekolog - alımlar, ma'mleketlik emes, kommersiyalıq emes sho'lkemler ha'm ja'miyetshilik baslaması menen O'zbekstan ekologiyalıq ha'reketi du'zildi.

Tiykarınan, bunday praktika, ha'zirgi waqıtta aktuallıq talaplardın' biri bolıp, ol xalıqaralıq normalarg'a tolıg'ı menen sa'ykes keledi. Ekoha'reket sho'lkemi ekologiyalıq ja'miyetlik sho'lkemlerdin' rawajlanıwının' jan'a baslamasın an'latadı. A'sirese o'zlerinin' iskerligin baslag'an ekologiyalıq ja'miyetlik birikpeler ekologiyalıq ha'reket mısalında o'zlerinin' barlıq ha'reketlerin biriktiriw ha'm onı qorshag'an ortalıqtı ha'm adamnın' den sawlıg'ın qorg'awg'a bag'darlaw m6mkinshiligine iye. Respondentlerdin' derlik ha'mmesi bunday baslamanı belgili da'rejede qollap quwatlaydı.

«Oraylıq Aziyanın' ekologiyalıq mashqalaları haqqında pikirin'iz» degen sorawg'a respondentlerdin' 35 % bul biraz qıyın ma'sele, sonda ha'm adamzattın' iygiligine sa'ykes sheshilmese bolmaydı degen pikirdi aytqan, al olardı4 27 % geybir qon'sılas eller bul ma'selege onshelli itibar bermey atırg'anlıg'ın ko'rsetken, 13 % bolsa "Ta'jikistan alyuminiy kompaniyası"nın' jumısın mısalg'a alsaq, bul zavod 35 jıldan berli O'zbekstannın' tu'slik rayonları ta'biyatına, xalqının' salamatlıg'ına, sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwına tek zıyan berip kiyatır dese, 10 % keskin tu'rde Rogun GESinin' qurılısına qarsı, al 12 % bolsa, maqulı: kishi ha'm qa'wipsiz gidroelektrostansiyalar qurılıw kerek degen.

Aral krizisinin' payda bolıw sebebi retinde suw resurslarının' jetispewshiligin, o'zimizdin' ha'm transshegaralıq suw resurslarınan sapalıq ha'm basqarıw standartların saqlaw tiykarında paydalanıw na'tiyjeliginin' jetkilikli da'rejede bolmawı alıp qaraladı. Biraq suw resursları dereklerine jaqın ma'mleketlerdi4 siyasatshılarının', tarmaq basshılarının', belgili jurnalistlerdin' h.b. ashıqtan-ashıq formada suw -bul tovar, ol ha'm gaz, nefttey resurs degen pikirleri tan' qaldıradı. Olardın' pikirleri to'mendegishe ko'riniske iye: milliy shegaralardın' ramkasında qa'liplesken ha'm qon'sılas ma'mleketlerdin' territoriyasında ag'ıstan to'men o'tetug'ın barlıq suw resursları to'lemli bolıwı tiyis. Suwg'a bunday qatnas a'dep-

ikramlılıqtın' a'piwayı normalarına, ulıwmaadamzatlıq prinsiplerge, islamnın' ulıwma qabıl etilgen qag'ıydalarına, bizin' xalıqlarımızdın' tariyxıy qa'liplesken mentalitetine, yag'nıy bolmıstın' kollektivliligine (a'sirese, suw resurslarınan paydalang'anda) sa'ykes kelmeydi.

Usıg'an baylanıslı Qırg'ızstandag'ı Kambaratin GESi, Ta'jikstandag'ı Rogun GESi joybarları keleshekte ku'tilmegen ekologiyalıq aqıbetlerge alıp keliwi mu'mkin ekenligin ko'rsetiwimiz za'ru'r. Mısalı ushın, MKVK ilimiy-xabarlıq orayında (prof S.Duxovnıy, A.Sorokin) 2007 jılı «Osenka vliyaniya Rogunskogo vodoxranilisha na vodnıy rejim Amudari» degen jumıs orınlandı. Avtorlardın' aldınnan ju'rgizgen esaplawları keleshekte Rogun GESinin' iske qosılıwı menen jag'daydın' awırlasatug'ınlıg'ın ko'rsetken. Olardın' pikirinshe, Rogun GESi Nurek GESi menen birlikte energetika bag'darında isleydi, al bul bolsa o'z gezeginde jazg'ı jılawdı qısqa o'tkeriwdi ha'm jazda Amuda'ryanın' orta, a'sirese to'mengi jag'ısında jasalma tu'rde suwdın' kemiyip ketiwine, da'ryanın' an'g'arının' kewip qalıwına alıp keledi. Usıg'an baylanıslı vegatasiyalıq aralıq basqıshta da'rya o'zinin' ta'biyatlıq drenajlıq ta'biyiy funksiyasın joytadı, jıldın' ıssı ma'wsiminde krizislik epidemiologiyalıq jag'dayın jaratsa, qısqı waqıtta qatan' suwıqlar an'g'ardag'ı sen' tıg'ıwg'a alıp keledi»[1].

«Ta'biyat penen ja'miyettin' o'z-ara qatnası, ta'sirindegi ten' salmaqlılıqtın' buzılıwında adamnın' qolı barlıg'ına rastan da isenesiz be?» degen sorawg'a respondentlerdin' 47 % a'lbette isenemen dep juwap berse, 9 % qalay isenbessen', qay jer bolsa sol jerdi baylıq tabamız dep u'n'gip atırg'anı degen, 8% daraxtan zat qalmay baratır, 8% suwlar tartılıp atır aqırı degen pikirlerdi bildirgen, 17% ku'n-ko'riske, ko'birek ma'pleniwge, pul tabıwg'a burılıp baratır ba'ri, al 11% ta'biyattı oylap atırg'an adam joqtay tu'yiledi degen.

Respondentlerdin' 9% ku'n-ko'ristin' ko'zi, normal da'rejede jasawdın' negizi, ba'ri-bir ta'biyatqa barıp tireletug'ınlıg'ın aytqan, 19% ta'biyat penen oynawg'a bolmaydı, 25% ta'biyat hu'rmetke, qorg'alıwg'a ılayıq dese, 17%

---

[1] Аширбеков У. Проблемы и перспективы регионалного регулирования исползования водных ресурсов трансграничных водотоков в Централной Азии // Вести Каракалпакстана. 14 июн 2011 г.

ta’biyat qorg’almasa, ku’n-ko’ris pa’sen’leydi, ulıwma awhalımız awırlasıp bara beredi degen juwmaqqa kelgen, al olardı4 30% ta’biyatqa adamgershilikli qatnas, onnan aqılg’a sıyımlı paydalanıw za’ru’rligin ko’rsetip o’tken. Respondentler ta’biyattı, ulıwma qorshag’an ortalıqtı qorg’awg’a bag’darlang’an xalqımızdın’ a’zeliy da’stu’rine unamlı qatnastı bildirgen. Olardan 24 % ma’selen, terek ju’da’ za’ru’rlik bolmasa, o’siwin toqtatqansha (japırag’ın to’kkenshe ya erte ba’ha’rde) kesilmeydi dese, 18% japlar, salmalar ha’m qudıqlardın’, qullası suwdın’ ha’mme da’reklerinin’ mudamı taza uslap tutılıwı qadag’alanatug’ınlıg’ın aytqan, 24% ta’biyattag’ı tiri jang’a azap beriw, onı biyjo’n o’ltiriw gu’na’degen pikirdi bildirse, 34% ta’biyat kiyeli esaplanadı.

Bulardın’ ha’mmesi belgili bir da’rejede, baslang’ısh formada bolsa da, regionnın’ xalqının’ oyında burın qa’liplesken ta’biyattan sheksiz paydalanıwg’a bag’darlang’an sananı qayta qurıw boyınsha ha’reketlerdi tu’siniwdin’ elementlerinin’ bar ekenligin ko’rsetedi. Basqasha aytqanda, ma’deniyattı ta’biyatqa qarsı qoyıw praktikası emes, al olardın’ o’z-ara baylanısın moyınlaw adamlardın’ ku’ndelikli turmıs ta’rizinin’ ha’m iskerliginin’ ustanovkasına aylang’anlıg’ın ko’rsetedi. Haqıyqattan da, ayrım jag’daylarda geypara adamlar ushın aspandag’ı zavodlardın’ t6tininin’, awıl xojalıg’ında ximikatlardan paydalanıw, transporttın’ u’zliksiz ha’reketi, olardın’ sanının’ da ko’pligi, olardın’ adam o’miri ushın zıyanlı bolıwına qaramastan, civilizaciyanın’ ku’n ko’risi ushın ta’biyiy sanaladı. Usıdan u’lken xalıqtın’ massası ushın ekologiyalıq ma’deniyattı qa’liplestiriw baslang’ısh basqıshta ekenligin ko’riwimizge boladı. (Haqıyqattan da, bizin’ Qaraqalpaqstandag’ı ekologiyalıq jag’daydın’ qa’lplesiwinde ekologiyalıq ma’deniyattın’ to’men da’rejede bolıwı belgili rolge iye bolg’anlıg’ın kim biykarlay aladı).

Usıg’an baylanıslı bu’ginliginde qa’legen ma’mleket ushın ekonomikalıq o’siw, sociallıq qorg’aw menen birge ekologiyalıq turaqlılıq u’lken a’hmiyetke iye bolg’anlıg’ı sebepli ekologiyalıq baqlaw za’ru’r. Bul bag’darda respondentlerdin’ pikirleri to’mendegishe ko’riniske iye: shınında da ta’biyiy ortalıqtın’ qorg’alıwı

nızamlı qadag'alanıp barılmasa bolmaydı (23%), ta'biyiy ortalıqtı u'yreniw ha'm og'an monitoring ju'rgiziw ushın da za'ru'rli (16,6%).

Rejelestirilgen yaki a'melge asırılıp atırg'an xojalıq ha'm basqa tu'rli iskerliktin' ekologiyalıq talaplarg'a muwapıqlılıg'ın belgilew ushın ha'm kerek (14%), ekologiyalıq qa'wipsizlik talapların esapqa alıwdın' ma'jbu'riyligi (47%).

Ta'biyiy ortalıqtı qorg'awda ekologiyalıq baqlawdı a'melge asırıwdag'ı miynet ja'ma'a'tlerinin' ornı ha'm roli barlıq ko'rsetkishleri boyınsha unamlı: miynet ja'ma'a'tleri o'ndiris penen de, basqarıw menen de baylanıslı, ta'biyattı qorg'aw ha'm ekologiyalıq baqlawdı ha'm a'melge asıra aladı (21%), olardın' ta'biyattı qorg'aw boyınsha belsendiligi ayrıqsha (29%), miynet ja'ma'a'tleri ko'terip shıqqan ha'r bir ma'sele, sonın' ishinde ta'biyattı qorg'aw ha'm bul isti a'melge asırıwı ha'r qashan haqıyqıylıq penen ajıralıp turadı (21%), miynet ja'ma'a'tleri bul ma'selede ma'lim qararg'a keliwge ha'm onı a'melge asırıw ushın ulıwma ma'mleketlik da'rejede qarawdı talap etedi (29%).

«Ta'biyattı qorg'aw ha'r bir puqaranın' minneti» degen pikirge qatnasta respondentlerdin' 48% ana ta'biyattı, qorshag'an ortalıqtı qorg'aw, onı a'wladtan-a'wladqa sap, taza halında jetkiziw wazıypası qanımızda ha'm ruwxımızda dep juwap qaytarg'an, al olardın' 12% bul ha'r tu'rli ekologiyalıq buzılıwlardın' aldın alıwg'a imkaniyat beredi dese, 26% ta'biyattı qorg'awg'a baylanıslı puqaralıq belsendilik ta'biyattı qorg'aw, ta'biyiy resurslardan aqılg'a sıyımlı da'rejede paydalanıwg'a baylanıslı ka'rxana, ma'keme basshılarının' juwapkershiligin arttıratug'ınlıg'ın aytqan, al 14% basqa pikirge iye.

Ekologiyalıq problema, qorshag'an ortalıqtı qorg'aw globallıq problema bolg'anlıg'ı sebepli ko'p qırlı. Biraq ol en' aldı menen adamlardın' den sawlıg'ı menen baylanıslı. Sol sebepli ekologiyalıq, sanitariyalıq-gigienalıq qadag'alawdın' barlıq iskerligi qorshag'an ortalıqtı jaqsılawg'a, adamzat o'mirine tikkeley qa'wip tuwdırıwshı onı pataslawshı faktorlardan qutqarıwg'a bag'darlang'an bolıwı tiyis. Usıg'an baylanıslı xalıqtın' den sawlıg'ına tiyisli problemanın' unamlı sheshiliwi menen baylanıslı bolg'an ko'p na'rseler sanitariyalıq-epidemiologiyalıq qadag'alawdan da, ekologiyalıq qadag'alawdan da g'a'rezli.

Sorawnamada ku’ndelikli bolmıstın’ sanitariyalıq-gigienalıq tiykarlarına – miynet, turmıs, dem alıs h.b. tiyisli sorawlar bar.

Bul bag’darda isshi orınlardın’ qolaylılıg’ı o’zgeshe rolge iye. Sebebi adamnın’ ku’nine segiz saatı dem alıs ku’nlerin esaplamag’anda jumıs islewine sarp etiledi.

«Jumıs ornın’ız o’zin’izge qolaylı ma?» degen sorawg’a respondentlerdin’ 39% qolaylı dep juwap berse, 6% qolaysızlıg’ın aytqan, 8% dım qolaysız, bes adam kishkene bo’lmege tıg’ılıp jumıs isleymiz dese, 8% jumıs ornım ha’r qıylı, al 35% jumıs islemeymen dep juwap bergen.

Respondentlerdin’ 29%i «Jumıs ornın’ızda jazdın’ ıssısında, qıstın’ suwıg’ında qalay shıg’ısasız? Jılıtıw, suwıtıw sistemaları qolaylıma?» degen sorawg’a jaqsı dep juwap qaytarg’an, olardın’ 18% orta dep bahalag’an, 12% qısta suwıq, jazda ıssı, qapırıq ekenligin, 21% jazı awırlaw bolatug’ınlıg’ın aytsa, al 20% jumıs ornımızda qolaylılıq joq dep qalay jumıstı taslap ketesen’ degen pikirdi bildirgen.

«Ma’lim adamlar ayag’ınan, belinen ya basınan awırsınıp, vrachqa ko’rinip, onın’ sebebin jumıs ornındag’ı kondisionerden ko’redi. Sizin’ pikirin’iz?» degen sorawg’a respondentlerdin’ 29% kondisionerde ayıp joq, paydalanıp biliw kerek degen, 45% bir na’rse dewge qıynalg’an.

«Siz jumısta ko’p tu’shkiresiz ya jo’telesiz deyik, onın’ sebebin jumıs ornın’ızdın’ biyjag’daylıg’ı menen baylanıstırasız ba?» degen sorawg’a bolsa respondentlerdin’ 43% bul tuwralı oylamappan degen pikirdi aytsa, olardın’ 36% vrachqa ko’ringenimde ol ha’m usı taqılettegi soraw berip edi, shaması jumıs ornının’ qısta jılımaytug’ınlıg’ı, jazda qapırıqlıg’ı, onın’ u’stine o’jirenin’ tar ha’m pa’skeltekligi ba’ri qosılatug’ın shıg’ar dep juwap qaytarg’an, al 21% bir na’rse dewge qıynalaman degen.

Respondentlerdin’ 25% «Juqpalı keselliklerdin’ da’regi ne menen baylanıslı dep oylaysız?» degen sorawg’a a’lbette tazalıqtın’ kemisliginen dese, 36% 8awanın’ pataslanıwınan degen, 18% suwdan, suwdı qaynatıp ishiw kerek dese, 18% jerden o’ngen o’nim ha’m 3arıq emes, pomidor, qıyar, qawın, g’arbızlar ha’m

jaqsı emes, satarman tez pisiremen dep ha’r na’rseni isleydi degen pikirdi bildirgen.

Eger de sanitariyalıq-epidemiologiyalıq xızmettin’ ha’m baqlawdın’ ekspertlerinin’ bergen mag’lıwmatların basshılıqqa alsaq, onda adamlardın’ densawlıg’ı menen baylanıslı bolg’an joqarıda ko’rsetilgen problemalar rabochiy orınnın’ qolaylılıg’ın, tazalıqtı saqlaw h.b. a’hmiyetliligin ko’rsetken halda en’ son’ında atmosfera hawasının’ pataslanıwı, ashıq suw obektlerinin’ de, jerdin’ de ximiyalıq zatlar menen pataslanıwı menen baylanıslı.

Elatlı makanlardın’ atmosfera hawasın pataslawshı komponentleri retinde shan’, azot dioksidi, azot okisi, uglerod okisi, uglevodorodlar ha’m seralı angidridi alıp qaraladı. Usı ko’rsetilgen pataslawshı komponentlerdin’ en’ tiykarg’ısı, ekspertlerdin’ pikirinshe, shan’ bolıp, tekserilgen sınamalarda shan’nın’ anıqlang’an maksimal konsentraciyası 0,6-0,9 mg/m kub a’tirapında boldı (ruxsat etilgen konsentraciyası 0,5 mg/m kub).

**Atmosfera hawasının’ pataslanıwı xarakteristikası**

| | **Qala ha’m rayon oraylarınan** | | | **Awıllıq elatlı ma’ka’nlardan** | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Jıllar | Atmosfera hawası sınamaları sanı | Sonnan sanitariyalıq talapqa juwap bermegen sınamalar | % | Atmosfera hawası sınamaları sanı | Sonnan sanitariyalıq talapqa juwap bermegen sınamalar | % |
| 2006 | 3050 | 364 | 11,9 | 1694 | 152 | 8,9 |
| 2007 | 3978 | 463 | 11,6 | 1154 | 108 | 9,4 |
| 2008 | 2874 | 313 | 10,9 | 1069 | 54 | 5,1 |
| 2009 | 2495 | 325 | 13,1 | 1053 | 83 | 7,8 |
| 2010 | 2491 | 272 | 10,9 | 602 | 53 | 8,8 |

Respublikanın’ ıqlım sharayatının’ spesifikası, topıraqtın’ du’zilisi ha’m jollarg’a to’selgen asfalt qatlamlarının’ tez jemiriliwi, ha’m ayrım jag’daylarda qurılıs jumısların alıp barıwda sanitariya norma qag’ıydalarının’ buzılıwı atmosfera hawasının’ shan’ menen pataslanıwında tiykarg’ı faktorlar bolıp esaplanadı.

Sanitariya epidemiologiya xizmeti ta’repinen respublika boyınsha uu orında ashıq suw obektlerinde suw sınamaların alıw orınları (stvor) belgilengen:

| | Ximiyalıq ko’rsetkishlerge | | | Mikrobiologiyalıq ko’rsetkishlerge | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Jıllar | Alıng’an sınamalar sanı | Sonnan sanitariyalıq talapqa juwap bermegen sınamalar | % | Alıng’an sınamalar sanı | Sonnan sanitariyalıq talapqa juwap bermegen sınamalar | % |
| 2006 | 1797 | 739 | 41,1 | 3411 | 400 | 11,7 |
| 2007 | 1910 | 892 | 46,7 | 3681 | 877 | 23,8 |
| 2008 | 1648 | 842 | 51,1 | 2083 | 372 | 17,8 |
| 2009 | 1895 | 739 | 38,9 | 3639 | 1161 | 31,9 |
| 2010 | 1809 | 646 | 35,6 | 3339 | 1191 | 35,6 |

Tablisada ko’rsetilgenindey ashıq suwlardın’ ximiyalıq quramı boyınsha sanitariyalıq talapqa juwap bermeytug’ın suw sınamaları elede joqarı da’rejede qalmaqta. A’sirese suwdın’ duzlılıg’ı ha’m onın’ ulıwma qattılıg’ı ko’rsetkishleri joqarı bolmaqta. Jıldın’ sentyabr-mart ayları aralıg’ında suwdın’ qattılıg’ı 14-15 mg/ekv/l, onın’ duzlılıg’ı ayrım aylarda 2000-3000,0 mg/l. deyin ko’teriledi. Sonın’ menen qatar suwdın’ mikrobiologiyalıq ko’rsetkishleride keyingi bes jılda 6sh ma’rtebege to’menledi.

Respublika aymag’ında bes orında xojalıq shıg’ındı suwları ashıq suwlarg’a (xojalıq kollektorlarına) taslanadı. Solardan Taxiatash qalalıq kanalizasiyada, Ellikqala ha’m Beruniy rayonlıq medisina birlespesinde shıg’ındı suwlardı tazalawshı qurılmalar bar. Lekin medisina birlespelerinde ornatılg’an shıg’ındı suwlardı tazalawshı KU-200 tipindegi qurılmalar islemeydi.

Respublikalıq sanitariyalıq-epidemiologiyalıq xızmettin’ bergen mag’lıwmatlarına ko’re respublikada topıraqtı o’zlerinin’ shıg’ındı suwları menen pataslawshı 14 obekt bolıp, solardın’ segizinde tazalaw qurılmaları bar. Olardın’ tazalaw na’tiyjeliligi 25-80 procent a’tirapında.

2010 jılda Qaraqalpaqstan Respublikasında tek g’ana u’ylerdin’ kanalizasiya tarmaqları menen ta’miyinlengenligi 25,2 procentti qurag’an. Kanalizasiya tarmaqları menen No’kis qalası 29,8 %, Taxiatash qalası 20,0 %, Xojeli qalası 4,2 %,  Qon’ırat qalası 18,7 % ke ta’miyinlengen.

Elatlı ma’kanlardı qattı xojalıq turmıs shıg’ındılarınan tazalaw, olardı shıg’arıw ha’m za’rersizlendiriw jumısları qala ha’m rayon oraylarında arnawlı

sanitariyalıq tazalaw xızmeti ta'repinen sho'lkemlestirilip, a'melge asırılmaqta. Lekin, qattı xojalıq turmıs shıg'ındıların o'z waqtında alıp, olardı arnawlı orınlarg'a (taslandıxanalarg'a) shıg'arıw ha'm za'rersizlendiriw jumısları 47,0-60% ten aspaydı. Qala ha'm rayonlarda ha'reket etip turg'an shıg'ındılardı taslaw orınları (18 orında) sanitariya talaplarına juwap bermeydi.

Awıllıq elatlı ma'kanlarda qattı xojalıq turmıs shıg'ındıların taslaytug'ın arnawlı orınlar belgilenbegen, sho'lkemlsken tu'rde sanitariyalıq tazalaw jumısları alıp barılmaydı. Xojalıqlarda payda bolg'an turmıs shıg'ındıları u'y qaptalı uchastkaları shetinde qazılg'an shuqanaqlarda ko'milip joq etiledi.

Bul bag'darda «Sorawnamanın'» - «Xalıq jasaytug'ın jerdin' azadalıg'ına ko'z-qarasın'ız?», « SHıg'ındılardı qalay jayg'astırıp atırsız?», «Bilesiz, ha'zir qalalarda shıg'ındılardı alıp ketetug'ın to'lemli ta'rtipte arnawlı mashinalar qoyılg'an. Olardın' xızmetine bahan'ız?» degen u'sh sorawına bergen respondentlerdin' juwapların keltirip o'tiw orınlı dep oylaymız. Birinshi soraw boyınsha respondentlerdin' 57 procenti ha'rbir shan'araq o'zine tiyisli jerdi mudamı taza tutıwg'a a'detleniwi tiyis degen pikirdi qollasa, 14 procenti azadalıq ko'p jag'dayda daraxtın' mollıg'ı ha'm onın' mudamı ku'tiliwi menen baylanıslı deydi, 12 procenti azadalıqtı saqlawda ma'kankomlardın' (aqsaqallar) pidayılıg'ının' za'ru'rligin aytadı, olardın' 17 procenti bir na'rse dewge qıynalg'an.

Ekinshi soraw boyınsha respondentlerdin' 31 procenti shıg'ındılardı arnawlı taslaw orınlarına aparıp taslaymız dese, 21 procenti jer u'lken, en' shetinde jata beredi degen pikirdi aytkan, 18 procenti ko'mip taslaytug'ınlıg'ın, 30% imkaniyatı barınsha o'rtep jiberetug'ınlıg'ın aytqan.

U'shinshi soraw boyınsha respondentlerdin' 20 procenti rastan da ha'm bunday mashinalar sho'lkemlestirilgeni jaqsı boldı degen pikirdi aytsa, 21 procenti bunday mashinalardın' ha'r ha'ptenin' belgilengen ku'ni shıg'ındılardı alıp ketip turg'anlıg'ın ko'rsetip o'tken, al 21 procenti bolsa bunday mashinalardın' da'slebinde waqtında ha'm belgilengen ku'ni kelip turatug'ınlıg'ın, al ha'zir qay ku'ni keletug'ını na'ma'lim bolıp baratırg'anlıg'ın eskertken, olardın' 18 procenti

gey bir makankomlardın' o'z territoriyasındag'ı shıg'ındılardı alıp ketiwge arnawlı mashina emes, al qa'legen ju'k mashinasın jallawg'a ma'jbu'r bolıp atırg'anlıg'ın sezetug'ınlıg'ın aytqan, 20 procenti bul mashinalar jıynalıp qalg'an taslandılardı tasıwg'a mo'ljellenbegenligin ko'rsetken.

M.Tlegenov degen jas ilimpazdın' «Qala shıg'ındıları ma'selesine» atlı maqalasında «shıg'ındılar problemasın sheshiwde olardı ko'mip taslag'ang'a yaki jag'ıp jiberiwge salıstırg'anda qayta islewdin' en' na'tiyjeli usıl ekenligin» aytadı, «sebebi az da'rejede ha'kimiyat subsidlerin talap etedi. Bug'an qosımsha ol energiyanı tejewge ha'm qorshag'an ortalıqtı saqlawg'a mu'mkinshilik beredi. SHıg'ındılardı ko'mip taslaw ushın jer maydanlarının' qunının' normalardın' qatan'lıg'ına baylanıslı o'siwi ku'tiledi, al pechlerdin' bolsa ha'dden tıs qımbat ham qorshag'an ortalıq ushın qa'wipli bolıwına baylanıslı, shıg'ındılardı qayta islewdin' roli ku'nnen-ku'nge o'sse kerek»[79].

---

[79]Тлегенов М. К проблеме городских отходов // Вестник Каракалпакского государственного университета имени Бердаха. №2(3). С.49

**Topıraqtın' sanitariyalıq jag'dayının' xarakteristikası**

| | | | | Za'ha'rli ximikatlarg'a tekserildi | | | Mikrobiologiyalıq ko'rsetkishlerge tekserildi | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Jıllar | Tekserilgen sınamalar sanı, ja'mi | Sanitariya normasına juwap bermegen sınamalar sanı | % | Sınamalar sanı, ja'mi | PDK dan joqarı | % | Sınamalar sanı, ja'mi | PDK dan joqarı | % |
| 2006 | 2834 | 38 | 1,34 | 1127 | 11 | 0,97 | 1227 | 92 | 7,5 |
| 2007 | 5877 | 77 | 4,31 | 1534 | 11 | 0,71 | 1741 | - | - |
| 2008 | 2439 | 143 | 5,9 | 1121 | 5 | 0,44 | 1079 | 61 | 5,6 |
| 2009 | 2634 | 71 | 2,7 | 1564 | 36 | 2,3 | 1455 | 52 | 3,57 |
| 2010 | 2098 | 10 | 0,47 | 911 | 1 | 0,1 | 794 | 7 | 0,9 |

Qaraqalpaqstan Respublikası ta'biyattı qorg'aw Ma'mleketlik komitetinin' arnawlı analitikalıq respublikalıq ma'mleketlik inspeksiyası bag'darı ekspertleri de 2007-2011 jılları qorshag'an ortalıqtı pataslawshı derekler boyınsha monitoringke jiberilgen birinshi, ekinshi kategoriyalı mekemler, ka'rxanalar ha'm xojalıqlarda 2500 sınamalar o'tkergenligine dıqqat awdaradı. Olardan atmosfera hawasın pataslawshı dereklerden – 1686, axaba suw, jer astı ha'm jer u'sti suwlarınan - 608, topıraqtı pataslawshı dereklerden – 210 sınamalar alındı.

Sınamalar boyınsha 4 jıl 6 ay dawamında alıng'an barlıq analizlerdin' jıynag'ı 12811 (fizikalıq-ximiyalıq ha'm gidrobiologiyalıq analizler) quraydı. Olardan atmosfera hawasın pataslawshı dereklerden – 1686, axaba suw, jer astı ha'm jer 6sti suwları dereklerinen – 3196, topıraqtı pataslawshı – 873, al 40 – gidrobiologiyalıq analizlerdi beredi.

Ekspertlerdin' pikirinshe, ayrım ka'rxanalarg'a, mekemelerge, xojalıqlarg'a bul waqıt aralıg'ında qorshag'an ortalıqtı pataslawshı shıg'ındıları ushın 1 224670 sum ko'leminde ja'riyma salıng'an.

Ja'riymanın' salınıwı nızamg'a sa'ykes talap etiledi. Sebebi qa'legen jınayat jazag'a tartılıwı tiyis. Biraq bulardın' ha'mmesi qalay adamlarda huqıqıy ma'deniyattın', ekologiyalıq sananın' qa'liplesiwine ta'sir etiwi mu'mkin, mine usılar haqqında oylanıwımız ha'm ilajlar qabıl etiwimiz kerek boladı.

Sorawnamada sanitariyalıq-epidemiologiyalıq xızmettin’ ha’m ta’biyattı, qorshag’an ortalıqtı qorg’aw bag’darı ta’repinen ekspertlerdin’ bergen mag’lıwmatların respondentler o’z juwapları arqalı anaw yaki mınaw da’rejede tastıyıqlag’an bir neshe sorawlar bar. «Ja’ha’n densawlıqtı saqlaw sho’lkemi qa’nige – alımlardın’ tastıyıqlawınsha hawa tiri organizmler ushın zıyanlı bolg’an ximiyalıq ha’m basqa da zatlar menen pataslang’an. Siz bunı ku’ndelikli turmısın’ızda sezesiz be?» degen sorawg’a respondentlerdin’ 23 procenti «seziledi, qısı-jazı ba’ribir, geybir ku’nleri qayt etkin’ kelgendey bolıp qıslıg’ıp ju’resen’» degen pikirdi aytsa, 28 procenti bas awırıp, qan basım ko’teriletug’ınlıg’ın, 3 procenti ishtey bolmay qalatug’ınlıg’ın bayqasa, 13 procenti sezbegenligin ko’rsetip o’tse, ee procenti bir na’rse dewge qıynalatug’ınlıg’ın bildirgen.

«Mag’lıwmatlarg’a qarag’anda ha’zirgi waqıtta pu’tkil ja’ha’n avtoparklarındag’ı avtomobillerdin’ ulıwma quwatı 15 milliard at ku’shinen asıp ketedi eken. Bir g’ana ju’k avtomobili 1 saat jumıs barısında hawag’a 120 kub metrge jaqın gaz shıg’aradı. Ko’z-qarasın’ız?» degen sorawg’a respondentlerdin’ 45 procenti bul ga’pte jan bar ekenligin moyınlasa, 25 procenti «A’lbette isenemen, bir g’ana No’kistin’ o’zinde mashinalar jollarg’a sıymaydı. Olardan shıqqan gazdın’ jag’ımsız iyisinen dem jetpey qala jazlaydı» degen pikirdi aytadı, al 13 procenti bul ma’sele shınında da awır, onın’ unamlı sheshiliwi za’ru’r degen pikirdi qollasa, al 2 procenti hesh bolmasa ma’lim bag’darlar ushın jer astı jolları salınbasa bolmaydı dese, 15 procenti qorshag’an ortalıqtı pataslawg’a qarsı nızamshılıqtı bekkemlew za’ru’r dep oylaydı.

Belgili ilimpaz Yu.SHadimetov ekologiyalıq jag’daydın’ to’menlewinde transporttın’ rolin ayrıqsha ko’rsetip o’tedi. Onın’ esaplawları boyınsha elimizde atmosferanı pataslawshı shıg’ındılardın’ 60 procenti avtomobil menen baylanıslı.[80] Bul problema analizlengen basqa da miynetler bar. Olardın’ birinde, ilimiy izertlewlerdin’ ko’rsetkenindey, atmosferanı pataslawshı za’ha’rli na’rselerdin’ 40

[80]Шодиметов Ю. Ижтимоий экологияга кириш. Т., 1994. 217-б.

procenti transporttan, 20 procenti ha’r qıylı janıwshı-energetikalıq resurslardan, 15 procenti o’ndiristen,  25 procenti basqa dereklerden bolatug’ınlıg’ı aytılg’an[81].

Bul jerde bir kilogramm otındı jag’ıw ushın 15 kilogramm hawanın’ talap etiletug’ınlıg’ın aytıp o’tiwimiz za’ru’r. Al ko’rsetilgen ko’lemdegi gaz tu’rindegi shıg’ındılar atmosfera hawasının’ 1500 kg pataslaydı.

Biraq, baxıtqa qarsı, atmosfera hawasın pataslawshı faktor sıpatında avtotransport, avtomobil haqqında ekspertlerde mag’lıwmatlar berilmegen. Bul ma’selege ayrıqsha dıqqattı keleshekte qaratpasaq bolmaydı. Sebebi zamanago’y jag’daylarda du’nya ju’zinin’ ha’mmesinde avtomobil da’slebinde qozg’alıs usılı sıpatında payda bolıwına qaramastan, salıstırmalı talaplardı iske asırıw usılına aylandı, onı qanaatlandırıw adamda basqalardan u’stinlikke iye bolıw sezimin payda etti[82]. Sol sebepli onı do’retiw bag’darında du’nya ellerinin’ ekonomikasının’ basım bo’legi a’hmiyetlirek talaplardı qanaatlandırıwg’a zıyan keltirgen halda islemekte. Usıg’an baylanıslı avtomobil ekologiyalıq jag’daydın’ keskinlesiwinin’ tiykarg’ı sebeplerinin’ birine aylang’an (kriminogenlik jag’daylardın’ faktorlarının’ birine aylang’anlıg’ın esapqa almag’anda).

Bul bag’darda qorshag’an ortalıqqa tiygizilip atırg’an pataslawshı basımdı jen’illetiw boyınsha tiyisli organlardan is-ilajlardı islep shıg’ıw talap etiledi: mısalı, respublikanın’ paytaxtında jer astı jolların salıw.

Sorawnamada ishimlik suwının’ deregi haqqında da soraw bar. Respondentlerdin’ 48 procenti ishimlik suwnının’ deregi retinde vodoprovodtı aytsa,  3 procenti jap, salmanı, 8 procenti sırttan a’kelip, bochkag’a, sisternag’a quyıp paydalansa, 10 procenti qon’sılardın’ kranınan paydalanımız  degen, 20 procenti baspa krannan paydalanatug’ınlıg’ın aytqan, 11 procenti bolsa qon’sılardın’ qudıg’ınan suw alatug’ınlıg’ın ko’rsetip o’tken.

Ekspertlerdin’ tastıyıqlawlarına qarag’anda, respublika xalqının’ vodoprovod suwı menen ta’miyinleniwi bu’gingi ku’ni  62,3% quraydı, sonnan qala xalqı

---

[81] Солихужаев С.С. Гигиена Т., 1993. 19-б.
[82] Крапивенский С.Э. Социалная философия М., 1995. с.82

76,5%, al awıl xalqı 53,0%. Al kvartiranın’ (u’ylerdin’) ishimlik suwı menen ta’miyinleniwi respublika boyınsha 68,8% quraydı.

Egerde Qaraqalpaqstanda jaz aylarının’ ıssı keliwin, temperaturanın’ 40-45$^0$ gradustan to’men bolmawı a’dettegidey qubılısqa aylang’anlıg’ın esapqa alsaq, onda adam organizminin’ suwg’a bolg’an talabı normadan jeti-segiz ma’rtebege ko’teriletug’ınlıg’ın aytıp o’tiwimiz tiyis. Bunday jag’day suw menen baylanıslı bolg’an ha’r qıylı keselliklerdin’ payda bolıwına alıp keledi.

A’lbette, bul jerde ko’p na’rse ishimlik suwının’ sapası menen baylanıslı. Baxıtqa qarsı, joqarıda ko’rsetip o’tkenimizdey onın’ sapası ele tolıq da’rejede talapqa juwap bermeydi. Bug’an qosımsha onın’ sapasın izbe-iz tu’rde tekseriw ha’m tiyisli xızmetler ta’repinen ne islew kerekligi haqqındag’ı usınıslar yaki og’an dıqqattı az bolsada qaratpaw adamlardın’ keypiyatına da’rha’l ta’sirin tiygizedi.

«Siz jasap atırg’an jerde ishimlik suwdın’ deregin ha’m onın’ sapasın tekserip kelgen adamlar boldı ma?» degen sorawg’a respondentlerdin’ 30 procenti «bir-eki ma’rte kelip ketkeni yadımda, juwmag’ı ne boldı, bilmeymen» dese, 36 procenti «kelse kelip ju’rgen shıg’ar, o’zim ko’rmedim» degen pikirdi aytqan, 8 procenti «bug’an qızıqpappan, qızıqqanımda da ne o’zgeredi deysen’» dep juwap qaytarg’an, al 26 procenti bolsa «20-30 jıldan berli usı jerde jasayman, ishimlik suwdın’ deregin, sapasın qadag’alap ju’rgen adamdı ko’rmedim» degen.

Adamnın’ den-sawlıg’ı halatının’ ja’miyettin’ ta’biyatqa qatnasının’ tiykarg’ı kriteriy ekenligin tag’ı bir ma’rte aytıp o’tpekshimiz. Sociallıq du’zimnin’ anaw yaki mınaw tu’ri ha’m onın’ barlıq atributı, en’ aldı menen, adamnın’ den-sawlıg’ınan g’a’rezli, onın’ ta’biyatqa qatnasınan, sociallıq qatnasıqlardan, erkinliginen g’a’rezli bahalanadı.

Respondentlerdin’ ayrım sorawlarg’a bergen juwaplarınan, ekspertlerdin’ tastıyıqlawlarınan, statistikalıq mag’lıwmatlardan Qaraqalpaqstandag’ı ekologiyalıq jag’day xalıqtın’ bir neshe keselliklerin keltirip shıg’arg’anlıg’ın ko’riwimizge boladı. Bizge belgili bolg’anınday, kesel adam ha’reket erkinliginen ju’da’ boladı, V.Gegeldin’ tili menen aytqanımızda, kesel adam jat ku’shlerge qarsı

turıw mu'mkinshiligine iye bolmaydı, al kerisinshe, onın' ha'kimiyatının' astında boladı.. Usıg'an baylanıslı, kesellik adamg'a o'z minnetlerin tolıq orınlawg'a mu'mkinshilik bermeydi.

Bul bag'darda «Sorawnamada» bir neshe sorawlar bar. Olardın' ayrımlarının' mazmunın ha'm respondentlerdin' olarg'a bergen juwapların bizler joqarıda bayanlawg'a ha'reket ettik. Biraq shan'arag'ın'ızda nawqasına baylanıslı jumısqa jaramsız bolıp qalıp, napaqada otırg'anlar (invalidler) bar ma? - degen shan'araqta pensiya alatug'ın adamlardın' tikkeley keselliklerinin' tu'rlerine baylanıslı tag'ı da bir soraw bar edi.

Bul sorawg'a bergen juwaplarında respondentler tiykarınan buwın-su'yek (radikulit, ostoexondroz), ju'rek qan tamırı, dem alıw organları keselliklerin atap o'tken.

Bug'an qosımsha respublikamızda ko'plegen adamlardın' ko'z kesselligi, qantlı diabet, bu'yrek, asqazan ishek siteması keselikleri menen awıratug'ınlıg'ın da aytıp o'tiwimiz za'ru'r. Qa'wipli onkologiyalıq keselikler menen kesellengen (100 000 adamg'a 66,9, 1000 adamg'a 2,2 ), al tuberkulezdin' aktiv forması menen kesellengen (100 000 adamg'a 120,7) xalıqtın' sanı da joqarı.

«Sorawnamanın'» bul bo'liminde ko'p qabatlı jaylardag'ı kvartiralardın' qolaylılıg'ı, jasap atırg'an jerdegi monshanın' xızmeti, mektep jasındag'ı balalardın' ha'm jas o'spirimlerdin' ku'n ta'rtibi, emlew - profilaktika orınlarının' sanitariyalıq-texnikalıq ta'repleri, miynet ha'm jeke gigienası, ta'biyattı qorg'awg'a, ekologiyalıq ha'm sanitar-epidemiologiyalıq qadag'alawg'a bag'darlang'an informasiyanı tiykarınan qanday dereklerden alıp turıwı haqqında da respondentlerge bir neshe sorawlar berildi.

A'lbette, ko'p qabatlı jaylardag'ı kvartiralardag'ı qolaylılıqlar da'rha'l ko'zge taslanadı (suw, vanna, dush …). Biraq bular menen birge qolaysızlıqlardın' da bar ekenligin aytıp o'tiwimiz tiyis. Oraylasqan ısıtıw joq esabı, usıg'an baylanıslı qolınan kelgen adam o'z kvartirasına avtonomiyalı qazanxana qurıp alg'an. Ha'r kvartira o'z betinshe qazanxanag'a iye bolar eken, olardan shıqqan tu'tin jılına on eki ay 8a7anı pataslaydı, aqıbetinde o'zimiz onı jutıp otırmız. Sol sebepli

respondentlerdin’ 19 % bul jag’dayg’a o’zinin’ narazılıg’ın bildirdi. Al respondentlerdi4 6 % bunın’ qa’wipsizlik jag’ının’ da jaqsı emes ekenligin atap o’tken.

Tu’ski awqatlanıw waqtının’ qolaylıg’ı menen baylanıslı mekeme ha’m ka’rxana isshilerinde problemanın’ bar ekenligin de aytıp o’tiwimiz tiyis. Bul bag’darda respondentlerdin’ 26 % gaz plita, elektr plita, ıdıs-tabaqtın’ jumıs orınlarında bar bolıwın qolaylıqlardın’ qatarına kirgizgen, al olardın’ 24 % kommersiyalıq asxananın’ barlıg’ın, biraq qımbat ekenligin ko’rsetken, basqaları bolsa jumıs ornında awqatlanıwg’a ma’jbu’r ekenligin, na’wbetlesip tu’slik a’keletug’ınlıg’ın aytqan.

Al jasaw ornındag’ı monshanın’ xızmetine kelsek, respondentlerdin’ ko’pshiligi monshanın’ qalıp jarımag’anlıg’ın aytqan, eger olar bar bolsa, onda olar jeke menshik monshalar bolıp, biraq tazalıq jag’dayı kewildegidey bolmag’anlıg’ı sebepli tu’siwge kewlin’ soqpaydı degen.

Respondentlerdin’ 25 % mektep jasındag’ı balalar ha’m jas o’spirimlerdin’ ku’n ta’rtibi normal a’melge aspasa kerek degen pikirdi bildirgen, 14 % olardın’ ku’n ta’rtibinde awqatlanıw rejiminin’ buzılıwında mektep oqıwshıları ushın asxana, bufetlerdin’ jetispewin ko’rsetken, al respondentlerdi4 32% mektep oqıwshılarının’ bos waqtın mazmunlı (sapalı) sho’lkemlestiriwge dıqqattı ku’sheytiw za’ru’r ekenligin aytqan.

Ka’rxanalardın’ emlew-profilaktika orınlarının’ sanitariyalıq-texnikalıq ta’repleri, miynet ha’m shaxsiy gigienası ma’selesi adamlardın’ ku’ndelikli turmısında en’ a’hmiyetli orınlardın’ birine iye. Bul haqqında respondentlerdin’ pikirleri to’mendegishe ko’riniske iye: jaqsı (24%), ju’da’ jaqsı dey almayman (38 %), ha’tteki qa’nigelestirilgen emlewxanalardın’ palataları da qısta salqın, jazda qapırıq ıssı (22 %), bir na’rse dewge qıynalaman (16 %).

Ta’biyattı qorg’awg’a, ekologiyalıq ha’m sanitariyalıq-gigienalıq qadag’alawg’a baylanıslı mag’lıwmatlardı qay jerden alasız degen de sorawnamada sorawlar bar. Bul bag’darda respondentlerdin’ 62% teleko’rsetiwlerden, 62% gazetalar-jurnallardı, 9% ilimiy, ilimiy-ko’pshilik

jurnallardı, 4% internetti, 1% xızmet babındag'ı hu'jjetlerdi ko'rsetken. Teleko'rsetiw kanallarınan respondentlerdin' 52% «Eshlardı», 19% «Qaraqalpaqstan» telekanalın, 29% «ORT», «Vesti» atap o'tken.

Sorawnamada Qaraqalpaqstan xalqının' ha'zirgi ulıwma jasaw jag'dayı haqqında, eldin' keleshegine baylanıslı da sorawlar respondentlerge berildi. Respondentlerdin' 58% keleshekke optimistlik ko'z qarasta bolsa, 12% ha'zirgi jag'daydın' qanaatlandırmaytug'ınlıg'ın aytqan, 7% hesh ha'm qanaatlandırmaytug'ınlıg'ın ko'rsetken. Respondentlerdin' ko'pshiligi (81%) bizin' keleshegimizdi paraxatshılıq, suwdın' molshılıg'ı menen baylanıstırg'an.

A'lbette, sizlerdin' dıqqatın'ızg'a usınılg'an bul esapta jıynalg'an materialdan qorshag'an ortalıqtı qorg'awdın', a'sirese ta'biyattı, ekologiyalıq ha'm sanitariyalıq-gigienalıq qadag'alawdın', onın' Qaraqalpaqstan Respublikasındag'ı keleshiginin' ha'zirgi halatının' barlıq sorawların qamrap alıw mu'mkinshiligi bolmadı.

Keleshekte bul problemanın' jeke aspektlerin izertlew belgilenbekte. Sog'an qaramastan, bizin' izertlewimizdin' baslang'ısh basqıshınan ta'biyattı qorg'aw, Qaraqalpaqstan Respublikasındag'ı ekologiyalıq ha'm sanitariyalıq-gigienalıq qadag'alawdın' na'tiyjeligi huqıq qorg'aw organlarının' da, ta'biyattı qorg'aw organlarının' da ha'm medisinalıq, oqıw-ta'rbiyalıq, u'git-na'siyatlıq, ilimiy-izertlew bag'darının' da, g'alaba xabar usıllarının' h.b. aktivliliginen ha'm juwapkershiliginen g'a'rezli ekenligin ko'rsetedi. Bul bag'darlardın' ha'mmesinde de berilgen problemag'a xalıqaralıq, regionallıq, respublikalıq masshtabtag'ı qatnas bir pu'tinlikke biriktiriledi. Juwmaqlap aytqanda, to'mendegi usınıslardı basshılıqqa alıw maqsetke muwapıq bolar edi:

1.Qaraqalpaqstan Respublikasında ekologiyalıq krizistin' sheshiliw quramalılıg'ın esapqa alg'an halda ekologiyalıq, sanitariyalıq-epidemiologiyalıq qadag'alaw ma'selelerin Oraylıq Aziya ma'mleketleri da'rejesinde qaraw za'ru'r bolsa kerek.

2. Ta'biyat ha'm ja'miyettin' o'z-ara qatnasının' birinshi o'lshemi retinde adamnın' den sawlıg'ının' alıp qaralatug'ınlıg'ın esapqa alg'an halda, tiyisli

organlardan ekologiyalıq etiologiyag'a iye kesellerdi emlew ha'm aldın alıwdı qadag'alawdı ku'sheytiw talap etiledi.

3. Qorshag'an ortalıqtı, a'sirese ta'biyattı qorg'awda nızamnın' qatan' tu'rde saqlanıwı za'ru'r.

4. Ha'r qıylı ma'mleketlik emes, kommersiyalıq emes sho'lkemlerdin', miynet kollektivlerinin' ekologiyalıq ha'reketler, huqıq qorg'aw uyımları menen birliktegi mu'mkin bolg'an ha'reketlerin (a'lbette nızam shegarasında) ku'sheytiw za'ru'r.

5. Mekemler, ka'rxanalar temeki shegiwdi og'an ajıratılg'an arnawlı orınlarda g'ana iske asırıwı tiyis.

6. Tog'aylar monitoringin u'zliksiz alıp barıw kerek. Olardın' «a'sten, elespesiz» joq bolıp ketiwi xalıqtın' o'mirine potensial qa'wip tuwg'ızadı.

7. Joqarıda ko'rsetkenimizdey, respondentlerdin' tek g'ana 19% ta'biyattı qorg'aw, ekologiyalıq, sanitariyalıq-epidemiologiyalıq qadag'alaw haqqında mag'lıwmattı Qaraqalpaqstan teleko'rsetiwinen alatug'ınlıg'ın aytqan. Sol sebepli Qaraqalpaqstan teleko'rsetiwi neler haqqında oylaw kerekligine anıqlıq kirgiziwi tiyis.

8. Basqarıw organlarının', ministrliklerdin', birlespelerdin' basshılarının' h.b. en' baslı minnetlerinin' biri retinde tereklerdi ko'gertiw (ko'klemlestiriw) alıp qaralıwı tiyis.

9. Qaraqlapaqstan paytaxtının' orayınan dem alıw parkin do'retiw ushın territoriya ajıratılıwı tiyis.

## Juwmaqlaw

Bul berilgen pitkeriw qa’nigelik jumısımızda bizler civilizaciyalıq rawajlanıwdın’ jan’a tipine o’tiwdin’ za’ru’rligin da’lillewge, keleshektin’ ruwxıy civilizaciyasının’ eydosın qa’liplestiriwge ha’reket ettik. Sociallıq reallıq ekologiyalıq – gumanistlik civilizaciyasına ta’n bolg’an garmoniyanın’ jetikliginen uzaqta ekenligin biz jaqsı tu’sinemiz. Keyingi izertlewlerdin’ tiykarg’ı wazıypasın jan’a civilizaciyanın’ qa’driyatlarına sa’ykes keliwshi adamnın’ sapaların ta’rbiyalawdın’ ilimiy da’lillengen sistemasın qa’liplestiriw, bizin’ ja’miyetimizdin’ turmısında civilizaciyalıq idealdın’ iske asırıwdın’ sociallıq texnologiyaların ha’m evolyuciyalıq jolların du’ziw, ha’m de qa’driyat ha’m fakt, bolıw kerek mazmun ha’m bar mazmunnın’, teoriya ha’m praktikanın’ arasındag’ı qarsılıqtı sheshiwdin’ jan’a jolların izlew beredi.

Ha’zirgi zaman civilizaciyalıq rawajlanıwının’ qa’driyatlıq tiykarların ha’m perspektivaların filosofiyalıq jaqtan tu’siniw procesi filosofiyanın’ o’zin transformasiyalaw, rawajlandırıw ha’m rekonstruksiyalaw za’ru’rligin keltirip shıg’aradı. Bir so’z benen aytqanda, bizlerdin’ aldımızda jan’a civilizaciyanın’ filosofiyasın rawajlandırıw ma’selesi turadı.

## Paydalanılg'an a'debiyatlar dizimi

1. Karimov I. Yangicha fikrlash va ishlash davr talabi. T., 1997.

2. Karimov I. Yuksak manaviyat – engilmas kuch. T., 2008.

3. Karimov I.A. «Ku'shli ma'mleketten ku'shli ja'miyetke qaray». T.: «SHarq» , 1998.

4.Karimov I.A. Vatanimizning bosqichma-bosqich va barqaror rivojlanishini taminlash – bizning oliy maqsadimizdir. – T.: «O'zbekiston», 2009.

5. Karimov I.A. Wzbekiston - bozor munosabatlariga wtishning wziga xos yuli //Wzbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siesat, mafkura. 1-jild. T., 1996. 274-359

5Akopyan K.Z. Predelı globalizasii (kultura v kontekste globalizasionnıx processov).//Predelı globalizasii. Materialı postoyanno deystvuyushego mejdissiplinarnogo seminara Kluba uchenıx «Globalnıy mir». M., 2002. S.47.

6.Anatomiya krizisov. M., 1999. S.182

7.Ashirbekov U. Ekologicheskie i socialno-ekonomicheskie aspektı YUjnogo Priaralya // Vesti Karakalpakstana. 28 maya. 2002

8. Ashirbekov U. Problemı i perspektivı regionalnogo regulirovaniya ispolzovaniya vodnıx resursov transgranichnıx vodotokov v Sentralnoy Azii // Vesti Karakalpakstana. 14 iyun 2011 g.

9.Buzgalin A.V. «Postindustrialnoe obshestvo» - tupikovaya vetv socialnogo razvitiya?//Voprosı filosofii. 2002. №5.

10. Bergson N.A. Tvorcheskaya evolyusiya. M., 1998. S.215

11.Bushuev V.V., Golubev V.S. indeksı socialno-prirodnogo razvitiya Rossii i stran mira //Obshestvennıe nauki i sovremennost. 2001. S.162.

12. Vasilev L.S. Istoriya Vostoka. V 2-x t. M., 1994.

13. Veber A. Ustoychivoe razvitie kak socialnaya problema . M., 1999. S.49

14. Lapin N.I. Problema sosiokulturnoy transformasii//Voprosı filosofii.2000. №6. S.7.

15. Lektorskiy V.A. Deyatelnostnıy podxod: smert ili vozrojdenie? //Voprosı filosofii. 2001.№2. S.62

16. Glazovskiy N.F. Aralskiy krizis. M., 1991. s.7

17. Gor El. Zemlya na chashe vesov. Ekologiya i chelovechksiy dux. M., 1993.S.17
18. Gorelov A.A. Evolyusiya kulturı i ekologiya. M.,2002. S.184
19. Girusov E.V. «Avtotrofnost kak novaya paradigma socialnogo razvitiya» //Realii noosfernogo razvitiya. M., 2003;
20. Diligenskiy G.G. Kones istorii ili smena sivilizasiy? //Sivilizasii. Vıp.2. M., 1993. S.49
21. Inozemsev V.L. Raskolotaya civilizaciya. M., 1999.
22. Kandinskiy V.O. O duxovnosti v iskusstve. L., 1990. S.11
23. Koptyug V.A. Konferensiya OON po okrujayushey srede i razvitiyu. (Rio-de-Janeyro, 1992 g.). Informasionnıy obzor. Novosibirsk, 1992. S.24
24. Klimenko V.V., Klimenko A.V., Andreychenko T.N., Dovgalyuk V.V.,
25. Kochetov E. G. Globalistika. M., 2001.
26. Kelle V.J. Sootnoshenie formasionnogo i sivilizasionnogo podxodov k analizu istoricheskogo processa //Sivilizasii. Vıp.2., M., 1999. S.32, 29
27. Kallo E. Kulturnoe nasledie kak osnova sivilizasii//Sravnitelnoe izuchenie sivilizasiy. M., 1998. S.83
28. Krapivenskiy S.E. Socialnaya filosofiya M., 1995 s.82
29. Lektorskiy V.A. Gumanizm kak ideal i kak realnost//Ideal, utopiya i kriticheskaya refleksiya. M., 1996. S.109.
30. Maslou A. Novıe rubeji chelovecheskoy prirodı. M., 1999. S. 24-319
31. Mikeshina O.V., Tereshin A.G. Znergiya. Priroda. Klimat. M., 1997.
32. Mitroxin L.N. Filosofiya religii: novıe perspektivı//Voprosı filosofii. 2003 №8. S.25
33. Novikov A.A. O paradoksax ideala//Ideal, utopiya i kriticheskaya refleksiya. M.,1996. S.155
34. Rikkert G. O ponyatii filosofii //Logos. Kn.1. M., 1910. S.33, 162.
35. Rozov N.S. Filosofiya gumanitarnogo obrazovaniya. M., 1993. S.91-100.
36. Prigojin I.R., Stengers I. Vremya, xaos, kvant. M., 1994.

37. Programma deystviy. Poıestka dnya na XXI vek i drugie dokumentı konferensiy v Rio-de-Janeyro. Jeneva.1994. S.1
38. Pechchei A. CHelovecheskie kachestva. M., 1980;
39. Sorokin P.A. Glavnıe tendensii nashego vremeni. M., 1997;
40. Stepin V. Samorazvivayushiesya sistemı i postneklassicheskaya rasionalnost //Voprosı filosofii. №8. 2003;
41. Stepin V.S.Epoxa peremen i ssenarii budushego. M., 1996,
42. Stepun F.A. Bıvshee i nesbıvsheesya. London, 1990. S.187
43. Sorokin P. CHelovek. Civilizaciya. Obshestvo. M., 1992. S. .503.
44. Solixujaev S.S. Gigiena T., 1993 19-b.
45. Tlegenov M. K probleme gorodskix otxodov // Vestnik Karakalpakskogo gosudarstvennogo universiteta imeni Berdaxa. №2(3). S.49
46. Tolstıx V.I. Civilizaciya i modernizasiya v kontekste globalizasii //Filosofiya, nauka, civilizaciya. M., S.270-271.
47. Toynbi A.Dj. Postijenie istorii. M.,1991. S. 241
48. Toynbi A. Civilizaciya pered sudom istorii. SPb., 1996. S.133
49. Uaytxed A.N. Izbrannıe rabotı po filosofii. M., 1990. S.643-702
50. Utegenov O.D. Jamoat ekologik nazoratni huquqiy tartibga solish. Avtoreferat . T., 2010.
51. Ursul A.D. Put v noosferu. Konsepsiya vıjivaniya i ustoychivogo razvitiya sivilizasii. M.,1993.
52. YAkoves YU.V. Siklı. Krizisı. Prognozı. M., 1999.
53. .YAkoves YU.V. Globalizasiya i vzaimodeystvie sivilizasiy. M., 2001, s.318
54. YAkoves YU.V. Vzaimodeystvie sivilizasiy Vostoka i Zapada: osevaya problema XXI veka. M., 2001
55. SHevchenko V.N. Smısl istorii segodnya i problemı sozdaniya mira kak novoy socialnoy realnosti //Istoriya i obshestvo: problemı razvitiya cheloveka. M., 1988. S.37.
56. SHodimetov YU. Ijtimoiy ekologiyaga kirish. T., 1994 217-b.
57.Melko M. The Nature of Sivilization. Boston. 1996. R.9

58. Quoted in “Environmental Ethiss”. Vol.10. Athens, 1988. R228.
59. Sallisot M.(ed). Sompanion to a Sand Sounty Almanas. Madison: The University of Wissonsion Press, 1987
60. Leopold A. A Sand Sounty Almanas. New York. 1968. R. 224-225.
61.Boutros Boutros Ghalli. Exrasts from slosing UNSED statement, in an UNSED summary, June 14,1992.
62.Norgaard R. Sustainable development: a soevolutionary point of view//Future,20(6). R.617.
63. See: OESD Environmental Outlook. Paris, 2001. R. 59, 91, 146, 151, 237.
64. Weizsaesker E.U., Lovins A.B. Lovins L.H. Fastor Four. Doubling Wealth – Having Resourse Use. A report to the Slub of Rome. London. 1997.
65. Losal Knowledge, Ansients Wisdom. – East-West Senter, 1991. R.3
66. Marshall A. Prinsiples of Esonomiss. Vol.I. L.,1961. R.65